Урокан цIе: Дош. Предложени. Текст. Предложенин тайпанаш.

Iалашо: 3-чу классехь lамийнарг карладаккхар: предложени, текст стенах олу, уьш вовшех муха къасто деза; аларан Iалашоне хьаьжжина предложенеш маса тайпана хьулу.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна хуур ду дош преложенех къасто, преложенеш дешнех лаьтташ хилар; хуур ду, аларан Iалашоне хьаьжжина, предложенин тайпанаш билгалдаха.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а, царех пайдаэца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.

Познавательни: берашна хуур ду преложенеш йало. Iемар ду дош, преложени вовшех къасто, дешнех преложенеш хIитто, церан тайпанаш билгалдаха.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар. I.

Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор (мотивацин мур).

Цхьа шатайпа башха де ду тахана. Массо а самукъане ву кху чохь. Вай ганза дикка хан йаьллера. Цундела, вай вовшех дага а девлла, дIайолор йу вешан урок. АллахIа беркате дойла керла дешаран шо а. Кхиамаш хьуьлда вайн!

Таханлерчу урокехь дуккха а пайдехь дерг хуур ду вайна, 3-чу классехь Iамийнарг карла а доккхур ду, хаарш шор а дийр ду.

-Шеран муьлха зама йу тIейеанарг? (Гуьйре).



Ловзаран кеп «Дош – магнит».

Классан у тIехь дIайаздина ду дош «ГУЬЙРЕ».

-ХIун синхаамаш бу шун хIокху дашца богIуш? Дешархоша даладо шайна девза къамелан дакъош (цIердешнаш, билгалдешнаш, хандешнаш иштта дI. кх.).

Гуьйре - дашо, исбаьхьа, токхе, можа гIаш, кхоьлина де, дерз, кхоьлина стигал…

-Шалха мукъа элпашна буха цхьа сиз хьакха, шалха мукъаза элпашна буха ши сиз хьакха.

-КхоалгIачу дашера схьайазде доьалгIа элп (аь), ворхIалгIачу дашера схьайазде шолгIа элп (оь).

ЦIена йаздаран минот.

У тIехь хьехархочо гайтинчу кепаца йаздар

Аь аь

Оь оь

III. Хаарийн актуализаци йар

Нийса хетарг билгалдаккха. (Ловзаран кеп (хIаъ-хIанхIа))

I. Аьзнаш йозанехь элпашца билгалдохий? (хIаъ)

2. Дешнаш аьзнех лаьттий? (хIанхIа)

3. Дешнаш элпех лаьттий?

4. Дешнаш дакъошка декъалой?

5. Предложени дешнех лаьттий?

6. Предложени элпех лаьттий?

7. Текст предложенех кхоллалой?

8. Текст дешдакъойх кхоллалой?

-ХIара тIедиллар кхочушдахь, вайна хуур ду, стенах лаьцна дуьйцур ду таханлерчу урокехь.
Дешархошна хьалха ду карточкаш.

 шишша цхьаьна болх.

I могIа (Iряд) – дешнаш.
2 могIа (2 ряд) – предложенеш
3 могIа (3ряд) – текст

-Стенах лаьцна дуьйцур ду таханлерчу урокехь? (Дешнех, предложенех, текстах).

IV. Керла тема хьехар.

-Предложени стенах олу?

(Предложени – иза кхочушхилла ойла гойту маьIница дозаделла дош йа масех дош ду).

-Текст стенах олу?

Текст – иза маьIница а, цхьана темица а вовшах йозайелла предложенеш йу).

-ХIун тайпа хуьлу тексташ?

(Вай къамелехь пайдаоьцу текст-хаамах, текст-суртхIоттурах, текстойлайарх).

Iамийнарг карладаккхар.

Барта кхочушдо 3-гIа шардар, агIо 4.

-Стенах лаьцна дуьйцу текстехь? (йозанех)

-Дийца муьлхачу къамелан тайпанах йу хIара текст. (текст-хаам) -ДIайазйе кхоалгIа предложени, коьртачу меженашна кIел сиз хьакха.

Ширачу заманахь суьртийн йоза лелош хилла.

-Аларан Iалашоне хаьжжина хIун тайпа предложени йу иза? (дийцаран)

-Кхин муьлхачу тайпана хуьлу предложенеш? (хаттаран, айдаран). Даладе масалш.

СадаIаран миноташ. *Мархаш догIанах йассало: -*

Дола, догIа, дола!
Чуьппалгаш а кхиссало,
- Мала, кIа, ахь мала.
КIено охьатаьIий,
Молу, молу, молу.
Мела догIа, ца соцуш,
ДогIу,догIу, догIу.

V. IамийнаргтIечIагIдар Гуьйре, хаза, тlекхечи.

ДIадоьлхуш, ду, махка, олхазарш, бовхачу.

Дуьйладелла, деша, бераш.

Доьшур, оха, дика.

Хаза, ишколехь, ду.

-Хlора могlанерчу дешнех предложенеш хlиттайе.

Кеп: Олхазарш бовхачу махка дIадоьлхуш ду.

VI. ЖамI дар.

-Стенах олу предложени?

-Аларан Iалашоне хьаьжжина, хIун тайпа хуьлу предложенеш?

-Муьлха сацаран хьаьркаш дохку предложенин чаккхенга? Даладе масалш.

-Стенах кхоллало текст?

VII. ЦIахь бан болх балар.

Кхочушде 5-гIа шардар (агIо 5).

VII. Рефлекси. «Сан синхаам». Дешархочо сурт схьа а оьций шен синхаамца догIучу тIегIан тIе хIоттадо.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

2-гIа урок

Урокан цIе: Предложенин меженаш.

Iалашо: Предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш йовзийтар. Уьш йозанехь билгалйаха Iамор

Кхочушдан лерина жамIаш

I. Предметни: берашна йевзар йу предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш. Iемар ду уьш йозанехь билгалйаха. Берашна хуур ду нохчийн маттахь предложени меженашца толлуш сказуеми дуьххьара билгал доккхуш хилар.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Iемар ду шайн белхан план хIотто. Шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIабахьа. Берашна хуур ду книги тIехь шайна оьшу гIирс каро, цунах пайдаэца.

Коммуникативни: берашна хуур ду шайн тобанашца болх дIабахьа. Вовшийн кхиамех баккхийбен Iемар ду. Хуур ду шайна оьшург хатта, шайга хаьттинчунна масалш далорца бакъдеш, жоп дала.

Познавательни: берашна йевзар йу предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш. Хуур ду маьIница уьш каро, царна хаттарш дала. Берашна Iемар ду схеманашна предложенеш каро, уьш билгалйаха. Берашна хуур ду предложенин коьртачу меженел совнах коьртаза меженаш хилар.

3. Личностни: берашна Iемар ду ненан маттах дозалла дан, лаам хир бу и бовза, Iамо. Берашна хуур ду дешар шайна оьшуш хилар, лаам хир бу дешарехь кхиамаш баха.

Урок дIайахьар. I.

Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор (мотивацин мур).

Шийла йу мел йолу Іуьйре. Беркате
шуьйра тІам хецна, Меллаша
тІегІерта гуьйре.
Хьаннаш йу дашо бос эцна. (Зайнап Сулейманова)



-ГІуьйренан муьлха билгалонаш гойту авторо?

- «Хьаннаш йу дашо бос эцна» бохучух муха кхета шу?

ЦІена йаздаран минот.

-Лакхара текст йуккъера билгалдаха мукъаза шалха элпаш. (тІ, гІ, хь)

ТІ тІ ГІ гІ Хь хь

-ХІара элпаш йуккъехь долуш шишша дош дІайазде.

ЦІахь бина болх таллар (*5-гІа шардар (агІо 5).*

ІІІ. Хаарийн актуализаци.

 Тобанашкахь болх.

І-ра тІедиллар (І-ра тоба)

1. Дийца, аларан Іалашоне хьаьжжина муьлха тайпанаш хуьлу предложенин. Даладе масалш.
2. ХІокху предложенийн чаккхенгахь хІиттайе оьшуш йолу сацаран хьаьркаш:
   а) ТІекхечи токхе гуьйре
   б) Ма хаза йу даймехкан суьйре
   в) Шуна деша лаьий

2-гІа тІедиллар (2-гІа тоба)

1. Хила йезачу интонацица дІайеша текст (7-гІа шардар, агІо 6).

2. Коьртачу меженашна буха сиз хьакха.

-ДІайазйе предложени. Билгалйаха коьрта а, коьртаза а меженаш.

Дешархой хьехархочуьнца луьстачу хуьнах бахара. -Муьлха

меженаш йу коьрта? (подлежащи, сказуеми)

ДІайазйе диктант. Барта жоьпаш ло хаттаршна.

Марем йоьалгІачу классехь доьшуш йу. Мукъачу дийнахь Ведана йахара Марем бабица. Кхетта малх бара, амма йовха йацара. Хи шийла дара. Цигахь керла накъостий бевзира цунна.

1. Предложенийн коьртачу меженийн цІераш йаха.
2. Подлежащино хІун гойту. Муьлхачу хаттаршна жоп ло цо?
3. Сказуемино хІун гойту. Муьлхачу хаттаршна жоп ло цо?
4. Кхин муьлха меженаш хуьлу предложенин?

IV. Іамийнарг карладаккхар. *Кхочушдо 9-гІа шардар, агІо 7.*

ДІадеша «Хьоме мохк» дийцар. Дийца, муьлха гІуллакхаш кхочушдира дешархоша хьуьнхахь. Жоп лучу хенахь **оха** бохучу дешан метта **дешархой, бераш, цара** дешнаш даладе.

СадаІаран миноташ.

ЭхІ, ма хаза бу-кха иза!
Муттанах и ма бу буьзна.
Куьг ахь кховдош лаккха,
Іаж цу тІера баккха.
Мохо генаш лестадо,
Соьга Іаж ца баккхало.
Кхоссалуш, куьг кховдор ду,
Сихха Іаж схьабоккхур бу!
ЭхІ !Ма Іаж бу-кха иза!
Муттанах и ма бу буьзна.

V. Іамийнарг тІечІагІдар

-ДIадеша дешнаш. Шина бIогIамалге дIайазде дешнаш (хьалхарчу бIогIамалге-подлежащи, шолгIачу-сказуеми хила тарлурш).

Гуьйре, бераш, тIекхечи, олхазарш, дахделла, ловзу, дIадахна, гIаш, горгали, денош, мажделла, бека.

Нийса жоп:

Подлежащи	**Сказуеми**
Гуьйре	ТIекхечи
Бераш	Дахделла
Олхазарш	Ловзу ГIаш
ДIадахана	
Горгали	Мажделла
Денош	Бека

Кхолларалли тIедиллар.

-Предложенеш хIиттайе дешнех, кIел сиз хьакха.

Кеп: Горгали бека. Гуьйре тIекхечи.

VI. ЖамI дар.

1. ЦIераш йаха предложенийн коьртачу меженийн.
2. Подлежащино хIун гойту. Муьлхачу хаттаршна жоп ло цо? Даладе масалш.
3. Сказуемино хIун гойту. Муьлхачу хаттаршна жоп ло цо? Даладе масалш.

VII. ЦIахь бан болх балар.

Кхочушде I0-гIа шардар (агIо 7).

Коьртачу меженашна кIел сиз хьокхуш, схьайазйе предложенеш.

VIII. Рефлекси.

Хаарийн ламин тІегІанаш



Кху тІехь йерзайо вай вешан урок.

Іодика йойла шун! Марша Іойла шу!

3-гIа урок

Урокан цIе: Дешнийн цхьаьнакхетарш.

Iалашо: Дешнийн вовшашца йолчу уьйрах кхетор, дешнашна йуккъехь нийса хаттарш хIитто хаар. Коьрта а, дозуш долу дош а муьлха ду кхетор. Дешнийн цхьанакхетарш предложенина йукъара схьакъасто хаар.

Кхочушдан лерина жамIаш

I.Предметни: бераш кхетар ду дешнийн вовшашца йолчу уьйрах. Iемар ду дешнашна йукъахь нийса хаттар хIотто а, коьрта а, дозуш долу дош муьлха ду. Iемар ду дешнийн цхьанакхетарш хIитто, уьш предложенина йуккъера схьакаро.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Iемар ду шайн белхан план хIотто. Шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIабахьа. Берашна хуур ду книги тIехь шайна оьшу гIирс каро, цунах пайдаэца.

Коммуникативни: берашна хуур ду шайн тобанашца болх дIабахьа. Вовшийн кхиамех баккхийбен а Iемар ду. Хуур ду шайна оьшург хатта, шайга хаьттинчунна масалш далорца бакъдеш, жоп дала.

Познавательни: берашна девзар ду дешнийн цхьанакхетарехь коьрта а, дозуш долу а дешнаш. Хуур ду маьIница уьш каро, царна хаттарш дала. Предложенехь уьш билгалйаха, царна схеманаш хIитто

3. Личностни: берашна Iемар ду ненан маттах дозалла дан, лаам хир бу и бовза, Iамо. Берашна хуур ду дешар шайна оьшуш хилар, лаам хир бу дешарехь кхиамаш баха.

Урок дIайахьар. I.

Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор (мотивацин мур).

Хаза бІаьргаш, нуьре йаххьаш.
Самукъане ду шу тахна. Дика
деша, хаза йаздан, Ишколе шу
схьадаьхкина.

-Байтан кийсакехь схьакараде подлежащи, сказуеми.
-МаьІница вовшех дозаделла дешнаш дуй текстехь?

ЦІена йаздаран миноташ. (ДІайазде хІара элп, даладе масалш).

ххь
цІеххьана дуьххьара

ЦІахь бина болх таллар (*І0-гІа шардар (агІо 7).*

ІІІ. Хаарийн актуализаци



Тобанашкахь болх.

1-ра тІедиллар (1-ра тоба)

ДІайазйе предложенеш. Коьртачу меженашна кІел сиз хьакха. Цхьа дош вукху дашах дозуш долу дешнийн цхьанакхетарш тІера схьайазде.

Хаза ду Даймехкан Іалам. Лекха лаьмнаш. Шийла шовданаш. Стоьмех йуьзна бошмаш. Бехачу новкъа дІаоьху хиш.

Кеп: Хаза ду (хІун?) Іалам.

2-гІа тІедиллар (2-гІа тоба)

-ХІокху предложенийн чаккхенгахь хІиттайе оьшуш йолу сацаран хьаьркаш:

а) Ломахь суьйренаш шийла хуьлу

б) Ломахь хиллий шу

в) Ма хаза йу даймехкан суьйренаш

-ДIайазйе предложенеш. Коьртачу меженашна кIел сиз хьакха. Цхьа дош вукху дашах дозуш долу дешнийн цхьанакхетарш тIера схьайазде.

Ишколан майданахь ловзура бераш. Берийн самукъадолура вовшех. Дийца керланиг карадора царна. ЦIа баха сиха ца хуьлура уьш.

Кеп: Ловзура (муьлш?) бераш.

- Предложенехь дешнаш вовшашца муха дозаделла хуьлу?

- **Дешнаш предложенехь вовшех дозаделла хуьлу маьIница а, грамматически а. Предложенин цхьана меженна тIера вукхунна хаттар хIотто тарло.**

Дешнийн цхьаьнакхетар – иза цхьаъ вукхунах дозуш долу вовшашца дозаделла ши дош ду.

Бовхачу махка дIадахара олхазарш.

Схема: бовхачу (муьлхачу?) махка - дешнийн цхьаьнакхетар.

IV. Iамийнарг карладаккхар.

Кхолларалли болх. Предложенеш а хIиттайай, дIайазйе текст.

Аьхке дагалацар.

1. *Аьхка, дара, деха, денош.*
2. *Малхо, хоьцура, комаьрша, дашо, зIаьнарш, шен.*
3. *Луьйчура, чIерий, бераш, хи чохь, луьйцура.*
4. *Тайп-тайпана, дара, олхазарш, хьуьнхахь.*
5. *Йоккхура, аьхка, сакъералуш, чIогIа, бераша, хан.*

-ШолгIачу предложенера коьрта меженашна кIел сиз хьакха. Дешнийн цхьаьнакхетарш схьалаха цу предложенера.

Нийса жоп: Малхо комаьрша хоьцура шен дашо зIаьнарш. (комаьрша хоьцура, шен зIаьнарш, дашо зIаьнарш) **СадаIаран миноташ.**

Вай йаздира, йаздира,
Куьйган пIелгаш кIадделира.
Вай жима садоIур ду, ТIаккха
йуха а йаздийр ду.

V. IамийнарГ тIечIагIдар -У тIе а, тетрадаш тIе а дIайазйо преложенеш:

Горгали бийкира. Чекхйевлира урокаш. Бераш цIа дахара. Тийналла дIахIоьттира ишколан майданахь.

-Предложенин коьртачу меженашна буха сиз хьакха.
-Дешнийн цхьанакхетарш къастаде.

VI. ЖамI дар.

1. ЦIераш йаха предложенийн коьртачу меженийн.
2. Предложенехь дешнаш вовшашца муха дозаделла хуьлу?
3. Стенах олу дешнийн цхьанакхетар? Даладе масалш.

VII. ЦIахь бан болх балар. Кхолларалли болх (дешнийн эвсаралла совйаккхар).

1. Йазде доттагIчуьнга кехат.
2. Схьалаха дешнийн цхьанакхетарш.
3. Текст бохург хIун ду?
4. Тескт ала мегар дуй ахь йаздинчу кехатах?

VIII. Рефлекси «Светофор».

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайд ехь йара.

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира.

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.

4-гІа урок

Урокан цІе: Талламан болх «ЧІегІардиг» (І5-гІа шардар, агІо 10).

Іалашо: нийсайаздаран бакъонаш таллар; Іамийнарг карладаккхар.

Кхочушдан лерина жамІаш:

І.Предметни: берашна йевзар йу шайн гІорасиз йолу агІонаш.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Іемар ду гІалаташ ца дохуш йаздан, нийсайаздаран бакъонаш ларйан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шаьш Іамийначух пайда эца.
- **Познавательни:** берашна Іемар ду оьшучохь цІоьмалг йуьллуш, текстана тІехь болхбан.

3.Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Іамо.

Урок дІайахьар. І.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

ІІ. Ойла тІейерзор (мотивацин мур).

Дешар-серло, цадешар-бода.

-Дийцал бераш, шаьш муха кхета кху кицанах.

ІІІ. Керла тема хьехар.

Тахана вай йазйийр йу талламан диктант «ЧІегІардиг».

Хьехархочо дІайоьшу текст.

Ца кхеташ дешнаш делахь, царна тІехь болх бо.

ЧІегІардиг



ЧIегIардиг тхо долчу бIаьста схьадогIу, гурахь хьалххе къилбехьа дIадоьду. ХIунда? ЧIегIардиган кхача тIома лела сагалматаш йу. Аьхка атта хуьлу чIегIардигна йуург лаха. Йовхачу хенахь хIаваэхь лелаш дукха сагалматаш хуьлу. Гурахь уьш лахло. Цундела чIегIардиго хьалххе дIатосу хьоме мохк.

IV.ЖамI дар

Дешархоша толлу шаьш бина болх. Хьехархочо
схьалахьадо тетрадаш.

V. ЦIахь бан болх балар.

IамийнарГ карладаккха. Бакъонаш карлайаха.

VI. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми …

Суна хала дара …

Суна ца хии …

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

5-гIа урок

Урокан цIе: Текстан тайпанаш.

Iалашо: КхоалгIау классехь Iамийнарг карладаккхар. Предложенеш а, текст а къасто Iамор. Текстан тайпанаш довзар.

Кхочушдан лерина жамIаш

I.Предметни: Берашна хуур ду предложени а, текст а вовшех къасто. Хуур ду предложенина а, текстана а йуккъехь йолу башхаллаш йовза.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна хуур ду учебник тIехь шайна оьшу гIирс каро, цунах пайдаэца. Берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIабахьа.

Коммуникативни: берашна Iемар ду хьехархочун гIоьнца шайн болх билгалбаккха, дика кхиамаш хир болчу кепара дIабахьа. Берашна Iемар ду вовшашна гIо дарца, къамелаца, лерамца шайн кхиамаш хир болчу кепара уьйр лело.

Познаватетельни: берашна хуур ду предложенино кхочушхилла ойла гайтар. Текст – маьIница йозайелла предложенеш хилар. Берашна Iемар ду текст дакъошка йекъа, царна цIераш таххка. Хуур ду хIора дакъа текстехь цIечу могIанан чу йаздеш хилар.

3. Личностни: Берийн дозалла кхоллалур ду шайн ненан маттах. Iемар ду и беза, лаам хир бу нохчийн мотт бовза, кIорггера Iамо.

Урок дIайахьар.

I. Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор

«Сан Даймохк, сан ирс а хаалда хьуна,

Сайн дог хьох дIаэрца карийра суна»!

(М.А. Сулаев)

-**Даймохк** дашехь цIердешнаш лаха (Да, дай, мохк, дохк, мох, кад, йод, кой, ка).

ЦIена йаздаран миноташ.

ДIайазде тетрадаш тIе:

дхк

да дай мохк дохк мох кад йод кой ка

ГIалаташ тIехь болх бар. Дешархоша гIалаташ даьхна дешнаш схьайаздо, бакъонаш карла а йохуш.

ЦIера болх таллар.

Кхолларалли болх (дешнийн эвсаралла совйаккхар). Дешархоша дIадоьшу шаьш доттагIчуьнга йаздина кехаташ.

III. Хаарийн актуализаци

1. Текст бохург хIун ду?
2. Тескт ала мегар дуй ахь йаздинчу кехатах?
3. Схьалаха дешнийн цхьанакхетарш.

-ДIайелла книгин 8-9-гIий агIонаш. Тидам бе агIонаш тIехь балийначу гIирсан. ХIун Iамор ду вай тахана? (Берийн жоьпаш).

-Вай тахана а тIечIагIбийр бу текстах, предложенех болу хаамаш.

IV. Керла тема.

- Предложенеш а хIиттайай, дIайазйе текст. (шардар 11, агIо 8).

-ДIайеша предложенеш. Муха кхета шу чулацамах?

-Текст хир йуй аша йешнарг?

-Стенах лаьцна дуьйцу текстехь? ХIора предложени керлачу могIанера хIунда йолийна?

Текстан тема бохург хIун ду?

- **Тема текстехь дуьйцург ду. Текстехь предложенеш цхьаьнатуху темано.**

Кхолларалли тIедиллар.

-Йоьхна предложенеш д1анисйе. Текст дакъошка йекъа. Гуьйре,

хаза, тIекхечи.

Бовхачу, олхазарш, доьлхуш ду, махка.

Деша, бераш, дуьйладелла.

Дика, оха, доьшур ду.

Ду, хаза, ишколехь.

-ДІайеша предложениш. Шеран муьлха зама йу т1екхаьчнарг? (гуьйре).

-ДІадеша шолгІачу могІанера дешнаш. Стенга доьлхуш ду олхазарш?

(Олхазарш бовхачу махка доьлхуш ду). -ДІадеша кхоалгІачу могІанера

дешнаш. ХІун дан дуьйладелла бераш?

(Бераш деша дуьйладелла).

-ДІадеша боьалгІачу могІанера дешнаш. Муха доьшур ду оха? (Оха дика доьшур ду).

-ДІадеша пхоьалгІачу могІанера дешнаш. Муха ду ишколехь? (Хаза ду ишколехь).

-Стенах лаьцна дуьйцу предложенешкахь? (Гуьйренах).

-Текст йу ала мегар дуй иза? (ду).

-Маса дакъа ду оцу текстан? (Шиъ).

-ДІадеша хьалхара дакъа. ХІун цІе туьллур йу вай цунна? (Гурахь олхазарш дІадоьлху).

-ДІадеша шолгІа дакъа. ХІун цІе туьллур йу вай цунна? (Гурахь бераш деша дуьйлало).

-ДІайазйе уьш. ХІора дакъа керлачу могІанера доладе. **V.**

Іамийнарг тІечІагІдар.

Тест.

І.**Олхазарш бовхачу махка дІадоьлху.**

Книжка йоьшучун хьекъал совдолу. А)

Уьш предложенеш йу.

Б) Иза текст йу.

В) Уьш дешнаш ду.

2. Хьаьмцо заза тІаьхьа доккху. А) Хьаьмцо – иза подлежащи ду.

Б) Заза – иза подлежащи ду.

В) Доккху – иза подлежащи ду.

3. Текст – иза йу…

А) Кхочушхилла йаьлла ойла гойтуш долу дешнаш.

Б) МаьІница йозайелла предложениш.

4. Текстан билгалонаш йу.

А) Текстехь предложенеш маьІница йозуш йу.

Б) Текст дакъошка ца йекъало.

В) Текстана цІе тиллало.

3. Предложени – иза…

А) Кхочушхилла йаьлла ойла гойтуш долу дешнаш.

Б) МаьІница йозайелла предложенеш йу.

СадаІаран миноташ.

ДогІа.
Мохо мархаш лоьхку, лоьхку,
Мархаш йоьлху, йоьлху. ТІадамаш
лаьтта Іена, Іена, - Мала хи, кІа,
мала.
КІено охьатаьІий:
Молу, молу, молу. Мела
догІа, ца соцуш, ДогІу,
догІу, догІу.

 Предложенийн тидам бар. (берашка шайга болх байтар**)**

У тІе дІайазйо.

Жима кIант гIезийн кIорнешка хьоьжура Орга ломара охьадогIу йуькъачу хьуьнхахь олхазарийн эшарш хеза бIаьстенан олхазарш тоххара схьадаьхкина тхан классера дешархой кхана цирке гIур бу.

-ДIайазйе предложенеш, чаккхенга тIадам а буьллуш, хIора предложени доккхачу элпаца йолайе.

VI. ЖамI дар.

Чакйаккха сан ойла:

Предложени – иза йу…(кхочушхилла ойла гойту дешнаш ду)

Текст лаьтта….(предложенех). Текстера массо а предложени маьIница…(йозайелла йу). Текстана…(цIе тиллало).

VII. ЦIахь бан болх балар Шардар I4, агIо I0.

ДIайазйе текст. Текст кхаа декъе йекъа: йуьхь, коьрта дакъа, чаккхе. ХIора дакъа керлачу могIанна тIера доладе.

VIII. Рефлекси «Сан синхаам». Дешархочо сурт схьа а оьций шен синхаамца догIучу тIегIан тIе хIоттадо.



6-гIа урок

Урокан цIе: Аьзнаш а, элпаш а. Дешдакъа.

Iалашо: Берашна аз а, элп а хIун ду хаийтар. Царна йукъара башхаллаш йовзийтар (аз вайна хезаш, вай олуш дерг ду, элп вайна гуш, вай йаздеш дерг ду).

Кхочушдан лерина жамIаш

I. Предметни: Берашна Iемар ду аьзнаш а, элпаш а вовшех къасто. Девзар ду мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Берашна Iемар ду мукъа а, мукъаза а аьзнийн башхаллаш йовза.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Iемар ду хьехархочун гIоьнца а, шаьшша а болх дIабахьа а. Берашна Iемар ду книги тIехь шайна оьшу гIирс лаха, цунах пайдаэца.

Коммуникативни: берашна Iемар ду шайна оьшучунна вовшех дагадовла. Вовшийн кхиамаш буста, царех дикачарех пайда эца. Берашна Iемар ду шайна хетарг масал далорца бакъдан.

Познавательни: берашна Iемар ду аьзнаш тобанашка декъа: мукъа а, мукъаза а. Хуур ду мукъачу озо дешдакъа кхоллар. Берашна Iемар ду мукъаза элпаш шайн кхолладаларан билгалонашка хьаьжжина тобанашка декъа: зевне а, къора а.

3. Личностни: Берашна хуур ду дешар шайн дахарехь коьрта гIуллакх хилар, дешар тIехь кхиамаш баха безаш хилар.

Урок дIайахьар.

I. Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор.

Дог хьеста кхоьллинчу
Хазаллин сийнна

Хастам беш, дитта тIехь

Зарзар а дека.

-ДIайеша байт. Стенах хастам бо зарзаро?

ЦIена йаздаран миноташ

-Алфавитан рогIехь дIайазде цу тIера дешнаш. (Беш, дог, зарзар…)

ЦIера болх таллар Шардар

I6, агIо I1.

- Муьлхачу дешнийн цхьаьнакхетаршкахь далийна поэта тардинчу маь1нехь долу хандешнаш?

ТIечIагIде.

III. Хаарийн актуализаци.

I.Муьлхачу предложенех олу дийцаран предложени? Муьлха хьаьрк дуьллу цуьнан чаккхенга?

2. Муьлхачу предложенех олу хаттаран предложени? Муьлха хьаьрк дуьллу цуьнан чаккхенга?
3. Муьлхачу предложенех олу айдаран предложени? Муьлха хьаьрк дуьллу цуьнан чаккхенга?
4. Предложенин коьрта меженаш муьлханаш йу?
5. Предложенехь дешнаш вовшашца муха дозаделла хуьлу? 6. ХIун тайпа хуьлу тексташ?

IV. Керла тема йовзийтар

Аьзнийн, элпийн а тидам бар.

Ловзаран кеп: «Хьан хIун до?».

-Бераш, вайна гонаха Iалам ду. Iаламехь ду тайп-тайпана олхазарш, дийнаташ, адамаш. ХIораммо шен-шен мотт буьйцу. Гонахара Iалам аьзнех дуьзна ду. Хьовсий вай, цхацца хIуманаша деш дерг хаа?

Легашка хьожуш хIун ала олу лоьро? (А-А-А). ДIайазде иза.
ЙоIа тайниг муха тахкайо?(Ааа-ааа-ааа). ДIайазде.
УьстагI муха Iоху? («БIе-е-е»). ДIайазде.

Чохь йисина хьалайала гIертачу машено хIун до? («Вв-в-в»). ДIайазде.

Муха дека аьчкан ков тIе цхьа хIума тоьхча? («Говв-говв-говв». ДIайазде.

ЖIаьлеша реза доцуш хилча хIун до? («ГI-гI-гI»). ДIайазде
Бумбарис «къамел» муха до? («Ж-ж-ж» - деш). ДIайазде.

ХIун хеза вайна гезгамашано моза лаьцча? («З-з-з»). ДIайазде.

Говр муха терса? («И-хIи-хIи-хIи-хIи»). ДIайазде.

Котам муха йека? («Ка- ка- ка»).

Къиг муха йека? («Къакъ-къакъ-къакь»). ДIайазде.

Пхьид муха йека? («Ва-къа-къа-къа»). ДIайазде -ХIун

йу уьш? (Аьзнаш ду).

-ХIун башхалла йу аьзнийн? (Аьзнаш вайна хаза а хеза, вай уьш ала а олу).

-Стенца билгалдо и аьзнаш йозанехь? (И аьзнаш йозанехь элпашца билгалдо).

-ХIун йу элп? (Элп вайна гуш дерг, вай йаздеш дерг ду. Йозанехь аз билгалдар ду).

Бераш, вайна тахана девзар ду аьзнашший, элпашший. Вайна Iемар ду церан башхаллаш йовза.

Бакъо таллар.

-ДIайеша 11-I2-гIа агIонаш тIера бакъо.
-ХIун йу аз? Элп?
-Муха хуьлу аьзнашший, элпашший?
-Муха хуьлу аьзнаш? (Аьзнаш хуьлу мукъа а, мукъаза а).
-Стенах лаьтта мукъа аьзнаш? (Мукъамах, озах).
-Муьлхачу озо кхуллу дешдакъа? (Мукъачу).
-ХIун башхалла йу мукъачу озан аларехь? (Багахула хIаваъ паргIат арадолу).

-Стенах лаьтта мукъаза аьзнаш? (Озах а, гІовгІанах а). -Маса тайпана хуьлу мукъаза аьзнаш? (Зевне, къора) -Дешдакъа ккхуллий мукъазчу озо? (Ца ккхуллу).

-ХІун башхалла йу мукъазчу озан аларехь? (Олучу хенахь хІаваана дуьхьало хуьлу. Мукъаза аьзнаш зевне а, къора а хуьлу).

СадаІаран миноташ.

Куьйгаш хаьнтІе хІиттаде,
Когаш тІехь шу кхиссало: (5-8-зза) Аьтту
аглор хьаьвзаш, (5-8-зза) Кхисса-кхиссало.
Аьрру аглор хьаьвзаш (5-8-зза) Кхисса-кхиссало.

V. Іамийнарг тІечІагІдар.

Дешархошка шайга болх байтар.

Шардар № І8 , агІо І2. Алфавитан рогІехь тІера схьайазде дешнаш. Дийца, билгалдаьхначу дешнашкахь Ь муьлхачу маьІнехь лела**.**

Тетрад**ь** – оьрсийн маттера тІеэцна дош.



Тобанашкахь болх бар.

І-ра тоба
ДІайазде дешнаш, уьш вовшех къастош долчу аьзнашна кІел сиз хьакха.

Го-гоь, ка-кІа, латта-лаьтта, ка-къа, бух-бохь, га-гІа, там-тІам, цецІе.

2-гІа тоба
Билгалдаьхначу дешнашкара мукъа а, мукъаза а аьзнаш къастаде.
Мукъа - цхьа сиз, мукъаза – ши сиз.

*Хьун **ларйан** йеза.Сан да **белхало** ву. Хи чу ма вала, **нека** хууш вацахь. Дешархой **экскурсе** бахара.*

VI. ЖамI дар.

-ХIун йу аз? ХIун йу элп?

-Муьлханаш ду мукъа аьзнаш?

-Муьлхачу озо кхуллу дешдакъа? -Муьлханаш ду мукъаза аьзнаш?

Маса тайпана хуьлу мукъаза аьзнаш?

VII. ЦIахь бан болх

20-гIа шардар, агIо I3. Билгалдаьхначу дешнашца предложенеш хIиттайе. Дийца, оцу дешнашкахь хьалхарчу декъера мукъаниг муха олу.

VIII. Рефлекси.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

7-гІа урок

Урокан цІе: Деха а, доца а мукъа аьзнаш. Ши аз билгалдо элпаш.

Іалашо: нохчийн маттера деха а, доца а мукъа аьзнаш довзийтар. Хуур ду элпаша (юь, яь) ши аз билгалдар.

Кхочушдан лерина жамІаш:

І. Предметни: берашна хуур ду предложенин маьІне хьаьжжина деха йа доца мукъачу аьзнех нийса пайда эца, хуур ду элпаша (юь, яь) ши аз билгалдар.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Іемар ду шайна оьшу гІирс лаха, цунах пайда эца. Берашна Іемар ду шайна тІедиллина гІуллакх вовшашна йукъахь дІасадекъа, вовшийн корматалле хаьжжина.
- **Коммуникативни:** берашна Іемар ду шайна оьшург вовшашка хатта, цакхетарг хьехархочуьнга хоттуш, кхиамаш баха. Берашна Іемар ду шайна хетарг масалш далорца тІечІагІдан.
- **Познавательни:** берашна хуур ду аьзнаш деха йа доца хиларо дешан маьІна хийцар. Іемар ду предложенин маьІне хьаьжжина, аз деха йа доца дерг къасто, элпаша (юь, яь) ши аз билгалдар.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла. Луур ду иза дика Іамо.

Урок дІайахьар.

І. Маршалла хаттар. Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

ІІ. Ойла тІейерзор.

Йуха а **гуьйре** йу,
Йуха а шеллуш йу,
Йуха а мархашкахь ГІаргІулеш
йоьлхуш йу.



-ДІайеша байт. Дийца, стенах лаьцна йу и?

-ДІадеша билгалдаькхина дош. Маса дешдакъа ду гуьйре дашехь? (гуьй-ре)

ЦІена йаздаран миноташ. ДІайазде тетрадаш тІе.

Йй Йй

гуьйре гуьйре

ЦІера болх таллар

20-гІа шардар, агІо І3.

-Дукхахьолахь дешан муьлхачу дешдекъехь хуьлу деха мукъа аз?

ІІІ. Хаарийн актуализаци.

Д1айазде х1ара дешнаш: динахь-дийнахь, дуьлу-дуьйлу, йуьлу-йуьйлу.

-ДІадеша шаьш йаздина дешнаш.

-Дийца, и хьалхара дешдакъош тайп-тайпана аьлча, дешан маьІна хийцалой?

-ДІайеша вайн урокан цІе. (Деха а, доца а мукъа аьзнаш).

Вайна тахана девзар ду нохчийн маттера деха а, доца а мукъа аьзнаш, девзар ду ши аз билгалден шалха элпаш. Іемар ду уьш, маьІне хьаьжжина, йаздан, йозанехь билгалдаха.

IV. Керла тема хьехар.

Дехий, доций мукъачу аьзнийн (а, о, у, э, (е) тидам бар.

Д1айеша предложенеш.

КІентан цІе ***Адам*** *йара. Майдане гулделира* ***адам****. Мамас кучана* ***вета*** *боьллира. Аса* ***вета*** *диира.* -Х1ун башхалла йу царна йуккъерчу цхьаттера далийначу дешнашкахь?

(Адам-адам, вета-вета)

-ДIайеша бакъо. Муха къаьста йозанехь (а, о, у, э (е)) аьзнийн деха хилар?

-Муха билгалдоккху (и,уь) аьзнийн деха хилар? (Царна тIехьа дуьллу элп Й).

Берашка шайга болх байтар (2I-ра шардар, агIо I4).

-Дешнашкахь т1адамийн метта дехкина элпаш муьлхачу бакъонна тIедоьгIна йаздина ду?

СадаIаран миноташ.

ЙоргIа.
ЙоргIа говр, йоргIа говр, Хало,
атто оха ловр.
Дига генна хьайца дIа, Класса
чохь тхо кхин ца Iа.
Кхосса-кхосса-кхоссалуш,
Йада ЙоргIа, сих ца луш, Аьтта
ког ахь билла байн,
Тата дезаш дац тхо, хIай!
Йада, ЙоргIа, кхоссало, Каде
хила, мал ма ло.
ЙоргIа идда, кIадлуш йу,
Болар цуьнан лагIлуш ду.
Собар! Тоьар! Сацахь цкъа!
Кхин хьо идахь ду хьан къа.

Болар лахди, хIоьтти дIа: Деза
цуьнан садаIа.

(Берашна йукъара цхьаъ говр хоржу. Цунна тIаьхьа а хIуьтий, хIара байташ а олуш, класса чухула довдуш ши-кхо го боккху цара.)

V.Iамийнарг тIечIагIдар.

Дешнийн диктант.

Шийла, суьйре, Iуьйре, гуьйре, сийсара, дийно, йуьйцу, хуьйцу, хийзайо.

-Муьлхачу элпашна тIехьа яздина элп **Й? (и, уь** тIехьа йаздина).

-Маца яздо элп **Й** оцу элпашна тIехьа? (Уьш деха хезаш хилча).

 Дош фонетически таллар.

ХIетал-метал хаийла шуна:

Пеша тIехь со хуьлу, Йуург

кеч а йо.

Беха тIам а хуьлу,
Куьг ца дагадо. (йалгIу)



-Маса дешдакъа ду ***йалгIу*** дашехь? (Шиъ - ***йал-гIу***)

й - (й)-мукъаза, зевне а - (а)- мукъа. л-(л)-

мукъаза, зевне г1-(гI)- мукъаза, зевне у - (у)-

мукъа.

5 –элп , 5- аз, 2- дешдакъа.

Нохчийн алфавитехь шалха пхийтта элп ду: пхиъ мукъа элп (ав, ов, ув, юв, яв), итт мукъаза элп (гI, кх, къ, кI, пI, тI, хь, хI, цI, чI).

Юь, яь элпаша ши аз билгалдо: юь-йуь, яь-йаь.

-Маца йаздан деза **юь, яь** элпаш?

1)Оьрсийн маттера тIеэцначу дешнашкахь: статья, евро, интервью;

2)Адамийн цIераш, фамилеш, дийнаташна техкина цIераш, географически ц1ераш: Яха, Якъуб, Ялхой-Мохк, Яьсси-хи, Юрмала и.д1.кх. а.

Кхийолчу долахь ц1ерашкахь хезачохь **Й** йаздо. Масала: Йаздархойн Союз, роман «Йеха Буьйсанаш», «йуха кхана а, селхана санна».

Аг1о 14, ш.22

Мажйелла, къийсам, йоьалг1ачу, ткъе йалх, йуьртахь дешнаш нийса йаздина хилар бакъонца т1еч1аг1де.

VI. ЖамI дар.

-Муха билгалдоху нохчийн маттахь аьзнаш (**а, о, у, ю, э, е)** деха йа доца хилар? (Церан деха йа доца хилар маьIница къаьста)

-Муха билгалдоху аьзнаш **и, уь** деха хилар? (**И, уь,** деха хезаш хилар, царна тIехьа й элп дилларца билгалдоху)

-Муьлхачу шалхачу элпаша ши аз билгалдо? (ю, я, **юь, яь** элпаша ши аз билгалдо: ю-йу, я-йа, **юь-йуь, яь-йаь**)

Муьлхачу дешнашкахь йаздо ю, я, юь, яь?

VII. ЦIахь бан болх балар 23-гIа шардар, агIо I5.

Мукъа шалха элпаш аь, оь, уь, яь, юь дашна йуьххьехь а, йуккъехь а долуш, кхоккха дош д1айазде. Пайда эца «Нохчийн меттан нийсайаздаран коьрта бакъонех».

VIII. Рефлекси.



8-гІа урок

Урокан цІе: **Изложени «Хиндахка».**
(Шардар № 37, агІо 2І)
Іалашо: Берашна кийчачу планаца тестан чулацам талха а ца беш, схьабала Іамор. Берашна текстан дакъош йукъара уьйр ца талхош, чулацам йозанца билгалбаккха Іамор.

Кхочушдан лерина жамІаш

І. Предметни: Берашна хуур ду шаьш йешна текст, маьІна а ца талхош, шайн дешнашца нийса, кхачо йолуш дІайазйан.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Іемар ду кийчачу планаца болх бан: хІора декъера чулацам шайн дешнашца схьабала.

Коммуникативни: Берашна Іемар ду хьехархочо деллачу хаттаршна шайн дешнашца жоьпаш дала, хуур ду уьш нийса дІайаздан.

Познавательни: берашна Іемар ду текстаца болх бан, чулацам схьабийца. Коьртаниг хІора декъехь билгалдаккха, иза планаца дуста. Берашна Іемар ду дийцаран чулацам нийса йозанца схьабала.

3. Личностни: Берийн кхуьур бу адаме къинхетам. Берийн алсам дер ду цІерпошта некъах ларбалар.

Урок дІайахьар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

І.Хьехархочо дІайоьшу изложенин текст.



БІаьста хи хиндехкан хІусам чу даьллера. Иза ган а гина, хи чуьра хьалабаькххира ас хиндахка. ЦІа беача, хиндахка цІанлуш, бакъалуш Іара.

Йуха, тиша нуй а гина, тІехьарчу когаш тІе а хиъна, нуй къажбан буьйлира.

Іуьйранна цІенкъахь норан кескаш бен йацара, стоьлан ког а буткъабеллера. Ткъа хиндахка сингаттаме хиъна Іаш бара, хІума йаа а ца туьгуш. Таккха кхийтира со, муьлхха а экха шен лаамехь дита дезий. Гали чу а биллина, цуьнан цІа дІабаьхьира ас иза.

II. ЦІе тилла текстана. ДІайазйе иза. (Хиндахка**)**

I. Ца кхеташ долу дешнаш у тІе дІайаздо, церан маьІна, нийсайаздар билгалдоккху.

2. Хаттарш а луш, дешархошка буьйцуьйту изложенин чулацам.

3.Дешхьалхенаш шайца йолу дешнаш схьалаха, билгалйе уьш.

IV. Изложени йазйар. V.

ЖамІ дар.

ЦІахь: бакъонаш карлайаха.

VI. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Іеми …

Суна хала дара …

Суна ца хии …

Кху тІехь йерзайо вай вешан урок.

Іодика йойла шун! Марша Іойла шу!

9-гІа урок Урокан цІе: Дешан

хІоттам. Орам.

Іалашо: Берашна дешан хІоттамах кхетам балар. Дешнийн дакъош довзийтар. Орамах лаьцна йукъара кхетам балар. Дешан орам каро гергара дешнаш лаха дезаш хилар хаийтар.

Кхочушдан лерина жамІаш

І. Предметни: Берашна девзар ду дешан дакъош. Йевзар йу хІора декъан билгалонаш. Берашна хуур ду орам хІун йу, хуур ду орамера мукъа аз хийцалуш хилар

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Іемар ду шайн белхан план хІотто, оцу планан рогІаллица дешаран кхиамаш баха. Берийн аьтту хир бу цхьаъ ша болх бан, шайн тобанашца болх бан. Берашна хуур ду шаьш дуьххьара хІун толлур ду къасто, хуур ду и теллича хІун кхиамаш бохур бу.

Коммуникативни: берашна Іемар ду вовшашка шайна оьшург хатта, хуур ду накъостий кхетар болчу кепара шена хуург дІадийца. Берашна хуур ду хьехархочо деллачу хаттаршна жоьпаш дала, масалшца тІе а чІагІдеш.

Познавательни: берашна Іемар ду дешнашна йукъара гергара дешнаш къасто, церан орам билгалбаккха. Берашна йевзар йу гергарчу дешнийн коьрта билгалонаш. Берашна хуур ду гергара дешнаш омонимех къасто.

3. Личностни: Берийн алсам бер бу вовшашна накъосталла дан лаам, вовшашна йуккъехь уьйр чІагІлур йу. Іаламе болу безам кхуьур бу берийн, цуьнан доладан лаам хир бу.

Урок дІайахьар.

І. Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор.

Дешар – серло, цадешар – бода.

Хийистехь вехачунна хин гечо девза.

БIаьргаш боцучунна нехан бIаьргара кIай гина.

-Цхьатерра орамаш долу дешнаш схьа а лахий, дIайазде (дешар-цадешар; хийистехь-хин; бIаьргаш-бIаьргара).

ЦIена йаздаран миноташ.

рг рг рг

Дешар-цадешар; хийистехь-хин; бIаьргаш-бIаьргара.

ЦIера болх таллар. Изложенин анализ йар,
гIалаташ тIехь болх бар.

III. Хаарийн актуализаци.

-Муьлхачу дакъойх лаьтта дешнаш? (Дешхьалхе, орам, суффикс, чаккхе).

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? (Дешан хIоттамах).

-Муьлха хаттарш ду вайна тахана талла билгалдаьхна? Муьлхачу дакъойх лаьтта дешнаш? Стенах олу орам?)

-ХIун хаьа вайна дешан хIоттамах лаьцна?

ХIун Iамор ду вай тахана? ХIун кхиамаш бохур бу аша? Мила ву ша цхьаъ болх бан лууш? Мила ву тобанца болх бан лууш? Дийца, муха дIаболор бу аша шайн болх? ХIун толлур ду дуьххьара?

-Бераш, вай тахана дешнаш толлур ду шайн хIоттамца. Вайна девзар ду гергара дешнаш, Iемар ду уьш йозанехь билгалдаха. Вайна йевзар йу гергарчу дешнийн билгалонаш, Iемар ду уьш кхечу дешнех къасто.

IV. Керла тема хьехар .

Гергарчу дешнийн тидам бар.

Туьйра: «Лулахой».

Бехаш бара лулахой: лекха лам, баьццара хьун. Бертахь а, хаза а дехара уьш. Уьш бертахь а, хаза а дахаро гонах мел долу садолухIума а, адам а дара ирсе а, могаш а дехаш.

Цхьана дийнахь хьуьнхо веара лам болчу дагавала. Цо элира, ша ларйеш йолу хьун мажлуш, кхиарехь сецна йу, иза хIаллакьхила герга йу. Ойла йира ломо. Цо схьакхайкхира шен гергара нах, хьуьнна гIо дан. Схьакхечира ламанан шийла шовда. Цо шен сирлачу хица Iабийра хьун. Сенйала йолайелира хьун. Схьакхечира ламанхой. Цара дакъаделла дитташ дIа а дохуш, керла синтарш дуьйгIира, хуьнхахь хила ца йеза нехаш дIайехира.

Хьалхачулла а хазйелла дIахIоьттира хьун. Хьалхачул ирсе бехира:

ламанхой, ламанан шовда, лам, хьун, хьуьнхо, хьуьнан Iалам.

-Бераш, муха лулахой хилла уьш? (Дика).

-ХIунда? (Уьш кийча бу вовшашна гIо дан).

-Аша дийр дарий ишттаниг?

-Хьожур йу со, шу муха лулахой ду. Карабе оцу туьйранехь гергара нах? (Лам, ламанан, ламанхо). (У тIе дIайаздо дешнаш).

-Уьш хIун дешнаш ду? (Гергара).

-Гергарчу дешнийн хуьлу йукъара, цхьатерра дакъа. Муьлханиг ду оцу дешнийн йукъара дакъа? (Хьун).

-ХIун олу гергарчу дешнийн йукъарчу декъах? (Орам).

-Билгалбаккха орам. (Бераша у тIехь билгалбоккху орам).

-Орам, дашехь коьрта дакъа ду. Орамна тIе тайп-тайпана дешдакъош тохарца кхоллало керла дешнаш. Орамо шена чохь леладо дешан коьрта маьIна.

-ДIадеша йуха а дешнаш. ***Ламанхо*** дашехь орамна тIехьа муьлха дакъа ду? (Хо).

-И (-нхо) дешдакъа тIекхетаро лам дешан маьIна хуьйций? (Хуьйцу ***лам*** дашах, чохь са а долуш, ***ламанхо*** аьлла адам хили).

-Иза йу суффикс. Суффиксо керла маьІнаш а долуш дешнаш кхуллу. Билгалйаккха суффикс.

-***Ламанан*** дашехь муьлха дешдакъа ду орамна тІехьа лаьтташ? (-нан).

-И дешдакъа тІекхетча дешан маьІна хийцалой? (Ца хийцало).

-Иза чаккхе йу. Чаккхено предложеженешкахь дешнашна йуккъехь уьйр латтайо. Билгалйаккха чаккхе.

-ХІун билгалонаш йу гергарчу дешнийн?

- ***Гергара маьІна.***
- ***Йукъара дакъа.***

-Кхин муьлха гергара дешнаш ду оцу туьйранан йуккъехь?

(Хьун, хьуьнан, хьуьнхо).

-ДІайазде и дешнаш тептарш тІе. ХІоттамца талла и дешнаш.

-Дешан дакъош дерриге дийца. (Орам, суффикс, чаккхе, дешхьалхе).

- **Суффиксан гІоьнца керла дешнаш кхоллар.**

-Муьлхачу дешдекъо кхуллу керла дешнаш? (Суффиксо).

-ХІинца суффиксан гІоьнца лахарчу хІуманехь адаман корматалла билгалйен дешнаш кхолла деза (Шардар 24, агІо І5).

-ДІадеша хьалхара дош. (Пондар).

-Пондар локхучу адамах хІун олу? (Пондарча).

-ДІадеша шолгІа дош. (Зурма).

-Мила ву зурма локхуш верг? (Зурманча).

(Иштта толлу дешнаш).

-Муьлха дакъош тІетуьйхира вай ? (-ча, -хо).

-Уьш хІун йу? (Суффиксаш).

-ХIун гIуллакх кхочушдо суффиксо? (Керла дешнаш кхуллу).

 Бакъо таллар.

-ДIайелла книгин I5-гIа агIо. ДIайеша бакъо.

-Стенах олу орам?

-ХIун хийцамаш хуьлу орамехь?

Хьун, хьуьнан, хьуьнхо – дешнашкахь буй и хийцамаш? (у-уь-не дирзина)
СадаIаран миноташ.

Жима Ваха гIотту
Мало йоцуш хьала. Мел
хан йаьлла, хотту,
ТIаккха йо зарядка.
Охьа-хьала теIа,
Ирх а кхиссало, Цхьана
меттехь воду,
ХIуммаъ кIад ца ло.
Пхьаьрсаш, накха башош,
Сихха кхорзу хи,
ДегIе «зуз» доуьйтуш,
Хиларх шийла и.
Цергаш, йуьхь-куьг дила
Цунна диц ца ло. Морса
гата хьокхуш, Иза
вакъало.
(Хь. Саракаев)
(Бераша Вахас дийрриг до)

V. Iамийнарг тIечIагIдар

- **Гергара дешнаш талла** (шардар 25, агIо I6).

-ДIадеша шардар. Муха кхочушдан деза иза?

-Схьакараде гергара дешнаш. (Деша, дешар, дешархо).

-Муьлханиг ду йукъара дакъа? (Деша).

-ХIун олу гергарчу дешнийн йукъарчу декъах? (Орам олу).

-ДIайазде дешнаш орам билгал а боккхуш.

- **Орам къастор таллар.**

-Бераш, ас у тIе дIайаздинчу дешнийн орамаш билгал хьан бохур бара?

Пондарча-…(пондар)

ХIилланча-…(хIилла).

Махкахо-….(мохк).

-Цхьана дешан орам карор буй? (Бац).

-ХIунда? (Орам – иза гергарчу дешнийн йукъара дакъа ду. Орам каро гергара дешнаш каро деза).

-Караде оцу хIора дашна гергара дешнаш? (Лоху бераша).

-Муьлхачу бакъонах дагадевр дара шу орам къастош. Вешан план хIоттор йу вай орам къасто атта хилийта.

План:

I. ДIадеша дош.

2. Караде гергара дешнаш.

3. Билгалдаккха йукъара дакъа.

-Оцу бакъонах пайда а оьцуш талла хIоттамца дешнаш. (Дешархо, ахархо, зуламхо).

Шовда, таллархо, наж, кехат, буц, ловзар, вота, беш, кхор, мохк, хьаша, хьач, доттагI, гIаз, мангалхо, бад.

Йозан у тIе дIайаздина дешнаш ду. Ши дешархо кхойкху у тIе. Цхьаммо орамера аз хийцалуш долу дешнаш йаздо, вукхо, ца хийцалурш. Оьшуш хилча, гIо доьху цушиммо вукху дешархошка. Дешархой шина декъе боькъу:

шовда таллархо наж-н**о**жан буц-б**е**цан кехат
ловзар кхор-кх**у**ран мохк-м**е**хкан вота

беш хьаша-хь**е**шан хьач-хь**о**чан доттагI
мангалхо гIаз-гI**е**зан бад-б**е**дан

VI. ЖамI дар.

-ХIетал-метал хаийла шуна: *Гергарчу дешнийн йукъара дакъа*
Хуьлий со лела, хаалаш даим,
Ойла йай, жоп ло, бе ахь сан лерам
Хуур ду хьуна буьйцург буй….(Орам).

-ХIун хаьа шуна орамах лаьцна?
-Хьан лур дара вайн хаттаршна жоьпаш? (Бераша жоьпаш ло, шайна хетачу кепара).
-Муьлхачу дакъойх лаьтта дешнаш?
-Стенах олу орам? ХIун хийцамаш хила тарло орамехь?

VII. ЦIахь бан болх (шардар 26, агIо I6) VIII. Рефлекси «Сан синхаам».

Дешархочо сурт схьа а оьций шен синхаамца догIучу тIегIан тIе хIоттадо.





Сой сайн ницкъах кхоччуш тешаш ву.
Суна дика ду.
Суна вон ду.
Суна тIех вон ду.

I0-гIа урок Урокан цIе:

Дешхьалхе. Суффикс.

Iалашо: Берашна дешан дакъош - суффиксаш, дешхьалхенаш йовзийтар. Цара дашехь лелош долу гIуллакхаш довзийтар**.**

Кхочушдан лерина жамIаш

I. Предметни: Берашна Iемар ду дешнашкахь суффиксаш, дешхьалхенаш каро, уьш билгалйаха. Хуур ду суффиксийн, дешхьалхенийн гIоьнца керла дешнаш кхолла.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIабахьа. Берашна хуур ду шайна оьшу гIирс книги тIехь каро, цунах пайда эца. Берашна Iемар ду шайн кхиамийн мах хадо, церан бахьанаш довза.

Коммуникативни: берашна Iемар ду шайна хиънарг накъосташка дийца. Шаьш ца кхеттачух дагадовла. Берашна Iемар ду шайна хетарг масалш далорца тIечIагIдан.

Познавательни: берашна хуур ду суффиксо, дешхьалхено керла маьIна а долуш дешнаш кхуллий. Берашна хуур ду дешхьалхенан, суффиксан цхьатерра дерг довза, башхаллаш къасто.

3. Личностни: Берашна хуур ду нохчийн меттан хазалла ган а, и йовза а.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор.

Даймохк боцу стаг тIам боцу олхазар ду.

-Дийца, муха кхета шу хIокху кицанах, маьIна даста.

ЦIена йаздаран миноташ.

ДIайаздо классан у тIе а, тетрадаш тIе а.

лхзр олхазар

ЦIера болх таллар (шардар 26, агIо I6).

-Маса дийцарх лаьтташ ду шардар? (Шина дийцарх).

-Гергарчу дешнийн йукъара дакъа гайта. (**Шовда-шовда**нан-**шовда**не). -Орамера мукъа аз хийцалуш долу дешнаш гайта. (Тх**о**-тх**а**н-тх**у**на).

II. Хаарийн актуализаци.

-ХIетал-метал хаьийла шуна:

Орамна со тIехьа лаьтта,
Дашна керла маьIна ло. Цуьнца
даим цхьана йазйо ХIун
дешдакъа хир ду со?

-ХIун йу иза? (Суффикс).

-Шен муьлха билгалонаш йийци цо вайна? (Орамна тIехьа лаьтта, дашна керла маьIна ло).

Орамна со хьалха лаьтта, Дашна
керла маьIна ло,
Цуьнца даим цхьана йазйо,
ХIун дешдакъа хир ду со? (Дешхьалхе). -ХIун
йу иза ? (Дешхьалхе).

-Шен муьлха билгалонаш йийци цо вайна? (Орамна хьалха лаьтта, дашна керла маьIна ло).

-ХIун кхиамаш бохур бу вай? Стенна тIера дIадуьйлалур ду вай? -Вай тахана дуьйцур ду дешан хIоттамах лаьцна. Iемар ду дош хIоттамца талла, цуьнан дакъош билгалдаха. Девзар ду суффикс цIе йолу дакъа, Iемар ду

цуьнан гІоьнца керла дешнаш кхолла. Девзар ду дешхьалхе цІе йолу дешан дакъа, цуьнан гІоьнца кхоллало керла дешнаш.

ІІІ. Керла тема хьехар. Суффиксан

тидам бар.

Туьйра «Дош».

Дош, чохь са долуш хІума йу. Цо дегабаам бо, оьгІаз доьду, самукъадолий хьийза и, адам санна. Оьшуш меттиг йеъча шен амал а, йуьхьсибат а хуьйцу дашо. Цуьнан дог а ду ***орам.***

Дешан корта – иза дешхьалхе йу. Гуттара а ойла йеш йу иза, дешан маьІна дика довзийтарехь, гІо муха дийр дара те ша, бохуш. Хала ду орамна дешхьалхе йоцуш. Хьовсал шу, ваха, веа мича?-ХІунда? Хьажал хьайна хаьий? Ткъа царна тІе дешхьалхе тоьхча, дерриге а бохург сана кхеташ ду: ***дІа****ваха,* ***схьа****веа,* ***хьала****ваха,* ***охьа****ваха,* ***дІа****веа,* ***тІе****веа,* ***хьала****веа,* ***охьа****веа.*

-Иштта хуьлу шуна дош корта болуш хилча!

Ткъа суффикс – уьш куьйгаш ду. ХІаъ, белхан дашо куьйгаш. Суффиксо деш дукха гІуллакхаш ду. Барам хуьйцу, масала: боккха ***бІал****, суффикс* ***иг*** *тІетоьхча жимло, цунах хуьлу цхьа жима* ***бІелиг****. Доккха* ***цІа*** *ду, цунна тІе суффикс* ***иг*** *тоьхча, хили жима* ***цІелиг.***

Цо-м гІаланах стаг ван тарлой. Хьанна хуур дара гІаланах стаг ван суффиксан гІоьнца? (Бераша кхуллу керла дош: гІала –гІалахо).

- **Берашка шайга болх байтар.**

Шардар 27, агІо І7.

-ДІадеша тІедиллар. Муха кхочушдан деза шардар?

-Муьлха дешнаш хили шун? ХІун эр дара аша суффиксах лаьцна?.

-Мича меттехь лаьтта суффикс? (Орамна тІехьа).

-ХІун гІуллакх кхочушдо цо? (Керла дешнаш кхуллу.)

- **Дешхьалхенийн тидам бар.**

У тІе дІайаздо дешнаш.

Кхосса, йаха, вахара, ведира.

*Кхосса-…(**тІе**кхосса, **чу**кхосса, **хьала**кхосса, **охьа**кхосса, **дІа**кхосса).*

*Йаха -…(**тІе**йаха, **чу**йаха, **хьала**йаха, **охьа**йаха, **дІа**йаха).*

*Вахара-…(**дІа**вахара, **тІе**вахара, **чу**вахара, **хьала**вахара,**охьа**вахара).*

*Ведира-…(**дІа**ведира, **схьа**ведира, **тІе**ведира, **чу**ведира, **хьала**ведира).*

-Бераш, царна тІе дешхьалхенаш тухуш, керла дешнаш кхолла.

-ДІадеша шаьш кхоьллина дешнаш. Муьлхачу дакъоша гІо дина шуна уьш кхуллуш? (**ТІе, чу, хьала, охьа, дІа)**

-Мича меттехь йаздина аша и дакъош? (Дешан йуьххьехь).

-ХІун олу цунах? (Дешхьалхе).

-ХІун гІуллакх до дешхьалхено? (Керла дешнаш кхуллу).

Дешхьалхе, суффикс таллар.

-ХІун ду цушинан цхьатерра? (Керла дешнаш кхуллу шиммо а. Ший а дешдакъа ду).

-ХІун ду уьш къастош дерг? (Дешхьалхе орамна хьалха лаьтта, суффикс орамна тІехьа лаьтта).

СадаІаран миноташ.

ДогІа
Мохо мархаш лоьхку, лоьхку,
Мархаш йоьлху, йоьлху. ТІадамаш
лаьтта Іена, Іена, - Мала хи, кІа,
мала.
КІено охьа таьІий:
Молу, молу, молу. Мела
догІа, ца соцуш, ДогІу,
догІу, догІу.

(Бераша куьйгаш хьалха охьа а дохуьйтий, байтан хьалхара могІа бешча, паргІат лестош, куьйгаш дегадо. Цул тІаьхьа, куьйгаш лесточуьра саца а деш, цкъа хьалха керан йукъ хьалайерзайо, тІаккха охьайерзайо).

IV. Іамийнарг тІечІагдар.

 **Тобанашкахь болх бар.**

І-ра тоба Дешнашкахь билгалбаккха орам а, нагахь санна йелахь дешхьалхе а. *Лам, лома, ломана, ламанца, ломах, ломе, ломал, йурт, йуьртахо, йуьртахь, дІаала, схьавола, тІеваха.*

2-гІа тоба Дешнашкахь билгалбаккха орам, нагахь санна йелахь суффикс а. *Ваха, вахархо, дІаваха, ала, дІаала, аьлларг, хаза, хазалла, дІахаза, дика, дикалла.*

Шардар № 28, агІо 17.

ДІадеша. Дешхьалхенийн гІоьнца дуьхьала маьІна долу хандешнаш кхолла. **V.**

ЖамІ дар.

- Дашехь уггар хьалха муьлха дакъа къастадо? (Орам).

-ХІун дан деза орам каро? (Гергара дешнаш лаха деза, церан йукъара дакъа билгалдаккха деза).

-Караде белхало дешан гергара дош. (Белхало - болх).

-Муьлханиг бу орам? (Болх).

-Кхин муьлха дакъа ду цу дашехь? (-ло).

-Цо болх дашах белхало хуьлуш хийцам бой? (Болх-белахало – адам хили).

-ХIун йу иза? (Суффикс).

-Кхин муьлха дешан дакъа девзи вайна? (Дешхьалхе).

-ХIунда аьлла цунах дешхьалхе? (Орамна хьалха лаьтта, цуьнан гIоьнца керла дешнаш кхоллало).

VI. ЦIахь бан болх балар.

Шардар 27 (3), агIо I7

VII. Рефлекси. «Сан синхаам».

Дешархочо сурт схьа а оьций, шен синхаамца догIучу тIегIан тIе хIоттадо.



11-гІа урок

Урокан цІе: Чаккхе. Чаккхенгахь шала элпаш.
Іалашо: Дешан хийцалуш долу дакъа чаккхе йовзийтар. Чаккхено лелош долу гІуллакх довзийтар (Предложенехь дешнашна йуккъахь уьйр латтайо).

Кхочушдан лерина жамІаш

І. Предметни: Берашна йевзар йу чаккхенаш, хуур ду чаккхе дешан муьлха дакъа ду, цо хІун гІуллакх до. Хуур ду дешан чаккхенгахь шала элпаш маца йаздо, маца ца йаздо.

2. Метапредметни: Регулятивни: берашна Іемар ду шайна оьшу гІирс книги тІехь кхечу меттигашкахь лаха, царех пайдаэца. Берашна Іемар ду накъосташца болх бан, цхьана кхиамаш баха. Йиш хир йу, шайн корматалле хьаьжжина, цхьаъ ша болх бан.

Коммуникативни: берашна Іемар ду хьехархочун хаттаршна шаьш жоьпаш лаха, накъостий кхетар болчу кепара, масалш а далош, дІадийца. Берашна Іемар ду шайна оьшург хатта, шайга дийцинарг талла.

Познавательни: берашна Іемар ду дешнашкахь чаккхенаш билгалйаха. Хуур ду предложенехь, маьІнега хьаьжжина, уьш хийца. Берашна девзар ду чаккхено лелош долу гІуллакх. Хуур ду дешан чаккхенгахь шала элпаш маца йаздо.

3. Личностни: Берашна Іемар ду вовшашна гІо дарца, уьйр латто. Дика деша лаам кхоллалур бу.

Урок дІайахьар. І.

Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

ІІ. Ойла тІейерзор

Хи долчохь хуьлу дахар.

-ХІун маьІна ду кицанан?

ЦIена йаздаран миноташ.

Хь хь Уь уь дахар

ЦIера болх таллар.

Шардар 27 (3), агIо I7

III. Хаарийн актуализаци.

-Легаде дахар дош. Билгалбаккха орам.

(дахар, дахаран, дахарна, дахаро, дахарца, дахарх, дахаре, дахарал)

-ХIун йу орам? ХIун билгалонаш йу цуьнан? (Гергарчу дешнийн йуккъера дакъа).

-Муьлха дакъош дара дешан? Муьлханиг Iамор ду вай тахана? (Чаккхе).

-Муьлха хаттар ду вай тахана жоп дала дезаш? (Стенна оьшу чаккхе?)

-Мила ву болх бан дагахь? Стенна тIера дIаволавала дагахь ву хьо? ХIун кхиамаш бохур бу ахь?

-Мила ву тобанца болх бан лууш? ХIун план йу шун хIоттийна?

-Бераш, вайна девзар ду дешан дакъа чаккхе. Шуна хуур ду стенах олу чаккхе, цо хIун гIуллакх до. Вай Iамор ду чаккхе кхечу дешан дакъойх къасто.

IV. Керла тема хьехар.

 Чаккхенан тидам бар.

-Бераш, ЧIирдига йазйина предложенеш. Иза жимма гIалат ваьлла. Вай гIо дан деза цунна уьш нисйан.

Тхан йуьртахь йоккха ***клуб*** йу. Суьйранна йуьртахой ***клуб*** садаIа боьлху. ***Клуб*** кораш даккхий ду. ***Клуб*** суьйранна самукъане хуьлу.

-ДIайеша текст. Нийса йуй иза? (Йац).

-ХIунда йац? (Дешнашна йукъахь уьйр йац).

-Муха тосу предложенехь дешнашна йукъа уьйр? (Берийн жоьпаш).

-Муьлха дош ду нийса ца йаздинарг? (Клуб).

-ДIайеша хьалхара предложени. ХIун йу йуьртахь? (Клуб).

-ДIайеша шолгIа предложени. Стенга садаIа боьлху йуьртахой? (Клубе).

-Муьлха дакъа тIетуьйхи аша? (чаккхе:-**е**).

-ДIайеша кхоалгIа предложени. Стенан кораш ду даккхий? (Клубан).

-Муьлха дакъа тIетуьйхи аша? (-**ан**).

-ДIайеша йоьалгIа предложени. Мичахь хуьлу самукъане? (Клубехь).

-Муьлха дакъа тIетуьйхи аша? (**ехь**).

-ДIайеша текст йуха. ХIинца йуй нийса? Муьлхачу дакъоша гIо ди шуна дешнашна йукъа уьйр таса? **(-е,-ан,-ехь**).

-Уьш хIун йу? (Чаккхенаш).

-Стенна оьшу чаккхе? (Предложенехь дешнашна йуккъехь уьйр латто).

-ДIайазйе предложенеш. Билгалйаха чаккхенаш.

- **Бакъо таллар.**

-ДIайеша I8-гIа агIо тIера бакъо.

-ХIун йу чаккхе?

-Стенна оьшу чаккхе?

- **Дешнашкахь орам а, чаккхе а билгалйаккха Iамор.**

Шардар 29, агIо I8.

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза шардар?

-ДIайеша хьалхара предложени. Стенан дийно кхобу? (Аьхкенан).

-Стенан бутт кхобу? (Iаьнан).

-ТIе хIун кхийти? (-нан).

-Муьлха дакъа ду иза? (Чаккхе).

-Стенна оьшу чаккхе? (Предложенерчу дешнашна йуккъехь уьйр латто).

-ДIадеша хийцина, хийцаделла дош. (Аьхке-аьхкенан).

-Муьлханиг бу орам? (Аьхке).

-Билгалбаккха. Муьлханиг йу чаккхе? (-нан).

-Билгалйаккха.

-Бераш, ойлайе. Цхьана дешан орам къасталур буй? (Бац).

-ХIун дан деза дешан орам каро? (Гергара дешнаш лаха деза).

(Иштта толлу дисина дешнаш).

СадаIаран миноташ.

Газа
Газа-газа-гуьзалг,
Хьийзина маIаш, газа,
Чилланан маж, газа,
Ди ахь сарралц хелхарш Кертал
ара шершаш:
Когаш бетташ «дап-дап», МаIаш
йетташ «тIох-тIох», БIаьргаш
къерзош «лап-лап» Корта
сеттош «охI-охI».
(Бераша газано дийриг до, цуьнан хьийзина маIаш гойту, чилланан маж хьоьсту, когаш бетта, корта а сеттабо, «маIаш» Iуьтту.)

V. Iамийнарг тIечIагIдар. Чаккхе,

суффикс къастор.

-Шуна хаа деза чаккхенаш йовза а, уьш билгалйаха а.

Бат-бет**ан**-бет**ана.** Йурт-йуьрт**ахо**.

-ДIадеша хьалхара дешнаш. Муьлханиг бу орам? (Бат).

-Кхин муьлха дакъа ду орамал совнаха? **(-ан,-ана).**

-Цара дешан маьІна хийциний? (Ца хийцина)

-ДІадеша шолгІачу могІанера дешнаш. Муьлханиг бу орам? (Йурт).

-Кхин совнаха муьлха дакъа ду дашехь? **(-хо).**

-Оцу декъо дешан маьІна хуьйций? (Хуьйцу. Йурт дашна тІе -хо тоьхча адам хили).

-И хир йуй чаккхе? (Йац).

_Дешан муьлха дакъа хир ду и? (суффикс)

- **Карточкашца болх бар.**

І-ра кехат

Дешнашкахь билгалбаккха орам а, чаккхе а, нагахь санна йелахь суффикс а. ***Шовда, шовданан, шовданна, шовдано, шовданца, шовданах, шовдане, шовданал.***

2-гІа кехат

Дешнашкахь билгалбаккха орам а, чаккхе а, нагахь санна йелахь дешхьалхе а. ***Болх, белхан, балхана, балхо, балхаца, балхах, балха, балхал.***

- **ХІетал-метал хаийла шуна:**

Дешнашкахь со йолуш йу,

Со саккхенгах хуьлуш йу, Нанна

дукха йезаш йу. Дешнашкахь

ас барт ма бо, Царна йуккъехь

уьйр тосу.

Бераш йовза, бераш йеза Йуьйцуш

*йериг ….**(чаккхе)**йу.*

-ХIун йу иза?

-Чаккхенан муьлха гIуллакх ду цо дуьйцург?

VI. ЖамI дар.

-Муьлха дешан дакъош девза вайна? (Орам, суффикс, дешхьалхе).

-Муьлхачу дешдакъойн гIоьнца кхоллало керла дешнаш? (Дешхьалхе, суффикс).

-ХIун йу дешхьалхе? (Орамна хьалха лаьтташ долу дешан дакъа ду. Цуьнан гIоьнца керла маьIна долу дош кхоллало).

-ХIун йу суффикс? (Орамна тIехьа лаьтта дешан дакъа ду. Цуьнан гIоьнца керла дешнаш кхоллало).

-Чаккхе стенах олу? (дешан хийцалуш долху декъах) **VII.ЦIахь**

бан болх балар.

Шардар 3I, агIо I8. Оьшучохь тIадамийн метта элпаш а дохкуш, схьайазде дешнийн цхьаьнакхетарш.

VIII**. Рефлекси.**

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми …

Суна кхета хала дара …

Со ца кхийти …

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

I2-гIа урок

Урокан цIе: Талламан болх «Гуьйренан хIаваъ» (агIо 24, шардар № 42) **Iалашо**: нийсайаздаран бакъонаш таллар; Iамийнарг карладаккхар.

Урок дIайахьар

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

I. Хьехархочо дIайоьшу текст.

Гуьйренан хIаваъ.



Сирла а, цIена а хуьлу гуьйренан йуьххьехь хIаваъ. ХIинца а зазашлахь гуш ду гуьйренан цхьадолу зезагаш. ЦIаьххьана хьуьнхахь йека йолало шоршал. Вота йетта йолало декъачу дитта тIехь къинхьегаме хенакIур. ХIинца а баьццара лаьтта варша йистера къена наж. Амма декхнийн баххьаш чIанадевлла. Царна тIера охьаэгна можа гIаш ду хино дIасаидош. Къилбехьа даха кечлуш ду олхазарш.

ТIедиллар: Текстехь долу цIердешнаш, билгалдешнаш, хандешнаш схьа а лахий, билгалде уьш (цIерд., билг., ханд.).

II.ЖамI дар:

Дешархоша толлу шаьш бина болх. Хьехархочо схьалахьадо тетрадаш.

III.ЦIахь: Бакъонаш карлайаха.

IV. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций. Суна Iеми … Суна хала дара … Суна ца хии …

I3-гIа урок

Урокан цIе: Чолхе дешнаш. ГIалаташ тIехь болх.

Iалашо: чолхечу дешнех нийса кхетам балар. Церан ши орам хилар хаийтар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна Iемар ду чолхе дешнаш талла, церан ший а орам каро, билгалбаккха; берашна Iемар ду чолхе дешнаш предложенешкахь каро, билгалдаха.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а, царех пайдаэца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочушдан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду ши орам болу дешнаш хIитто, церан башхаллех кхета. Царна Iемар ду чолхе а, цхьалхе а дешнаш вовшех къасто.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар. I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор (мотивацин мур).

Малх бу арахь къегина хьоьжуш. Массо а самукъане ву кху чохь. Цундела вай вовше дела а делла, Дала аьтто бойла аьлла, урок йолор йу. Вайна таханлерчу

урокехь дуккха а пайдехь дерг хуур ду, Іамийнарг карла а доккхур ду, хаарш шор а дийр ду.

ЦІена йаздаран миноташ.

млх хмл лмх

Самукъане дашца предложени хІоттайе. ДІайазйе. (Бераш самукъане ловзура.)

Талламан белхан анализ йар, гІалаташ тІехь болх бар. (ЦІаьххьана, йуьххьехь…)

ЦІера болх таллар.

Шардар №31 , агІо 18.

ІІІ. Хаарийн актуализаци

-Муьлха дакъош йаздина аш тІадамийн меттана?

-Муьлхачу дешнех олу гергара дешнаш?

-Муьлхачу дешдакъойн гІоьнца кхоллало дешнаш? Даладе масала.

-Стенна оьшу чаккхе?

IV. **Керла тема хьехар.**

Тидамбе:

-ДІадеша дешнаш. МаьІница догІу шишша дош вовшах а тухуш, керла дешнаш кхолла.

Дог, цІена, хІу, таса, чІерий, леца, хаза, хетта, зуда, бер, хьелий, оза.

Нийса жоп:

ДогцІена
ХІутосург
ЧІерийлецархо
Хазахетар
Зудабер
Хьелийозархо

ДІадеша дешнаш. Муьлха дешнаш ду уьш? (Уьш чолхе дешнаш ду).

-Муха кхолладели чолхе дешнаш? (Ши дош вовшахтохарца).

-Билгалбаха орамаш. Маса орам хуьлу чолхечу дешнийн? (Шиъ). -Муьлхачу дешнех олу чолхе дешнаш? Караде жоп книги тІехь. ДІадеша.

-Тера схьайазде дешнаш, гайта церан орамаш.

Кеп: догцІена.

 Берашка шайга болх байтар.

Шардар № 32, агІо І9.

-ТІера схьайазде шолгІачу бІогІамалгара дешнаш. Гайта церан орамаш.

Дагахь латтаде: *Уьш шина орамах лаьтта. Шина орамах лаьттачу дешнех чолхе дешнаш олу.*

19-чу аг1о т1ера бакъо д1айеша. Даладе масалш.

СадаІаран миноташ.

Мархаш догІанах йассало: -

Дола, догІа, дола!

Чуьппалгаш а кхиссало,
- Мала, кІа, ахь мала.
КІено охьатоІий, Молу,
молу, молу. Мела догІа,
ца соцуш, ДогІу, догІу,
догІу.

-Терахьдешнаш а хила тарло чолхе:

Масала: Цхьаъ, итт - цхьайтта; шиъ, итт – шийтта; кхоъ, итт – кхойтта; диъ, итт - дейтта; пхиъ, итт-пхийтта.

V. Іамийнарг тІечІагІдар.

Шардар № 33 , агІо І9. (Дешархошка шайга болх байтар).

Дешархоша шардар тІера схьайаздо, билгалдоху чолхе дешнаш, дуьйцу уьш муха кхолладелла.

-ДІайеша предложенеш, чолхе дешнаш билгалдаха.

Совхозо керла гІирсаш эцна. Царна йуккъехь йу хІутосург а, йолхьокхург а. Хьелиозархоша а эцна шура йоккху аппарататаш. Йуьртан бахамехь берриге а белхаш тІаьхь-тІаьхьа механизмаша дІалоцуш бу.
Божаберашший, зудаберашший хьуьнха экскурсе дахара. ЦІазамаш дохуш, зезагаш дохуш сакъийрира цара цигахь. Шерачу ара кхаьчча, дуккха а олхазарш гира берашна. Царна гира байлехьориг а, чІерийдохург а.

Ловзаран кеп: «Шиннах цхьаъ» 

Йозан у тІехь дІайаздина дешнаш ду. Уьш вовшах а тоссуш, керла дешнаш кхолла деза. Дешархой шина декъе а бекъна. Цхьацца тІе а воьдуш, дІайаздо цара уьш. Хьалха бевларш тоьлла лору. Хан билгал а йина дІадахьа тарлуш ду ловзар.

І тоба: урам, жа, Іу, некъ, хІусам, тосу, са, да, хІу, пха.

2 тоба: кема, са, хІорд, са, къа, хьега, къерам, бІаьрг.

Нийса жоп:

І тоба: урамнекъ, жаІу, хІутосург, синпха, хІусамда,

2 тоба: синкъерам, хІордкема, бІаьрса, къинхьегам.

- Карточкашца болх бар.

Чолхечу дешнашна буха сиз хакха.
ХІурдакема, чІара, чІерийлецархо, жаІу, таллархо, йуьртахо , иллиалархо, хІутосург.

Чакхйаккха предложени.

Чолхе дешнаш олу_____
_____ Масала,

VI. ЖамI дар.

-Муьлхачу дешнаш ду чолхе олурш?

-Маса орамах лаьтта чолхе дешнаш? Даладе масалш.

VII. ЦIахь бан болх балар.

Шардар № 34, агIо 20.

Билгалдаьхначу дешнашца предложенеш хIиттайе. ДIайазйе уьш.

VIII. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Іеми …

Суна кхета хала дара …

Со ца кхийти …

I4-гIа урок Урокан цIе: Дешхьалхенийн

нийсайаздар.

Iалашо: Дешхьалхе дешан дакъа хилар. Дешхьалхенийн хандешнашца нийсайазйаран бакъонаш йовзийтар.

Кхочушдан лерина жамIаш

I. Предметни: Берашна йевзар йу дешхалхенаш. Iемар ду уьш йозанехь билгалйаха. Хуур ду дешхьалхенаш хандешнашца цхьаьна а, къаьстина а маца йазйо.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан. Берашна хуур ду цхьаъ ша, тобанашкахь а, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа. Берашна хуур ду шайн кхиамийн бахьнаш довза, царех пайда эца. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь схьакаро.

Коммуникативни: берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Берашна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.

Познавательни: берашна йевзар йу дешхьалхе, хуур ду и дешан дакъа хилар, хандешнашца и муха йаздо.

3. Личностни: Берашна Iемар ду вовшашна гIо дарца, уьйр латто. Дика деша лаам кхоллалур бу.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор.

Диканиг Iамадахь, воним коьрта чу догIур дац.

-ХIун маьIна ду хIокху кицанан?

ЦIена йаздаран миноташ дкн мдх диканиг-вониг **ЦIера болх таллар.**

Шардар № 34, агIо 20.

III. *Хаарийн актуализаци.*

-Муьлхачу дешнех олу чолхе дешнаш? (Ши орам болчу дешнех чолхе дешнаш олу).

-ДIайеша шаьш цIахь йазйина предложенеш. Билгалдаха чолхе дешнаш, гайта церан орамаш. **Дешнийн диктант.**

Хьалахьаьжира, сецира, дешар, заманхо, тIевахара, саца, зама, охьахиира, дийцар, лаам, схьалецира, дешархо, дIалатийра.

- Билгалйаха дешхьалхенаш. Муха йазйина дешхьалхенаш дешнашца? (**Хьала**хьаьжира, **тIе**вахара, **охьа**хиира, **схьа**лецира, **дIа**теттира-дешнашкахь дешхьалхенаш цхьаьна йазйо).

IV. Керла тема хьехар.

Дешхьалхенийн хандашца къаьстина а, цхьаьна а йазйар таллар.

Тиамбе:

У тIе дIайаздо.

Дешархой дIабахара. Дешархой дIа ца бахара. Iуьйранна хьала а гIаьттина, ишколе ван кечлуш вара Сулиман. Iуьйранна хьалагIаьттира Сулиман.

-ДIайеша хьалхара ши предложени. Буха сизаш хьакха хандешнашна.

-Муха йаздина хьалхарчу предложенехь дешхьалхе дIа - хандашца?

(ХIоьттина). -Муха йаздина шолгIачу предложенехь дешхьалхе дIа - хандашца? (Къаьстина).

-ХIунда йазйина шолгIачу предложенехь дешхьалхе дашца къаьстина? Книги тIехь лаха жоп (агIо 20-гIа). ДIадеша.

ДIайеша кхоалгIа а, йоьалгIа а предложенеш. Муха йаздина шина предложенехь хандешнашца дешхьалхе? (ХIоьттина, къаьстина).

-Маца йазйо дешхьалхе хандашца къаьстина? ДIайеша бакъо (агIо 20-гIа).

-Маца йазйо дешхьалхе хьандашца къаьстина? (Дешхьалхе хандашца къаьстина йазйо, нагахь санна дешхьалхеннийн, орамний йуккъе ***а, ца, ма*** дагIахь.

-Муьлхачу дешнашца йазйо дешхьалхенаш? (Хандешнашца).

 Берашка шайга болх байтар.

Шардар № 36 , агIо 2I.

СадаIаран миноташ. *Маьлхан*

серло йаржале - Цхьаъ - шиъ -

кхоъ,

ГIенаш лахка, човхаде -
Цхьаъ, шиъ - кхоъ. Йиша,
ваша гIаттаде -Цхьаъ -
шиъ - кхоъ. Меттахвала
-Цхьаъ - шиъ - кхоъ.
ТIаьхьара алар:

Цхьаъ - шиъ - кхоъ,
Цхьаъ - шиъ - кхоъ,
Цхьаъ - шиъ - кхоъ, Цхьаъ
- шиъ - кхоъ.
Меттахвала, кхоссало
Цхьаъ - шиъ - кхоъ,
ГIаж схьалаца, кхозало -
Цхьаъ - шиъ - кхоъ.
Куьйгаш айба, волало -
Цхьаъ - шиъ - кхоъ. Ницкъ
бохьур бу боларо - Цхьаъ
- шиъ - кхоъ.

(Цугаев Салман).

ХIара садаIаран минот тIаьхьа мукъам балош, багахь йиш локхуш йан тарло.

V. Iамийнарг тIечIагIдар.

Тобанашкахь болх. 

У тIе дIайаздина ду дешхьалхенаш а, дешнаш а. Уьш вовшах а тосуш, керла дешнаш кхолла деза. (Дешархой шина тобане а бекъна, дешнаш сиха вовшах хьан тосур ду хьовсу).

Дешхьалхенаш: дIа, схьа, ара, чу, хьала, охьа, тIе, дехьа, сехьа.

Дешнаш:

I тоба: лаца, вала, кхосса, тоха, хеца, ала, вола, хила, кхача.
2 тоба: мала, татта, такха, шарша, веха, тоха, эца, кхалла, харцо.

Кеп: дIалаца, дIавала, дIакхосса.
-Муха йазйина йу дешхьалхенаш дешнашца? (Цхьаьна).
Дешхалхенний, орамний йуккъе **ца, ма, а** далош, дIайазде лекхара дешнаш.
Кеп: дIа **ца** лаца, дIа **ма** лаца, дIа **а** лаьцна; дIа **ма** вала, дIа **ца** вала, дIа **а** ваьлла; дIа **ца** кхосса, дIа **ма** кхосса, дIа **а** кхоьссина. -Муха йазйина йу дешхьалхенаш дешнашца? (къаьстина) **VI. ЖамI дар.**
-ХIун йу дешхьалхе?
-Муха йазйо иза хандашца?
VII. ЦIахь бан болх балар.
Шардар 38, агIо 22. Шина-кхаа предложеница чекхйаккхий, тIера схьайазйе текст. Хаттаршна жоьпаш ло.
VIII. Рефлекси.
Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми … 

Суна кхета хала дара … 

Со ца кхийти … 

I5-гIа урок Урокан цIе: Дешхьалхе а,

дештIаьхье а.

Iалашо: Берашна дешхьалхенаш а, дештIаьхьенаш а вовшех къасто Iамор. Церан нийсайазйаран бакъонаш йовзийтар.

Кхочушдан лерина жамIаш

I. Предметни: берашна йевзар йу дешхьалхенаш, дештIаьхьенаш, церан башшхаллаш. Берашна Iемар ду уьш йозанехь билгалйаха.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан. Берашна хуур ду цхьаъ ша, тобанашкахь а, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа. Берашна хуур ду шайн кхиамийн бахьнаш довза, царех пайда эца.

Коммуникативни: берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Берашна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.

Познавательни: берашна йевзар йу дешхьалхенан, дештIаьхьенан башхаллаш, дешхьалхе дешан дакъа ду, и йаздо дашах хIоьттина, дештIаьхье къамелан дакъа ду, и йаздо дашах къаьстина.

3. Личностни: Берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор.

ХIетал-метал хаийла шуна: гуттар а лесташ доьду и, амма цкъа а дIа ца кхочу. (Ага)

ЦIена йаздаран миноташ:

гтр цдс ага

III.**Хаарийн актуализаци.**

ЦIера болх таллар.

Шардар 38, 22 агIо.

-ХIун йу дешхьалхе? Цо хIун гIуллакх до? -ХIун

йу дештIаьхье? Цо хIун гIуллакх до?

-ДIадеша вайна тахана жоп дала хIоттийна хаттар? (ДештIаьхье а, дешхьалхе а. Уьш вовшех муха къасталур йу?)

-ХIун кхиамаш бохур бу аша? ХIун Iамор ду вай хьалхара?

-Бераш, вай тахана Iамор ду дешхьалхенаш, ДештIаьхьенаш вовшех муха къасто йеза. Вайна хуур ду дешхьалхенаш цхьаьна, къаьстина, ДештIаьхьенаш дешнашца къаьстина йазйан.

 **Тобанашкахь болх.**

I тоба
Меллаша охьаоьху, матто дуьйцу, дIадуьйцург хеза, дIадиллинарг дайна. **-Дешхьалхенаш шайца йолчу дешнашкахь орам, дешхьалхенаш билгалйаха.**

2 тоба
ДIа ма ала, хьалхайаьлла йоьду, тIе ца лаьцна, тIаьхьа ма сеца, охьа ца оьгу, дIаделларг карийна. **Дешхьалхенаш билгалйаха. Дийца йазйаран бакъонах лаций.**

3 тоба

Хьехар, толам, дийца, хьеха, дІаала, дийцар, толамхо, хьехархо, ала.

Дешнийн ораммий, чаккхе гайта шайн билгалонашца. Муьлха дешнаш ду маьІница гергара?

IV. Керла тема хьехар.

 Дешхьалхенийн хандашца къаьстина а, хоьттина а йазйар таллар.

У тІе дІайаздо.

Хьава дІайахара. Хьава дІа ца йахара. Ислам тахана хьалххе хьалагІаьттира. Ислам тахана хьала ца гІаьттира. Якъуб дена тІахьаведира. Якъуб дена тІаьхьа ма ведира. Якъуб дена тІаьхьа ца ведира. Дауд, чувола. Дауд чу ма вола.

-ДІайазйе предложенеш. Цкъа хьалха хандешнашца дешхаьлхенаш цхьаьна йазйинарш, йуха - къаьстина йерш.

Ловзаран кеп: «Караде дайна дош» (у тІе дІайаздо).

Стоьла …Іуьллу сахьт. Адам хи… велира нека ца хуушшехь. Дитта … бара хьозанан бен. Мархашна…лела кема. Хи…лела водолазаш.

-ДІайеша предложенеш. Муьлха дешнаш оьшу церан маьІна дуьззина хилийта? (ТІехь, чу, тІехь, тІехула, чухула).

-ДештІаьхьенашна а, царна хьалхарчу дешнашна а буха сизаш хьокхуш дІайазйе.

-Уьш хІун йу? (ДештІаьхьенаш).

-ДІайеша бакъо. ХІун йу дештІаьхье? Муха йазйо и дашца?

-Муьлхачу дешнийн цхьаьнакхетаршкахь йазйина йу дештІаьхьенаш? (ЦІердешнийн цхь.).

 Берашка шайга болх байтар.

Шардар 39 , агІо 23.ТІера схьайазйе, дештІаьхьенашна кІел сиз хьакха, дешхьалхенаш билгалйе.

СадаІаран миноташ.

Маьлхан серло йаржале-
ХьалагІатта, дІасахьажа, ГІенаш
лахка, човхаде.
ОхьатаІа, хьаланисло,
Меттахвала, кхоссало,

ГIаж схьалаца, кхозало, Куьйгаш
ойба, волало,
Ницкъ бохьур бу боларо.

V. Iамийнарг тIечIагIдар.

 Бакъо таллар.

-ДIайеша 22-чу агIо тIера бакъо. ХIун йу дештIаьхье? И муха йазйо цIердешнашца?
-ХIун йу дешхьалхе? Муха йазйо и хандешнашца? Маца йазйо и хандашца къаьстина? **Йозанан болх бар.**

Къовларш схьа а йоьллуш схьайазйе предложеженеш.

*Шен накъосташна (**тIе**) вахара Халид. Iусман (**схьа**) вогIуш вара. Iусман (**схьа**) ца кхечира. Уроке (**тIаьхьа**) висира Адам. Класса (**чу**) баха кечлуш бара уьш.*

-ДIайеша хьалхара предложени. Муха йазйо дештIаьхье цIердашца? (Къаьстина).
-ДIайеша шолгIа предложени. Муха йазйо дешхьалхе хандашца? (Цхьаьна).
(Иштта толлу йисна предложеженеш).

VI. ЖамI дар.

-ХIун йу дешхьалхе? Муха йазйо иза хандашца?
-ХIун йу дештIаьхье? Муха йазйо и цIердашца?

VII. ЦIахь бан болх балар. I. Бакъо, агIо 22-гIа.
2. Дешан хIоттаме декъа дешнаш: йухавала, дIавоьду, доттагIчуьнца, араволу, къоламца, тIелаца.

VIII**. Рефлекси «Светофор».**

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара.
Урок самукъане йара жигара дакъалецира.
Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.

І6-гІа урок Урокан цІе: Къасторан Ь,

Ъ хьаьркаш.

Іалашо: Берийн къасторан хьаьркех лаьцна болу хаамаш шорбар. Къасточу хьаьркийн меттиг йозанехь бовза хаар.

Кхочушдан лерина жамІаш

І. Предметни: Берашна Іемар ду къасторан хьаьркийн меттиг дашехь бовза, уьш нийса йаздан. Берашна хуур ду маца йаздан деза дешнашкахь къасторан хьаьркаш.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Іемар ду шайн болх кхиамаш хирболчу кепара дІабахьа. Берашна хуур ду цхьаъ ша, тобанакахь а, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дІабахьа. Берашна хуур ду шайн кхиамийн бахьнаш довза, царех пайда эца.Іемар ду шайна оьшу гІирс книги тІехь схьакаро

Коммуникативни: берашна хуур ду шайна тІедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Іемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Берашна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.

Познавательни: берашна хуур ду къасторан хьаьркаша гойтуш мукъаза а, мукъа а аьзнаш уьйш цахилар. Берашна хуур ду **к** элпана тІехьа къасторан кІеда хьаьрк маца йаздо.

3. Личностни: Берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Іамо.

Урок дІайахьар. І.Маршалла

хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

ІІ. Ойла тІейерзор.

Чекхъиккхи йовха аьхке.

Т1екхечи токхе гуьйре.



-Муха кхета шу йалийначу цитатах?

-Токхе дешан маьІна даста.

ЦІенайаздаран миноташ. лл

жж

-Байта йукъара схьайазде къасторан хьаьрк (ъ) йукъахь долу дош.
(чекхъиккхи)

ІІІ.Хаарийн актуализаци.

ЦІера болх таллар.

Дешан хІоттаме декъа дешнаш: юхавала, дІавоьду, доттагІчуьнца, араволу, къоламца, тІелаца.

Кеп: Дешнаш дешхьалхе орам чаккхе

Юхавала юха вал о

-Муьлха дешан дакъош билгалдаьхна аша? (Дешхьалхе, орам, чаккхе).

-Муьлхачу дешан декъах олу дешхьалхе? (Орамна хьалха а лаьтташ, цуьнан гІоьнца керла маьІна кхуллуш долчух).

-Стенах олу орам? (Гергарчу дешнийн йукъарчу декъах).

ХІетал-метал хаийла шуна:
ДІахаалаш иза хьаьркаш Уьш
массарна девзаш ду. Цара
коьрта гІуллакх до,
Мукъаза а, мукъа а аьзнаш

Вовшех уьш ца эдалийта,
Церан маьIна ца талхийта,
Говза гIуллакх лелош ду,
Церан меттиг билгал йу.

-Стенах лаьцна йу байт? (Къасторан хьаьркех).

-Муьлха къасторан хьаьркаш девза шуна? (ь, ъ).

-ХIун Iамор ду вай тахана?

-Бераш, вай тахана Iамор ду къасторан хьаьркаш дешнашкахь нийса йаздан.

IV. Керла тема хьехар.

- **Къасторан хьаркийн тидам бар.**

Ловзаран кеп: «Караде дайна элпаш» (у тIе дIайаздина дешнаш).

Ай..а, ирх..олла, чекх…эккха, син…оьздангалла, вовшах…ийна, шек..хила, хIаллак…хила.

-ДIадеша дешнаш. Оьшу элпаш йаздеш, дIайазде шайн тептарш тIе.

-Муьлха элпаш йазди аша дешнашкахь? (ь, ъ).

-Маца йаздо дашехь къасторан чIогIа хьаьрк? КIеда хьаьрк?

- **Бакъо таллар.**

-ДIаеша 23-гIа агIо тIера бакъо. ХIун хаьа шуна къасторан хьаьркех лаьцна?

-Муьлхачу дешнашкахь йаздан деза къасторан хьаьркаш?

- **Берашка шайга болх байтар.**

Шардар 40, агIо 23. Къасторан хьаьркашна кIел сиз а хьокхуш, тIера схьайазйе предложениш.

СадаIаран миноташ. ПIелгаш

Оха йазди, дукха йазди,
Йозано тхан пIелгаш кIадди.
ПIелгаш,Iадда ма Iелаш,

Хьалхий-тIаьхьий идалаш.
Кхийса-кхийса-кхийсалуш,
Ида, ида, кIад ца луш. Мохо
бецаш лестайо,
ДIа а, схьа а техкайо.
ПIелгаш, мохах шу ма кхера,
Ловза лелхаш, шайн сакъера.

V. Iамийнарг тIечIагIдар.

У тIе дIайаздо.

Яхья, Бекхан, Ахъяд.

-ДIайазде дешнаш. Дийца, х1унда ца йаздина х1окху дешнашкахь къасторан хьаьркаш.

Билгалдаккхар:

Адамийн долахь ц1ерашкахь къасторан хьаьрк ца йаздо.

Дагахь латтаде!

К элпана т1ехьа **ь** йаздо: шекьхила, х1аллакьхила.

Кхолларалли болх.

Предложенеш йалайе х1ара дешнаш йукъахь долуш: шекьхила, х1аллакьхила, Яхья, Бекхан, Ахъяд.

 (Бераш тобанашца болх бар).

I –ра тоба Чакхйаккха предложени.

Дешнашкахь: ***догъэца, меттахъхьен, разъэккха*** *йаздо къасторан …, хIунда аьлча, …*

2 –гІа тоба Чакхйаккха предложени.

Дешнашкахь: Яхья, Ахьяд, Бекхан ца йаздо къасторан хьаьрк, хІунда аьлча, …

VI. ЖамІ дар.

-Маца йаздо къасторан **ъ** (чІогІа хьаьрк)?

-Маца йаздо къасторан **ь** (кІеда хьаьрк)?

VII. ЦІахь бан болх балар.

Шардар 4І, агІо 24 . ТІадамийн метта оьшу элпаш а хІиттош, тІера схьайазйе предложенеш. Ъ кІел сиз хьакха.

VIII. Рефлекси.



I7-гIа урок Урокан цIе: ЦIердош.

ЦIердешнийн классаш.

Iалашо: ЦIердашах лаьцна йукъара кхетам балар. ЦIердешнийн грамматически билгалонех лаьцна болу хаамаш карлабахар.

Кхочушдан лерина жамIаш

I. Предметни: Берашна Iемар ду цIердешнийн маьIнах кхета, хаттарш довза. Берашна хуур ду предложенехь цIердешнаш билгалдаха. ЦIердешнийн грамматически билгалонаш толлур йу бераша.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Iемар ду, шайн корматалле хьаьжжина, цхьаъ ша, тобанашкахь а болх бан. Берашна хуур ду шайн балха тIехь рогIалла билгалйаккха, дешар кхиамаш дика хир болчу кепара дIадахьа. Вовшашна йуккъехь шайн болх дIасабекъа а, бинчу белхан жам1 дан а Iемар ду.

Коммуникативни: берашна хуур ду шаьш кхетта долу хIума шайн накъосташна дIадийца, уьш кхето. Шаьш ца кхеттачух лаьцна хьехархочуьнга хатта.

Познавательни: берашна хуур ду цIердешнашна хаттарш хIитто, уьш йозанехь билгалдаха. Iемар ду шайн гайтамашца цIердешнийн классаш йовза. Хуур ду дешнаш шина а терахьехь талла, чаккхенаш а, цIердешнийн дожарш билгалдаха.

3. Личностни: Берийн лаам хир бу нохчийн меттан хазалла ган, цуьнан кIоргалле кхача, дешар шайн дахарехь коьрта гIуллакх дина, Даймехкан дуьхьа къахьега.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор.

Шовданан куьзга чу доьжна,
Гуьйренан гІа деттало;
Акхтарган лергара йоьжна
Дашо чІуг хе идайо. (Сулаев М.)



-Муха кхета шу хІокху могІанех?

ЦІена йаздаран миноташ.

шнж жшн ншж

-Йоьжна, доьжна, воьжна, боьжна боху дешнашца маьІница догІу цІердешнаш даладе. (йоьжна гІала, доьжна кехат, воьжна салти, боьжна бІогІам). -ДІайазде тетрадаш тІе.

ІІІ. Хаарийн актуализаци.
ЦІера болх таллар.

Шардар 4І, агІо 24 .

-Муьлха элпаш йукъахдитина?

-Бакъонца чІагІде дашехь айхьа диллина хьаьрк.

-ХІетал-метал хаьийла шуна:

ХІуманаш, адам билгалдо, Мила?
ХІун йу? хаттарш до.
Ойлайей хьо дийций вала,
Кхъамелан вай муьлха дакъа Ду
со, чехка алий вала?

-Муьлха къамелан дакъа ду и? (ЦIердош).
-ЦIердешан хIун билгалонаш йу цу байт тIехь йалийнарш? (ХIуманаш, адам билгалдо, мила? хIун? хаттарш ду).
-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? (цIердашах Iамийнарг карладоккхур ду)
-Мила ву ша цхьаъ болх бан дагахь? ХIун кхиамаш баха дагахь ву хьо? Мила ву тобанца болх бан дагахь?

IV**. Керла тема хьехар.**

 ЦIердешнийн тидам бар.

У тIе дIайаздо. *Тукар,*

тIарий, маха, тIай,
Басам, кисий, дари кIайн
Ша, дол, аьрша йа Iаддий,
Уьйриг, мижарг, цхьа мисхал,
Нехча, берам йа сискал,
Шар йа морза, муьста бод,
Хьо дIайала, нанийн дог.

-Муьлха хIуманаш йу байта тIехь йуьйцурш? (Тукар, тIара, маха, басам, киса, дари, ша, дол,….).
-Уьш хIун йу? (Дешнаш).
-ХIун билгалйо цара? (ХIуманаш).
-Муьлха къамелан дакъош ду уьш? (ЦIердешнаш).
-Стенах олу цIердош? (Берийн жоьпаш).
-Хаттарш хIиттаде дешнашна. (ХIун?).
-Муьлхачу хаттарна жоп ло цара? (ХIун?).
-Кхин муьлха хаттарш ду цIердешнийн? (Берийн жоьпаш).
-ДIайазде и цIердешнаш.

Шардар 44, агIо 25.

-ДIайеша текст. Стенах лаьцна йу иза? Муьлха цIердешнаш ду цу текста йуккъехь? Буха сизаш хьакха.
-ДIайеша текст цIердешнаш ца доьшуш. Стенан тидам би аша? (Текстехь стенах лаьцна дуьйцу ца хаьа, чулацам галбаьлла).
-Стенна оьшу цIердешнаш? (ХIора хIуманан цIе йаккха оьшу?).

 ЦIердешнийн классийн тидам бар.

Лахахь далийна цIердешнаш дукхаллин терахье а дохуш, классан гайтамаш бигалбе:

Ваша ву- … (вежарий бу), нана йу-… (наной бу), у ду-…(аннаш ду), да ву-…(дай бу), йиша йу-…(йижарий бу, газа йу-(гезарий йу), деда ву-…(дедай бу), денана юйу…(денаной бу), кхор бу-…(кхораш ду).

-Муьлха гайтамаш бу божарийн классан? (Ву-бу).
-Муьлха гайтамаш бу зударийн классан? (Йу-бу). -Муьлха гайтамаш бу кхийолчу классийн? (Йу-йу, бу-ду, ду-ду).

-ДIайазде и дешнаш тептарш тIе.

СадаIаран миноташ.
ЧIерий Хи
йистехь ду,
Дитт ду даьлла.
Хина цо шен IиндагI делла.
Боккхур бу ас
Цунах сара,
Ловзабаккха Хи
чуьра чIара.
Мекхаш хьийзош,
Сеттош дайн,
Маса хьийза
ЧIара ...(йай).

V. Iамийнарг тIечIагIдар.
26-гIа агIо т1ера д1айеша бакъо.

- **Берашка шайга болх байтар.**

(ЦIердешнаш классашка дIанисдар). ***Шардар 45, агIо 26.***

-Муьлхачу тобанашка декъа деза дешнаш? (Классашка).
-Муьлха дешнаш йаздийр ду вай ***божарийн классе***?
-Муьлха дешнаш йаздийр ду вай ***зударийн классе***? -Муьлха дешнаш йаздийр ду вай ***кхийолу классе***?

Ловзаран кеп: **«Мила ву(йу) со?»**

	мила ?	муьлш?
Ишколехь		
Туьканахь		
Урамехь		
Машенахь		
Шахь		

ГIоьнна дешнаш: пассажир, дешархо, бер, эцархо, гIашло.
Кхолларалли болх.
Далийначу дешнех пайдаоьцуш, жима дийцар йазде «Мила хила лаьа суна». **VI. ЖамI дар.**
-Стенах олу цIердош?
-ЦIердешнаша хIун билгалйо?

-Муьлхачу хаттаршна жоп ло цара?
-ХIун башхалла йу цхьаллин а, дукхаллин а терахьерчу цIердешнашна йуккъехь?
-Муха хийцало цIердешнаш?
-ЦIердешнийн муьлха классаш йевза шуна?
-Предложенехь муьлха меже хуьлу цIердош?

VII.ЦIахь бан болх балар.
Шардар 47, агIо 27. МаьIница догIу дешнаш а далош, дешнийн цхьаьнакхетарш дIайазде. ЦIердешнаш муьлхачу класса чу догIу, билгалде.
26-гIа агIо тIера бакъо дагахь Iамайе.

VIII. Рефлекси.
Дийца шайн кхиамех лаций.
Суна Iеми … 
Суна кхета хала дара … 
Со ца кхийти … 

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

I8-гIа урок Урокан цIе: ЦIердешнийн дожаршца

хийцадалар.

Iалашо: ЦIердешний легарх лаьцна йукъара кхетам балар. ЦIердешнийн дожарш а, церан хаттарш а довзийтар. ЦIердешнаш дожаршца хийца Iамор.

Кхочушдан лерина жамIаш

I. Предметни: бершана девзар ду цIердешнийн дожарш, церан хаттарш. Iемар ду хаттарийн гIоьнца цIердешнаш дожаршца хийца, чаккхенаш билгалйаха.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Iемар ду шайн белхан хьесап дан, цу хьесапан рогIаллица кхиамаш баха. Берашна Iемар ду книгаш тIехь оьшу гIирс лаха, цунах пайда эца.

Коммуникативни: берашна Iемар ду шайна оьшург вовшашка а, хьехархочуьнга а хатта. Шайна хетарг накъостий кхетар болчу кепара дIадийца.

Познавательни: берашна Iемар ду дожарийн маьIнаш довза. ХIора дожарийн маьIнин гIоьнца хаттарш довза, церан гIоьнца дешнаш дожаршца хийца.

3. Личностни: Берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, Iемар ду кхиамаш баха.

Урок дIайахьар. I.Маршалла

хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор

Ломах ваьлла хьоме хьаша,
Марша ван хьо делаI, Хазчу
хенахь лелла генахь, Хьо
мичара вели?
Хьаша – тешам, эшахь – гIортор, Хьуна
аьтто бай тхо-м,
Зенах, зуламах хьешан корта
Ларбеш лелла дай а. (Я. Хасбулатов)

-Муха кхета шу байтан чулацамах?

-Схьайазде цIердешнаш, билгалдаха дожарш.

ЦIена йаздаран миноташ:

злх

Хьаша, дай, корта, тешам, гIортор, аьтто - ЦI.д

Ломах, зенах, зуламах – Х.д. …

III. Хаарийн актуализаци. ЦIера болх таллар.

Шардар 47, агIо 27.

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдина аша и?

-Муьлхачу дешнех бозуш бу классан гайтамаш?

-Стенах лаьцна дуьйцур вай тахана? (ЦIердешнийн дожаршца хийцадалар).

-Маса дожар ду нохчийн маттахь? (8)

-Бераш, вайна тахана карладохур ду цIердешний дожарш, церан хаттарш. Iемар ду цIердешнаш дожаршца хийца.

IV. Керла тема хьехар.

ЛадогIа стихотворенин могIанашка. Билгалде, муьлхачу дожаршкахь лаьтташ ду дош БIАЬСТЕ. Хаттарш хIиттаде.

Жил-Iалам ду аренца
Денлуш, хазлуш бIаьстенца (К.д).
Ду и самах, дац и гIенах, Тамаш
бо ас бIаьстенах (Х.д.).

Луьрчу Iаьно гIелдина,
Кху дийне сатийсина,
ЦIенчу дагца, хьасене Дерриг
кхийда бIаьстене (М.д.).

Шело, йовхо вовшех къаьста,

ХIун хир тамехь дог хьан даста,
КIаддеш иза йуха хьаста Дог
делочу бIаьстенал (Дс.д.)

-Билгалдаьхна дешнаш йукъа а далош, кхо предложени хIоттайе.

 ЦIердешний дожарийн маьIнийн тидам бар. -ДIадеша

цIердешнийн дожарш, церан хаттарш.

-ХIун маьIна ду *цIерниг* дожаран? Муьлха хаттарш ду цуьнан?
-ХIун маьIна ду *доланиг* дожаран? Муьлха хаттарш ду цуьнан?
-ХIинца шуна дожарш дика дагахь латтийта вай Iамор йу байт.

Мила? хIун? леговала.
Хьенан? стенан? Сурт ду ала,

Хьанна? стена? Ду вай реза,

Хьан? стен? Вайна гIо дан деза,

Хьаьнца? стенца? Меттиг къуьйсу,

Хьанах? стенах? Лаьцна дуьйцу,

Хьаьнга? стенга? Хьовсур ду.

Хьанал? Стенал? ГIоле ву (I.Вагапов)

-ХIинца вай оцу дожаршца хуьйцур ду ши дош, оцу байтах пайда а оьцуш.

-Лор дош леговала, -Сурт
ду хьенан? (Лоьран).
-Ду вай реза хьанна? (Лоьрана).
-Вайна гIо дан деза хьан? (Лоьро).
-Меттиг къуьйсу хьаьнца? (Лоьраца).
-Лаьцна дуьйцу хьанах? (Лоьрах).
-Хьовсур ду хьаьнга? (Лоьре). -
ГIоле ву хьанал? (Лоьрал)
-ХIун ди вай ***лор*** дашна?

-Вай дош ***лор*** дожаршца хийци. Дешнаш дожаршца хийцадаларх легар олу.

Вуьшта аьлча, дош ***лор*** вай леги ала мега.

-Лор дешан орам билгалбаккха. (Лор).

-Муьлха дакъа ду хийцаделларг? (Чаккхе).

-Муьлха хаттарш ло адамаш билгалдечу цIердешнашна? (Мила? Муьлш?) -Муьлха хаттарш ло кхийолу хIуманаш билгалдечу цIердешнашна? (ХIун?).

Шардар 49, агIо 29. Тобанашца болх бар.

ЦIердешнаш легаде: малх, къолам, москал.

(3 тобано цхьацца дош хуьйцу дожаршца цхьаллин а, дукхаллин а терахьехь, и дешнаш йукъахь долуш предложенеш хIиттайо).

 ЦIердешнийн кхечу дешнашца йолчу уьйран тидам бар.

Шардар 50, агIо 28.

Стенна? **лома** тIехула (лург дожар)

ХIун? **лам** (цIерниг дожар)

Стенан? **ломан** (доланиг дожар)

Стенах? **ломах** (хотталург)

Стенга? **лома** (меттигниг)

Стенал? **ломал** (дустург)

-ХIун хили **лам** дашна? (Дожаршца хийцадели).

-Муьлха дожар йукъахь дисина? (Дийриг, коьчалниг).

- Дийриг, коьчалниг дожаршкахь муха хир дара лам -цIердош?

(Хила дезачу рогIаллехь иштта хир ду).

ЦI. хIун? лам

Дл. стенан? ломан

Л. стенна? ломана

Др. стен? ломо

К. стенца? ломаца

Х. стенах? ломах М.
стенга? лома

Дс. стенал? ломал

-Муьлха хаттар ло хIуманаш билгалйечу дешнашна? (ХIун?).

-Муьлха хаттарш ло адам билгалдечу дешнашна? (Мила? Муьлш?).

СадаIаран миноташ.

Олхазарш

Диттийн гьаннаш лестадеш, Ловзуш лела олхазарш

- ЦIир-цIир-цIир! (ЧIогIа)

(Олхазарша санна, куьйгаша лестош, бераш уьду, хьехархочунна тIаьхьа байташ а олуш)

Дийнахь сарралц уьш дийки,
(Голаш тIе охьаховшу, куьйгаш беснеш кIел а дохкуш, наб кхета).
Бераш дийша ца дити:

- ЦIир-цIир-цIир. (ЧогIа).
Буьйса йуьйли – уьш дIатий, Массарна а наб кхийти: -ЦIир-цIир-цIир! (Халла хезаш).

V. IамийнаргтIечIагIдар

- **Бакъо таллар**.

-ДIайеша 27, 28 агIо тIера бакъо.

-Нохчийн маттахь маса дожар ду? (Нохчийн маттахь бархI дожар ду). -Легар бохург хIун ду? (ЦIердешнаш дожаршца хийцадаларх легар олу).

- **Караде гIалат: (у тIе дIайаздо дешнийн цхьаьнакхетарш)**

Кхочушдо кIант (кIанта), йазди дешархо (дешархочо), хьожу ваша (веше).

- **Схьакараде дожарш. (**дешнаш догIучу дожаршна дуьхьал дIайаздо**)** Парта, дашах, кехато, дечиган, гIантана, малхал, баттаца, даше.

VI. ЖамI дар.

-Стенах олу легар?

-Маса дожар ду цIердешан?

-Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло адамаш билгалдечу цIердешнаша?

-Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло кхийолу хIуманаш билгалйечу цIердешнаша?

VII. ЦIахь бан болх балар.

- Шардар 5I, агIонаш 28-29. Билгалдина цIердешнаш шайца уьйр йолчу дешнашца цхьаьна (дешнийн цхьаьнакхетарш) тIера схьайазде. Дожар билгалде.

VIII. Рефлекси. «Светофор»

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара. 

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира. 

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара. 

I9-гIа урок

Урокан цIе: Къамелан дакъош

Iалашо: Билгалдешан маьIнех йукъара кхетам балар. Текстехь билгалдешнаш довза, уьш билгалдаха Iамор. Билгалдешан хаттарш довзийтар, царах пайда эца Iамор.

Кхочушдан лерина жамIаш

I. Предметни: Берашна девзар ду хIуманийн билгалонаш гойтуш долу дешнаш, Iемар ду царех пайда эца. Хуур ду билгалдош предложенехь муьлха меже хуьлу, муьлхачу къамелан декъаца уьйр хуьлу.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIабахьа. Берашна хуур ду шайн корматалле хьаьжжина болх дIабахьа (цхьаъ ша, тобанашкахь).

Коммуникативни: берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала, масалш а далош, шайна хетарг тIечIагдан. Берашна хуур ду шайна хетарг накъостий кхетар болчу кепара дIадийца. Шайна оьшучуьнга дика ладогIа.

Познавательни: берашна хуур ду шайна оьшу гIирс книги тIехь а, интернет чохь а схьакаро, цунах пайда эца. Берашна Iемар ду дешнийн цхьанакхетарш предложенеш йукъара схьайаздан, хуур ду билгалдешнашна антонимаш каро. Берийн ойлайар, тидам бар алсам дер ду.

3. Личностни: Берийн лаам хир бу говзалла а йолуш, дика кхеташ а болуш, дикачу дешаран суьрте баха.

Урок дIайахьар. I.Маршалла

хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Ойла тIейерзор (мотивацин мур).

-Дахарехь адамийн коьртаниг хIун ду?

-Дахарехь адамийн коьртаниг хьекъал, ийман ду.

ЦIена йаздаран минoташ:

крт дхр хьекъал ийман

III. Хаарийн актуализаци. ЦIера болх таллар.

Шардар 5I, агIонаш 28-29.

-ДІадеша тІедиллар. Муха кхочушдан деза шардар? (Билгалдина цІердешнаш шайца уьйр йолчу дешнашца цхьаьна тІера схьйазде. Дожар билгалде).

(Бераша цхьацца дешнийн цхьанакхетарш а доьшуш, дуьйцу цІердешнаш муьлхачу дожарехь лаьтта).

 Билгалдешнийн тидам бар.

У тІе дІайазйо байт.

Мерза Іаж

Іаж бу хилла, цІен, мерза,
Горга, чкъор ду сов хаза. Ас
и йуккъех боькъур бу,
ДоттагІчунна а кхачор бу.



-ДІайеша байт. ХІун йу цу тІехь йуьйцуш йерг? (Іаж).

-Іаж муьлха къамелан дакъа ду? (ЦІердош).

-ЦІердешан муьлха билгалонаш йу цу тІехь йалийна? Муха бу Іаж? (ЦІен (бос), мерза(чам), горга(барам)).

-Муьлхачу хаттарна жоп ло цара? (Муха?).

-Мухачу ? хаттарна жоп луш хилча муха хир дара и дешнаш? (ЦІечу, мерзачу, горгачу).

-Муьлха къамелан дакъош ду уьш? Лаха мега жоп книги тІехь. -ХІун

Іамор ду вай тахана? ХІун кхиамаш баха дагахь ду шу? -Бераш,

вайна тахана девзар ду билгалдешнаш. Шуна Іемар ду

билгалдешнаш довза, уьш билгалдаха, царна хаттарш хІитто.

IV. Керла тема хьехар.

 Предложенешкахь билгалдешнийн тидам бар.

ХIетал-метал хаийла шуна:

ЦIечу гIожа тIе хевшина кIайн котамаш. (Цергаш).

КIайчу экъана тIера Iаьржа сизаш. (Йоза).

-ДIадеша хIетал-металш. ХIун йу царна тIехь йуьйцуш йерш? (Цергаш, йоза).

-Муьлхачу дешнаша гIо дира шуна уьш хIун йу хаа? (ЦIечу, кIайн, кIайчу, Iаьржа).

-Муьлха хаттаршна жоьпаш ло цара? (Мухачу? Муха? Стенан?).

-ХIун билгалйо цара? (ХIуманийн билгалонаш гойту).

-Муьлха къамелан дакъош ду уьш? (Билгалдешнаш) -И

дешнашш ца доьшуш дIадеша хIетал-металш.

-Билгалдешнаш ца хилча хуур дуй хIун йу йуьйцург? (дац).

-Стенна оьшу билгалдешнаш? (Берийн жоьпаш).

-Билгалдешнаша вайн дахар хаздо. Цара хIора хIуманна бос ло: зезаг муха ду? (цIен, можа, сийна).

- Йуучунна чам ло: муха бу Iаж? (Мерза, муьста, чаьмаза).

-ХIуманна барам ло: буьрка муха йу? (Горга, йоккха, жима).

-ХIума стенах йина гойту: парта стенах йина? (Дечиган парта, эчиган ков, болатан неI).

-ХIума хьенан долахь йу дуьйцу? (Хьенан йовлакх? Йишин йовлакх).

- **Бакъо таллар.**

-ДIайеша 29-чу агIон тера бакъо.

-Стенах олу билгалдош?

-Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло билгалдашо?

-Муьлхачу къамелан декъаца уьйр хуьлу билгалдешан?

- **Текстехь билгалдешнаш билгалдахар.**

Шардар 52 , агIо 29.

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза шардар? (Билгалдаха билгалдешнаш)

-Билгалдешнийн муьлхачу къамел декъаца уьйр хуьлу? (ЦIердешнашца).

-ДIайеша хьалхара предложени. Караде цIердош. (Хи).

-**Хи** дашна тIера хаттар ло билгалдашна? (Муха хи? цIена).

(Иштта толлу кхийолу предложенеш)

СадаIаран миноташ.

ЧIерий Хи
йистехь ду,
Дитт ду даьлла.
Хина цо шен
IиндагI делла.
Боккхур бу ас
Цунах сара,
Ловза баккха Хи
чуьра чIара.
Мекхаш хьийзош,
Сеттош дайн,
Маса хьийза
ЧIара ...(йай).

V. Iамийнарг тIечIагIдар

Ловзаран кеп «Аукцион».

Лахахь далийначу дешнаш дуьхьал билгалдешнаш йазде. ХIокху ловзарехь массарел тIаьхьа билгалдош далийнарг тоьлла лору.

Бос - (кIайн, Iаьржа, сийна, бора, боьмаша, хьаьрса …)

Чам – (мерза, дуьра, къаьхьа, кIон…)

Барам – (йоккха, жима, лоха, лекха, кIорга ..)

Амал – (буьрса, дика, вон, аьрха, акха, дера…)

 **Берашка тобанашкахь болх байтар.**

1-ра тоба

Лекха дитт, шера аре, Хьаван къолам, вешин толам, муьста хьач, шийла шовда, къорза истанг, ломара хьаша, йуькъа хьун, мерза стом, хьоме Даймохк, цIена Iалам, тIаьрсиган буьрка, зевне маьхьарий.

Шина бIогIамалге декъа дешнаш:

цIердешнаш **билгалдешнаш**

_____
_____

2-гIа тоба

Лекха дитт, шера аре, Хьаван къолам, вешин толам, муьста хьач, шийла шовда, къорза истанг, ломара хьаша, йуькъа хьун, мерза стом, хьоме Даймохк, цIена Iалам, тIаьрсиган буьрка, зевне маьхьарий.

Шина бIогIамалге декъа билгалдешнаш:

Муха? Муьлха?_____
Хьенан? Стенан?_____

3-гIа тоба

Шийла, лекха, Іаьржа, стомма, ирча, йовха, готта, лоха, муьста, кІеда, йуткъа, кІайн, мерза, хаза, шуьйра, онда.

Схьакараде дуьх-дуьхьал маьІна долу билгалдешнаш.

Кеп: шийла-йовха, лекха-лоха.

VI. ЖамІ дар.

-Стенах олу билгалдош? Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло билгалдашо? Муьлхачу къамелан декъаца уьйр хуьлу билгалдешнийн?

-ХІун маьІна ду хьенан? хаттарна жоп лучу билгалдешнийн? Стенан? хаттарна жоп лучу билгалдешнийн?

VII. ЦІахь бан болх балар.

Шардар 53, агІо 30. ЦІердешнех, билгалдешнех лаьтта дешнийн цхьаьнакхетарш схьалаха.

VIII. Рефлекси «Светофор».

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара.

Урок самукъане йара, а с игара дакъалецира.

Со урокана кийча ж в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.

20-гІа урок

Урокан цІе: Къамелан дакъош.

Іалашо: Хандешнех лаьцна кхетам балар. Хандешан маьІна, билгалонаш, хаттарш довзийтар. Хандашо кхочушден гІуллакх довзийтар.

Кхочушдан лерина жамIаш

I. Предметни: Берашна девзар ду хандош. Iемар ду къамелехь хандешнех пайда эца, церан гIуллакх довза. Хуур ду текстехь хандешнаш каро, уьш предложенех муьлха меже хуьлий лела.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Iемар ду шайн болх книги тIехь беллачу гIирсе терра дIанисбан. Цуьнан рогIалла а ларйеш кхиамаш баха. Берашна Iемар ду, шайн корматалле хьаьжжина, болх тIелаца, тIелаьцнарг чаккхдаккха лаам хир бу.
Коммуникативни: берашна Iемар ду шайга деллачу хаттаршна дуьззина, бух болуш, хаттарш дала. Шайна тIедиллина гIуллакх барта талла. Берашна Iемар ду шаьш дика кхетта хIума накъосташна дийца, царна гIо дан.
Познавательни: берашна хуур ду книги тIехь шайна оьшу материал лаха, цунах пайда эца. Берашна Iемар ду шайна девзинарг, Iамо дезаш дерг дуста, царна йукъара уьйр каро, цунах пайдаэца.

3. Личностни: Берашна Iемар ду дешар шайн дахарехь коьрта гIуллакх дина цхьана рожехь дIадахьа. Берех кхуьур бу корматалла йолуш, Даймахкана пайде болу дешархой.

Урок дIайахьар. I.Маршалла

хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II.Ойла тIейерзор.

Даймохк боцуш волу стаг, тIам боцу олхазар ду.

-Муха кхета шу кицанах? **ЦIена**

йаздаран минoташ: дмхкй

Даймохк

III. Хаарийн актуализаци.
ЦIера болх таллар.

Шардар 53, агIо 30.

(Бераша дуьйцу шаьш билгалдаьхна дешнийн цхьанакхетарш (цIердешнех, билгалдешнех лаьтта).

-ХIетал–метал хаийла шуна:
ХIуманан дар, хилар гойту.
Къамелан дакъа со ду.
ХIун дина? Дийр ду? Йа до? Хаттаршан
а жоьпаш ло?

-Муьлха къамелан дакъа ду дуьйцург? (Хандош).

-Хандешан муьлха билгалонаш йу цу тIехь йалийнарш? (Дар йа хилар гойту, хIун дина? хIун дийр ду? хIун до? бохучу хаттаршан жоп ло).
-Даладе масалш оцу хаттаршна. (берийн жоьпаш)
-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? ХIун кхиамаш бохур бу аша?

IV. Керала тема хьехар.

У тIе а, тетрадаш тIе а дIайазйо предложенеш:

ТIекхечи токхе гуьйре. Мерза стоьмаш кхиънера тхан бешахь. Денош кхоьлина догIура. Бахархой Iаьнна кечам беш бу.

-Къамелан дакъош билгалдаха
- Хандешнашна хаттарш хIиттаде

Ловзаран кеп. «Караде дайна дош». Тобанашкахь болх бар.
(ЦIердешнашца маьIница догIуш долу хандаешнаш даладайтар) **I тоба**
Корта …(лозу) Мача
…(йуху)

БIов …(йутту) Йуьхь
…(йуьлу) Амал
…(хуьйцу)
ГIишло …(тойо)

2 тоба

Дог …(лозу)

Алу …(йогу)
Йай …(шелло)
ГIара …(хеза)
Пен …(бутту)
Куй …(туьллу)

- **Хандешнийн хенашца хийцадаларан тидам бар.**

Шардар № 54 , агIо 30.

-ДIадеша хьалхара дакъа. Муьлханаш ду хандешнаш?

-ДIадеша шолгIа дакъа. Муьлханаш ду хандешнаш?

-ДIадеша кхоалгIа дакъа. Муьлханаш ду хандешнаш?

-ДIадеша хьалхара ши дакъа хандешнаш кararчу хене а дохуш. ШолгIа ши дакъа йогIучу хене.

-ДIайазде уьш. Хандешнашна буха сизаш хьакха.

31-чу аг1он т1ера д1айеша бакъо, даладе масалш.

- **Текстехь хандешнийн тидам бар.**

Шардар № 55 , агIо 3I.

-ДIайеша байт. Мила ву цуьнан автор?

-Стенах лаьцна йу иза? (Буьйсанах).

-ХIун дина буьйсано? (тIехйаьлла).

-Седарчаша хIун до? (къега).

-Аренаш хIун дина? (йоьлла)

-Батто хIун до? (нека)

-Муьлхачу хенан хандешнаш ду уьш? (Карарчу а, йаханчу а хенан).

-ДIайазде уьш. Кхин а шиъ йогIучу хенан хенан хандош йазде.

СадаIаран миноташ.

Зезаг долу-уш самадели, Тохадели,
меттахдели.

Мохо патарш лестадо,
ГIийла зезаг техкадо. Малх
схьакхийти, айбели, Бода
лоллуш, серло йели.
Полла гIоттуш, тIемабели, ТIемаш
лестош, лакхабели.
(Байташ тIехь дуьйцург кхочушдо бераша: голаш тIе хевшина Iа, кортош охьа а дахийтина, бIаьргаш хьекхош, самадовлу, меттаха хьоь, зезаг санна, леста, техка и. дI. кх.)

V. Iамийнарг тIечIагIдар.

Хандешан предложенехь синтаксически гIуллакх довзийтар.

-Схьайазйе у тIера предложенеш. Къамелан дакъош билгалдаха.

Дешархочо книга йоьшу. Нанас туьйра дийцира.

Асета кехат йаздийр ду. УьйтIа веанера жима кIант -ДIайеша хьалхара предложени. Муьлханиг ду сказуеми? (Йоьшу).

-Муьлхачу хаттарна жоп ло цо? (ХIун до? йоьшу).

-Предложенин муьлха меже хуьлу хандош? (Сказуеми).

-Караде подлежащи. (Йоьшу хьан? дешархочо- подлежащи).

-Карайе коьртаза меженаш. (Йоьшу хIун? книга-коьртаза меже йу).

(Иштта толлу предложенеш).

Туьйра

Дехаш дара цIердешнаш. ЧIогIа хаза, бертахь Iара уьш.

Амма цаьрга хIумма а дан ца лора. Уьш цхьана меттахь Iохкура. Цундела церан самукъа ца долура.

Цхьана дийнахь буозбуанча веара уьш долчу. Цунна къахийтира цIердешнех. Цо царна хьекъал делира: «ДIо ворхI ломал дехьахь ду шуна къамелан дакъа, массо хIума дан хаьа, самукъане а долуш. Цаьрца уьйр лаца, уьш хир ду шун когаш, куьйгаш бIаьргаш. Аша хIумнаш билгалйиийр йу, цара хIумнашка болх бойтур бу.

ЦIердешнаш, шен буозбуанчаллица хандешнаш долчу дигира буозбуанчас. Цара цигахь уьйр тесира, уьш цхьана даха хевшира. ЦIердешнаша хIуманаш билгалйеш, хандешнаша цаьрга гIуллакх дойтуш.

-ХIун гIуллакх дойтур ду хIокху цIердешнашка? Йуза таблица.

ЦIердош	**Хандош**
КIант	
Iахар	
Дитт	
Малх	
Мох	
ЖIаьла	
ДогIа	

ЦIердош	**Хандош**
КIант	
	Бежа
Дитт	
Малх	
	Хьоькху
ЖIаьла	
	ДогIу



Тобанашкахь болх бар.

1 тоба .

ТIейуза предложенеш.

ЙоI, ваша, гIант_____ , _____ , _____,
цара_____ билгалйо. Уьш_____ду. ХIума _____ къамелан декъах_____олу.

2тоба .

ТIейуза предложенеш.

Хаза, жима,_____ , _____ , _____

, цара хIуманан _____ гойту.

ХIуманан _____ гойтучу къамелан декъах

_____ олу.

3 тоба.

ТIейуза предложенеш.

Воду, ловзу,_____, _____,_____, цара

_____ билгалдо. Уьш _____ду.

ХIуманан _____ йа _____ гойтучу къамелан

декъах_____ олу.

VI. ЖамI дар. -Стенах олу хандош?

-Хандешан муьлха билгалонаш йевза вайна?

-Муьлхачу къамелан декъан дар гойту хандашо? -Предложенехь муьлха меже хуьлий лела хандош?

VII. ЦIахь бан болх балар.

Йаханчу, карарчу, йогIучу хенан кхоккха хандош йазде.

VII. Рефлекси «Светофор».

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара.

Урок самукъане йара, а[illegible]е жигара дакъалецира.

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

2I-ра урок

Урокан цIе: **Талламан болх «ЦIирцIирхьоза»** (агIо 28, ш.5I)

Iалашо: Iамийначу бакъонех йозанехь пайда эца хаар таллар (долара цIераш даккхийчу элпашца йазйар, мукъа аьзнаш (и, уь (йуь) йозанехь билгалдахар, мукъаза шалха элпаш тIаьхье –хьалхе нисделча нийсайаздар). Хандешнийн чаккхенаш нийсайазйар таллар. Текстехь хандешнаш карор, церан грамматически билгалонаш йовзар, тидам бар.

3. Личностни: Iаламе безам кхоллар.

Урок дIайахьар Маршалла ду

шуьга хьоме бераш!

I. **Текст йовзийтар.**

Хьехархочо дIайоьшу текст.



ЦIирцIирхьозано цхьана минотана бага ваьшта ца йуьллу. Дитта тIехь шайна чхьаьврига, нIаьвциг йа кхийолу сагалмат хаайелча, кхидолу олхазарш тIедоьху цара.

Оха телефон тIе дIайаздира церан аьзнаш. ХIунда йаздира хаьий шуна?

Тхайна бешахь сагалматаш хаайелча, оха телефонехула церан аьзнаш дIахозуьйту.

ЦIирцIирхьозанан озаца йека йолало телефон. Олхазарш цу сохьта беша схьакхочу. Сагалматех дIацIанйо цара беш. Баркалла а олу шайна йуург йаларна.

Ткъа оха царна - гIо дарна.

1. Текстана цIе тилла.
2. Билгалдина цIердешнаш шайца уьйр йолчу дешнашца цхьаьна (дешнийн цхьаьнакхетарш) тIера схьйазде. Дожар билгалде.

II. ЖамI дар:

Дешархоша толлу шаьш бина болх. Хьехархочо схьалахьадо тетрадаш.

III. ЦIахь бан болх балар.

Бакъонаш карлайаха.

IV. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми …

Суна хала дара …

Суна ца хии …

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

22-гIа урок

Урокан цIе: Предложенин цхьанатайпанара меженаш. ГIалаташ тIехь болх.

Іалашо: Предложенин цхьанатайпанарчу меженех кхетам балар. Цхьанатайпанара меженаш йукъахь йолуш предложенеш хІитто хаар, уьш вовшашца йозайаларан гІирс бовзийтар (интонации, **а, амма, ткъа** хуттургаш).

Кхочушдан лерина жамІаш

І. Предметни: Берашна йевзар йу предложенин цхьанатайпанара меженаш. Хуур ду предложенин цхьанатайпанара меженаш йукъахь йолуш предложенеш лаха, предложенин коьрта а, коьртаза а меженаш цхьанатайпанара хила мегаш хилар. Бевзар бу уьш вовшашца йозайаларан гІирс.

2. Метапредметни:

Регулятивни: берашна Іемар ду шайн белхан хьесап дан, шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дІабахьа, шайн корматалле хьаьжжина, болх тІелаца, цунах жоп дала.

Коммуникативни: берашна Іемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доцца жоьпаш дала. Хуур ду вовшашна гІо дан, цахуург хатта.

Познавательни: берашна Іемар ду книги тІехь шайна оьшу гІирс схьалаха, цунах пайда эца. Хуур ду предложенин цхьанатайпанара меженаш йукъахь йолуш предложенеш хІитто. Берийн алсам дер ду хІуманан тидам бар, ойлайар, хІума довзар.

3. Личностни: Берийн синкхетам хир бу: дешар коьрта гІуллакх хилар, нохчийн мотт дика хаар, дешар тІехь гІо хирг хилар. Берийн лаам хир бу корматталла а йолуш, Даймахкана пайде болу дешархой хила.

Урок дІайахьар.

І.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

ІІ. Дог даийтаран мур (мотиваци).

ГІаьттина, теллина, йаздина, тодина, оьхьадиллина хІун? **(Тептар).**

ЦІена йаздаран миноташ:

йазд дзаь здаь тептар

ЦІера болх таллар.

ЦIахь йаздина хандешнаш доьшуьйту.

Дешархоша шаьш толлу цIахь бина болх.

III. Хаарийн актуализаци.

«Аьрха Орга бердах лета, Ирча

угIуш тулгIе шен.

Шовда шеллуш санна хета, Даьлча

Iалам къамеле.» (Окуев Ш.) -

Дешнийн маьIна къастош болх бо.

У тIе а, тетрадаш тIе а дIайазйо предложенеш, синтаксически толлу. 1.

Бацалахь техкара кIайн, можа, цIен зезагаш.(къастамаш)

2. Дешархочо ийцира тетрадаш, книгаш, къоламаш, ручкаш.(кхачамаш)
3. Бераш арахь ловзу, уьду, вон лела. (сказуемеш)

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? (предложенин цхьанатайпанара меженех)

IV. Керла коьчал йовзийтар.

Предложенешкахь йолчу коьртачу меженашна кIел сиз хьакха

Хьалхара тIедиллар: Шардар №57, агIо 32

-Маса подлежащи ду 1-чу а, 2-чу а предложенашкахь?

-Маса сказуеми ду 3-чу предложенехь?

-Предложенин муьлха меженаш йу уьш?

ТIейуза предложенеш цхьанатайпанарчу меженашца.

Нанас ийцира (хIун?) ...(ручка, тетрадь, къолам). Стоьмийн бешахь кхиадора (хIун?)…(Iежийн, кхорийн, хьайбанийн) дитташ. Бераш майданахь …(ловзу, уьду).

Кхолларалли болх.

ДоттагIчуьнга кехат йазде, предложенешкахь цхьанатайпанара меженаш йукъайалош. Дийца, муьлха меженаш йу уьш (коьрта йа коьртаза).

СадаIаран миноташ:

ЙоргIа.

ЙоргIа говр, йоргIа говр, Хало,

атто оха ловр.

Дига генна хьайца дIа,

Класса чохь тхо кхин ца Iа.

Кхосса-кхосса-кхоссалуш,

Йада ЙоргIа, сих ца луш,

Лаьтта ког ахь билла байн, Тата

дезаш дац тхо, хIай!

Йада, ЙоргIа, кхоссало, Каде

хила, мал ма ло.

ЙоргIа идда, кIадлуш йу,

Болар цуьнан лагIлуш ду.

Собар! Тоьар! Сацахь цкъа!

Кхин хьо идахь ду хьан къа.

Болар лахди, хIоьтти дIа:

Деза цуьнан садаIа.

V. Iамийнарг тIечIагIдар.

ШолгIа тIедиллар: Шардар № 58, агIо 33

Предложенин цхьанатайпанара меженаш схьалаха.

-ДIадуьйра хIун? (жIонкаш, хорсамаш, хохаш.)

-Оха хIун дора? (хи тухура, асар дора)

-Іалашдора стенах? (сагалматех, нІаьнех,чхьаьвригех.)

Цхьанатайпара меженаш йолуш кхоккха предложени йазйе.

-Дешархошка предложенеш йоьшуьйту, цхьанатайпанара меженаш къастойо.

VI. Урокан жамІ дар.

-Муьлхачу меженах олу предложенин цхьанатайпанара меженаш?

-Предложенийн цхьанатайпанара меженаш вовшашца муха йозайелла хуьлу?

VII. ЦІахь:

Шардар №61, агІо 35.

VIII. Рефлекси «Светофор».

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара. 

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира. 

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.


Кху тІехь йерзайо вай вешан урок.
Іодика йойла шун! Марша Іойла шу!

23 урок

Урокан цІе: Хуттургашна хьалха цІоьмалг йиллар.

Іалашо: цхьанатайпанарчу меженешна йуккъе цІоьмалг йилла хаар, цхьанатайпанара меженаш йовза хаар.

Кхочушдан лерина жамІаш:

І.Предметни: берашна Іемар ду предложенин цхьанатайпанарчу меженешна йуккъе цІоьмалг маца йуьллу, маца ца йуьллу.

2. Метапредметни:

 Регулятивни: берашна Іемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дІанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дІабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а, царех пайда эца а. Іемар ду шайна оьшу гІирс книги тІехь карабан. **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайна тІедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Іемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта. **Познавательни:** берашна Іемар ду оьшучохь цІоьмалг йилла.

4. **Личностни**: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Іамо.

Урок дІайахьар.

І.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

ІІ. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Денош уьду деношна тІаьхьа.

Хьун дІатийна, херйелла,

Къеначу Дадех тар а йелла, Къеж

а йелла, шелйелла.



-Дийца, стенах лаьцна йу хІара байт?

ЦІена йаздаран миноташ: -Текст

тІера схьайазде шала элпаш.

лл

шелйелла херйелла

3.ЦIера болх таллар.

Шардар №61, агIо 35.

II. Хаарийн актуализаци.

-Предложенин муьлха меженаш хила тарло цхьанатайпанара? -Предложенин цхьанатайпанара меженаш вовшашца муха йозайелла хуьлу?

I. Керланиг довзар.

Предложенехь дешнаш хIуттуш,

Вовшех дузуш, зIе тосуш,

Лелаш йу со цаьрца гуттар

Цундела сох олу… (хуттург).

-Тахана стенах лаьцна дуьйцур ду вай?

Тидам бе:

Бирлант а, Саламат а ишколе йаха йеза.

Бирлант йа Саламат ишколе йаха йеза.

-Хьалхарчу предложенехь цхьанатайпанара меженаш цIоьмалгаца къастийна йу.

- **Йа** къасторан хуттург йу, цундела шолгIачу предложенехь цIоьмалг оьшуш йац.

36-гIа агIо тIера дIайоьшу бакъо.

- **Амма, ткъа** хуттургашна хьалха цIоьмалг йуьллу. Хуттург **а** даим цхьанатайпанарчу меженашца лела, цIоьмалг цунна тIехьа йуьллу.

Масала: Бераш догIанах девдира, **амма** дашийра. Малх кхетта, **ткъа** бовха бац. Мухтар **а**, Сацита **а**, Мовсар **а** цхьана урамехь Iаш ду.

 Берашка шайга болх байтар.

Шардар № 65-гIа, агIо 37-гIа.

(Бераша шаьш кхочушдо шардар).

СадаIаран миноташ. Олхазарш.

Диттийн гаьннаш лестадеш,
Ловзуш лела олхазарш
- ЦIир-цIир-цIир! (ЧIогIа)
(Олхазарш санна, куьйгаш лестош, бераш уьду, хьехархочунна тIаьхьа байташ а олуш)
Дийнахь сарралц уьш дийки,
(Голаш тIе охьаховшу, куьйгаш беснеш кIел а дохкуш, наб кхета.)
Бераш дийша ца дити: - ЦIир-цIир-цIир. (ЧогIа)
Буьйса йуьйли – уьш дIатий, Массарна а наб кхийти: -
ЦIир-цIир-цIир! *(Халла хезаш).*

IV. ТIечIагIдар.



Тобанашкахь болх бар.

Хуттургаш йукъа а йалош, предложенеш хIитто йеза кху кепара:

I-ра тоба: хуттург а йолуш; (Хьава а, Асет а йоьалгIачу классехь доьшуш йу.)

2-гIа тоба: хуттург **йа** йолуш; (Со йа Iимран воцург накъост вацара Ахьмадан.)

3-гIа тоба: амма; (Стигал кхоьлина йара, амма догIа ца деара.) **4-гIа**

тоба: ткъа. (Хууш берш дукха бара, ткъа Iилма дерш кIеззиг бара.)

РогIера тIедиллар.

Дешархошка шайга болх байтар.

ДIадеша шардар 67-гIа, аг1о 38. Йозанца жоп ло хаттаршна.

1. Маца хуьлу хьоме латта хаза?
2. БIаьста хIун хийцамаш хуьлу?
3. Гуьйранна хIун хийцамаш хуьлу?

<u>Схьакараде дайна хьаьркаш:</u>

-Схьайазйе предложенеш, оьшучу хаьркаш а дохкуш.

Хьечаш а() Iежаш а() кхораш а дара тхан бешахь кхуьуш.

Аьхка бераш хьуьнан цIазамаш лахьо а доьлху() лийча а луьйчу() буьрканах а ловзу.

- Дийца, цхьанатайпанара меженаш вовшех муха къастайо? **V.**

Урокан жамI дар.

-Цхьанатайпанарчу меженашкахь муьлхачу хуттургашна хьалха даим а йуьллу цIоьмалг?

-Предложенин цхьанатайпанарчу меженашна йуккъе цIоьмалг маца йуьллу, ткъа маца ца йуьллу?

-Цхьанатайпанара меженаш вовшех муха къастайо?

VI. ЦIахь:

Шардар № 68-гIа, агIо 39-гIа. *Цхьанатайпанарчу меженашца йолу предложенеш хIиттайе. Дийца, вовшашца муха йозайелла хуьлу цхьанатайпанара предложенеш.*

Рефлекси. «Светофор».

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара. 

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира. 

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара. 

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

24 урок

Урокан цIе: Изложени «Хи тIехь». (агIо 30, ш. 53)

Iалашо: дешархойн дозуш долу къамел кхиор; йешначу текстан чулацам хьалха-тIаьхьа догIург хила ма-деззара дIанисдар; изложенин чулацам бовзийтар, план хIоттор, оцу планах йозанехь пайда эца Iамор.

Урок дIайахьар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

I. Iалашо йовзийтар.

- Бераш, вай дIахьур бу къамел кхиоран болх. Вай йазйийр йу «Хи тIехь» цIе йолу изложени.

«Хи тIехь» цIе йолу диийцар довзийтар.

Изложени тIехь болх дIаболорхьама оьшу:

а) цуьнан чулацам хууш хилар:

- ДIадеша дийцар. Маса дакъа ду дийцаран? Муха билгалдаьккхина хIора дакъа?

б) дийцаран коьрта ойла йовзийтар:

- ДIадеша хьалхара дакъа. Схьадийца.

-ДIадеша шолгIа дакъа. Схьадийца.

-ДIадеша кхоалгIа дакъа. Схьадийца. -

Схьадийца дерриге дийцар шайн дешнашца.

в) дийцаран чулацам йозане берзо хаар.

II. План хIоттор.

- ХIун цIе туьллур йарй вай цунна? (Хи тIехь) -

Стенах лаьцна ду хьалхара дакъа?

(I. Тхо хи тIехула схьадогIура.) -

ШолгIа дакъа?

(2.Бедан ши кIорни.)

-КхоалгIа?

(3. Бедан кIорнеш кIелхьарайовлар.)

- Муха йаздан деза хIора дакъа?

III. Орфографически кечам.

Кховдийра, сатуьйсуш. Маца йаздо орамехь й элп?

Хи тIехула, хи бухахь, хи тIе – хIара дешнаш къаьстина хIунда йаздина? (дештIаьхьенаш цIердешнашца къаьстина йаздо)

IV. Изложени йазйар.

Тетрадаш схьагулдар.

ЦIахь: бакъонаш карлайаха.

Рефлекси:

Суна Iеми … 

Суна хала дара … 

Суна ца хии … 

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

25 урок

Урокан цIе: Предложенин цхьанатайпанара меженаш. ГIалаташ тIехь болх.

Iалашо: цхьанатайпанарчу меженех лаьцна Iамийнарг карладаккхар; нохчийн матте безам кхиор, гIалаташ тIехь болх бар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна Iемар ду ду предложенин цхьанатайпанарчу меженешна йуккъе цIоьмалг маца йуьллу, маца ца йуьллу.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а, царех пайда эца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагабовла, оьшург хатта.

  Познавательни: берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йилла.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци). I.XIетал-

метал хаийла шуна?

КIайн ду и, ло
санна, Амма ло дац.

Мерза ду, моз
санна, Амма моз
дац. ТIулг санна
делахь а, Ца лало
хи.
Схьаалал хIинца ахь:
ХIун йу ткъа и?



(шекар) Ш.Арсанукаев

- Аш делла жоп муьлха къамелан дакъа ду? (цIердош)

- Муьлха къамелан дакъоша гIо дира шуна жоп лаха? (билгалдешнаша а, цIердешнаша а)

2.ЦIена йаздаран миноташ
-Текстан тIера схьайазде шалха элпаш

кI тI хь хI кI тI хь хI
кIайн мерза

3.ГIалаташ тIехь болх.
Дешархоша схьайаздо шаьш гIалаташ даьхна дешнаш, бакъонаш карла а йохуш.

II. Хаарийн актуализаци.
- Предложенин муьлха меженаш йу цхьанатайпанара?
- Предложенин цхьанатайпанара меженаш вовшашца муха йозайелла хуьлу?
- Предложенин цхьанатайпанарчу меженашна йуккъе цIоьмалг маца йуьллу?

II. Керланиг довзар.

-ДIайазйе предложенеш, билгалйаха цхьанатайпанара меженаш.

Салманний, Хьамиддий хьуьнах вахара.

ЦIена, зевне, самукъане догIура шовда.

-Цхьанатайпанарчу меженашкахь муьлхачу хуттургашна хьалха даим а йуьллу цIоьмалг?

Тидам бе:

Буьйса йекхна йу, ткъа йовха йац. Бераш догIанах девдира, амма дашийра.

- Амма, ткъа хуттургашна хьалха цIоьмалг йуьллу. Хуттург а даим цхьанатайпанарчу меженашца лела, цIоьмалг цунна тIехьа йуьллу.

 Берашка шайга болх байтар.

Шардар № 66-гIа, агIо 38-гIа.

(Бераша шаьш кхочушдо шардар).

СадаIаран миноташ. Олхазарш.

Диттийн гаьннаш лестадеш,
Ловзуш лела олхазарш
- ЦIир-цIир-цIир! (ЧIогIа)
(Олхазарш санна, куьйгаш лестош, бераш уьду, хьехархочунна тIаьхьа байташ а олуш)
Дийнахь сарралц уьш дийки,
(Голаш тIе охьаховшу, куьйгаш беснеш кIел а дохкуш, наб кхета.)
Бераш дийша ца дити: - ЦIир-цIир-цIир. (ЧогIа)
Буьйса йуьйли – уьш дIатий,
Массарна а наб кхийти: -ЦIир-цIир-цIир! (Халла хезаш).

Дешнаш тIехь болх:

Арц (аьрцнаш) – хьун йаьлла лам.
Баьхцалг (баьхцалгаш) – баьццара букъ болу олхазар.
Бага (баганаш) – мехийн кепара гIа долу дитт. **База (базанаш)** – даим баьццара лаьтта диттийн тайпа.

IV. ТIечIагIдар.

-Іамийнарг тІечІагІдеш толлур йу вай предложенеш. Цхьанатайпанара меженаш билгалйаха хьовса, оьшучохь цІоьмалгаш йахка.

Асета а, Рукъета а библиотекера йеша книгаш ийцира.

Со туькана тетрадаш а къоламаш а эта вахара.

Йа Султан, йа Іусман соьца вацара.

Яхас меллаша амма цІена йаздо йоза.

Бераш майданахь гулделлера ткъа ловзуш берш кІезга бара.

Кхолларалли болх. Суьрте а хьожуш, жима дийцар йазде.



ТІедиллар: цхьанатайпанара меженаш а йалош, хаттаршна жоьпаш ло.

-Шеран муьлха зама йу суьрта тІехь гайтинарг?

-ХІун меттиг йу гуш йерг?

-ХІун деш ду бераш?

-Муха дІахьо бераша шайн самукъадаккхар?

Дешархоша дІадоьшу шаьш йаздина дийцарш.

V. Урокан жамІ дар.

Цхьанатайпанара меженаш олу……
(цхьана хаттарна жоп а луш, цхьана дашах йозуш йолчарех).

Цхьанатайпанара меженаш йозуш хуьлу .....
(цхьана дашах)

Уьш хила там бу предложенехь.....
(муьлхха а меже).

Цхьанатайпанара меженаш хуьлу.....
(йаьржина а, йаржаза а).

Цхьанатайпанарчу меженашна йуккъехь йуьллу.....
(запятой)

VI. ЦIахь: *Газеташ, журналаш тIера цхьанатайпанара меженаш йолу пхи предложени схьайазйе.*

VI. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми … 

Суна кхета хала дара … 

Со ца кхийти … 

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

26-27 урокаш

Урокан цIе: Текст.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна Iемар ду текст предложенех къасто.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а, царех пайда эца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
  Коммуникативни: берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагабовла, оьшург хатта.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йилла.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

- Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

I.Заза санна кхуьу вайн бераш,
Самукъане, ирсе ду дахар.
Массаьрца бертахь вай деха,
Дуьнене кхийдабо машар.
(Айдамиров А.)

2.ЦIена йаздаран миноташ -Текст
тIера схьайазде шалха элпаш. уь къ
аь хь
самукъане ирсе

3.ЦIера болх таллар.

Дешархоша дIайоьшу газеташ, журналаш тIера шаьш схьайазйина цхьанатайпанара меженаш йолу предложенеш.

Хаарийн актуализаци.

Тидам бе.

-Муьлхачух ала мегар ду текст? ХIунда?

I.Сан самукъа долура йуьртахь. Цигахь сан доттагIий бара Асхьаб, Iелий.

Дадас тхо шеца лома а дуьгура. Суна цаьрца Iен кIорда ца дора. (текст)

2.Арахь ло догIу. Ишколехь самукъане ду. Мажделла гIаш охьаоьгу. Бераш хьуьнах дахара. (предложенеш)

- ХIун башхалла йу предложенина а, текстана а йуккъехь?
- Предложени стенах олу? Схьайазйе текст, коьртачу меженашна кIел сиз хьакха.

III. Керланиг довзар.

Тидамбарца билгалйаккха текстан тема.

1) Дукха хаза хуьлу аьхка! Берашна къаьстина самукъане йу аьхке. ЧIогIа дохлой дIахIутту дуьне. Дукха нах оьху аьхка садаIа.
2) Автора массо а декъалбора Керлачу шарца. Заза санна кхуьу вайн бераш. Малххий, хий, хIаваъий чIогIа оьшуш ду могашаллина.

-Стенах лаьцна йу текст? (бIаьстенах)

- Текстан тема бохург хIун ду?

Дагахь латтаде:

Тема текстехь дуьйцург ду. Текстехь предложенеш цхьанатуху темано.

Дешархоша кхочушдо 69-гIа шардар. Билгалйоккху тема.

-Текстан коьрта ойла бохург хIун ду?

Къамел кхиоран мур.

ДIадеша 70-гIа шардар. Билгалйе цуьнан тема? Шеца текстан коьрта ойла йолу предложени схьалаха.

Тема - шурин къурд (оцу масех къурдо цамгарх хьалхадаьккхина пису)

Коьрта ойла - Сан хьастаро ницкъ беллачух тера дара цунна.

Дагахь латтаде:

Текстан коьрта ойла – иза авторна ала луург ду. Тема а, коьрта ойла а вовшашца йозайелла хуьлу. **Кхолларалли болх.**

Дешархоша рогIалла нисйеш, схьайазйо предложенеш.

Вайна машар беза.

Иза лардан а, тодан а деза. Вайна машар беза, буьрса Iалам къинхьегамхойн ирсан дуьхьа хийца. Адамийн къинхьегамо динарг дохо ца деза. Декъала хуьлда адамийн дикачу дахарна, церан ирсана, паргIатонна дерриг а дуьнен чохь машар хилар! Вайн Даймахкана машар оьшу халкъийн ирсана, церан синкъерамечу дахарна.

<u>Нийса иштта хир ду:</u>

Вайна машар беза. *I.Адамийн къинхьегамо динарг дохо ца деза. 2.Иза лардан а, тодан а деза.*

3.Вайна машар беза, буьрса Iалам къинхьегамхойн ирсан дуьхьа хийца. 4.Вайн Даймахкана машар оьшу халкъийн ирсана, церан синкъерамечу дахарна. 5.Декъала хуьлда адамийн дикачу дахарна, церан ирсана, паргIатонна дерриг а дуьнен чохь машар хилар!

-Стенах лаьцна йу текст?

-Стенна оьшу машар?

СадаIаран миноташ. Олхазарш.

Диттийн гаьннаш лестадеш,
Ловзуш лела олхазарш
- ЦIир-цIир-цIир! (ЧIогIа)
(Олхазарш санна, куьйгаш лестош, бераш уьду, хьехархочунна тIаьхьа байташ а олуш) Дийнахь сарралц уьш дийки,
(Голаш тIе охьаховшу, куьйгаш беснеш кIел а дохкуш, наб кхета.)

Бераш дийша ца дити: - ЦIир-цIир-цIир. (ЧогIа)
Буьйса йуьйли – уьш дIатий, Массарна а набкхийти: -
ЦIир-цIир-цIир! (Халла хезаш).

Дешнаш тIехь болх:

Була (буланаш) – боккха, нуьцкъала акха сту.

Варш (варшаш) – йуькъа коьллаш, дитташ долу хьун.

ГIат (гIаьттнаш) – тIекIелдинчу цIенойн цхьа этаж.

ГIайре (гIайренаш) – гобаькккхина хи долу латта.

Дак (декнаш) – таьллийн тайпанах долу дитт.

VI. ТIечIагIдар.

-Iамийнарг тIечIагIдеш толлур йу вай текст (шардар 72). ДIайеша. ЦIе тилла текстана. Текстан коьрта ойла хIун йу? Муха тIевуьгу цунна автора? Схьа а лахий, дIадеша гIорторан дешнаш. Текст йуха схьийица кечло. ДIайазйе.

«Аьхка мало йиначо Iай хало хьоьгу», бохучу кицанах муха кхета шу?

Лакхахь хиллачу текстана догIу кицанаш даладе.

-Текстана цIе тиллар бохург хIун ду?

Текстана цIетиллар йоцца цуьнан тема а, коьрта ойла а йовзийтар ду.

-Текстан план муха хIотто йеза?

Дагалацам. Текстан план хIотторхьама, дан дезарг:

1) текст маьIница чекхдевллачу дакъошка йекъа;
2) хIора декъан коьрта ойла билгалйе; 3) текстан хIора декъана цIе тилла.

73-гIа шардар кхочушдо.

ДIаеша. Текстан план хIоттайе. Доцца хIора декъан чулацамах лаций йазде.

V.Урокан жамI дар.

- ХIун башхалла йу предложенина а, текстана а йуккъехь?

-Текстан тема бохург хIун ду?
-Текстан коьрта ойла бохург хIун ду?

VI. ЦIахь бан болх балар.

I.Бакъонаш Iамайе, шардар 74-гIа кхочушде.

2.Кхолларалли болх: Аьхке, гуьйре, Iа, бIаьсте темашна (цхьаъ харжий) текст хIоттайе.

VII. Рефлекси.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

28 урок

Урокан цIе: Талламан болх. «Ши борз».

Iалашо: нийсайаздаран бакъонаш таллар; Iамийнарг карладаккхар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна йевзар йу шайн гIорасиз йолу агIонаш.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду гIалаташ ца дохуш йаздан, нийсайаздаран бакъонаш ларйан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шаьш Iамийначух пайда эца.

- **Познавательни:** берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йуьллуш текстан тIехь болх бан.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар.

I. Дешархойн ойла тIейерзор.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

Iилманан корта – хьекъал, хьекъалан корта – собар.

-Дийцал бераш, шаьш муха кхета кху кицанах.

II. Керла тема хьехар. Керланиг довзар.

Тахана вай йазйийр йолу талламан белхан цIе йу «Ши борз».

Хьехархочо дIайоьшу текст.

Ца кхеташ дешнаш делахь, царна тIехь болх бо.

Ши борз.

Со вара новкъа вогIуш. ТIехьа цхьа гIовгIа хезира суна. Мохь хьоькхуш верг жа дажош волу цхьа жима кIант вара. Иза вара, цхьанхьа дIахьежош пIелг а болуш, арахула ведда воьдуш.

ДIахьаьжначу суна гира: арахула йедда йоьдура ши борз: цхьаъ - йоккхий, важа - жимий.

Цергашца схьалаьцна ког а болуш, жимачо букъа тIехь хьош Iахар бара. Йоккханиг йара тIаьхьахIоьттина йоьдуш.

Суна берзалой ма-гиннехь, со а жаIуьнца царна тIаьхьа ведира. Охашиммо а мохь бетта болийра. Оха хьоькху мохь а хезна, шайца жIаьлеш а долуш, нах баьхкира. **(Л. Толстой.)**

Грамматически тIедиллар.

1. ШолгIа предложени меженашца талла.
2. ХIоттамца талла дош: жаIуьнца.
3. Схьайазде терахьдешнаш.

4. Хьалхарчу предложенехь билгалдаха къамелан дакъош.

III.ЖамI дар:

Дешархоша толлу шаьш бина болх.
Хьехархочо схьалахьадо тетрадаш.
6. ЦIахь бан болх балар.

Бакъонаш карлайаха.

IV. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми …  Суна

хала дара … 

Суна ца хии … 

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

29 урок Урокан цIе: ЦIердош. ЦIердешнийн легарш.

Цхьаллин терахь.

Iалашо: цIердешан хьалхара легар довзийтар; хьалхарчу легарна чудогIучу цIердешнийн башхаллаш йовзийтар; шина терахьехь чаккхенийн тидам бар; предложенешкахь цIердешнийн дожар а , легар а билгалдаккха Iамор.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна Iемар ду хьалхарчу легарна чудогIу цIердешнаш довза а; хьалхарчу легарах болу хаамех йозанехь пайдаэца.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а, царех пайда эца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.

  Познавательни: берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йилла.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар. I.Маршалла

хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

ОхьатаьIий, дас схьаоьцу
Хьаьшна Iуьллу баьпкан йуьхк,
ЦIенчу бай тIе охьайуьллу,
Кхоам хеташ, хьоькхуш куьг. (Ахмадова Т.)

- Муха кхета шу байтах? Даста маьIна.

-Схьайазде цIердешнаш.

ЦIена йаздаран миноташ

ЦI цI ЦI цI

Дас, йуьхк, бай, кехат, куьг.

ГIалаташ тIехь болх бар. (ГIалаташ даьхна дешнаш схьа а йаздеш, церан бакъонаш карла а йохуш, болх бо) **II.Керланиг довзар.**

ХIетал-метал хаийла шуна: тIаьххьий, кIеллий хьаьдда доьду эр. (тукар) -

Муьлха къамелан дакъа ду дош тукар?

-Стенах олу цIердош? (ХIума билгал а йеш, мила? муьлш? хIун? бохучу хаттаршна жоп лучу къамелан декъах цIердош олу)

-Стенах олу легар? (цIердешнаш дожаршца хийцадаларх легар олу)

Карладаха дожарш а, хаттарш а. Легаде тукар цIердош.

ЦIерниг- тукар **Доланиг**

-тукаран

Лург- тукарна **Дийриг**

-тукаро

Коьчалниг- тукарца

Хотталург- тукарх

Меттигниг -тукаре

Дустург –тукарал

-Билгалйаха чаккхенаш. Муьлха чаккхе йу коьчалниг дожаран. (-ца)

Кхоллараллин **тIедиллар кхочушдеш дешархоша хIокху дешнех предложенеш а йеш, дIайазйийр йу текст.** I.**ДоттагI**, ларйан, хила, хьуьнан, веза, иза.

2. ДоттагIчо, кегдо, **диттан,** хьуьнан, ца, гаьннаш.
3. Хьуьнан, хаьа, хьуьнхахь, **доттагIчунна**, цIераш, лето, ца йезий.
4. **МостагIех,** хьун ларйо, **олхазарша.**
5. Бена, хьуьнан, чуьра, **доттагIчо,** хIоа, схьаоьцур дац.

6. Охьайоьжна, **бена,** кIорни, чу, цо, олхазаран, йуьллу.

Хила мега жоп:

Хьуьнан доттагI хила веза иза ларйан. Хьуьнан доттагIчо ца кегдо диттан гаьннаш. Хьуьнан доттагIчунна хаьа хьуьнхахь цIераш лето ца йезий. Олхазарша мостагIех ларйо хьун. Хьуьнан доттагIчо бена чуьра хIоа схьаоьцур дац. Охьайоьжна олхазаран кIорни бена чу йуьллу цо.

- Билгалдинчу дешнийн дожарш къастаде.

Ловзаран кеп : «Дайна дожар караде»

-Бераш, ас у тIехь легадинера дош. Амма и дешнаш девдда шайн дожарех, аша гIо дан деза дожаршна шайн дешнаш каро.

КIант, кIантал, кIентан, кIантал, кIантана, кIантах, кIанта, кIантаца. (Бераша дIанисдо дешнаш).

ЦI.кIант
Дл.кIентан
Л.кIантана Др.кIанта
К.кIантаца
Х.кIантах
М.кIанте
Дс. кIантал

-Кхин муьлхачу дешнийн йу иштта чаккхенаш? (стаг, нах, кехат).

ЦI.стаг Дл.стеган Л.стагана Др. стага К.стагаца Х.стагах М.стаге Дс. стагал	нах нехан нахана наха нахаца нахах нахе нахал	кехат кехатан кехатана кехато кехатца кехатах кехате кехатал

Кхузахь ала мегар ду: и тайпа цхьаллин терахьехь чаккхенаш йолу цIердешнаш I-ра легарна чудогIу. Коьчалниг дожарехь церан хуьлу чаккхенаш – ца, -аца.

 Берашка шайга болх байтар.

Шардар № 77-гIа, агIо 45-гIа.

(ТIадамийн метта оьшу элпаш а дохкуш, тIера схьайазйе. Билгалдинчу цIердешнийн дожарш къастаде.) **СадаIаран миноташ.** Массара а йой аша Iуьйранна зарядка? ХIинца цхьаьнии йай вай иза?

Маьлхан серло йаржале - Цхьаъ
- шиъ - кхоъ, Пенаш лахка,
човхаде - Цхьаъ, шиъ - кхоъ.
Йиша, ваша гIаттаде -Цхьаъ -
шиъ - кхоъ. Физзарядка йолайе
-Цхьаъ - шиъ -кхоъ.

Меттахвала, кхоссало
Цхьаъ - шиъ - кхоъ,
ГIаж схьалаца, кхозало -
Цхьаъ - шиъ - кхоъ. Куьйгаш
айба, волало - Цхьаъ - шиъ -
кхоъ.
Ницкъ бохьур бу боларо - Цхьаъ
- шиъ - кхоъ.

(Цугаев Салман)

III. **Iамийнарг тIечIагIдар.**

Ловзаран кеп «Ца догIу дешнаш».

-ДIайеша байт (слайд). ЦIердешнашна буха сизаш хьакха.

Шаьлта, доьхка, кетар, кач,

Машар, тур а хьаьрса хьач,

Думий, сискал, йоьза тас,

Нитташ, чIимаш, хохийн хас.

-Муьлха дешнаш диси шун? (Хьаьрса, йоьза).

-Уьш муьлха къамелан дакъош ду? (Билгалдешнаш ду).

-МаьIна даста хьаьрса, йоьза дешнийн.

-ДIайазде дешнийн цхьаьнакхетарш. Къовларшна йуккъерчу цIердешнийн чаккхенаш хийца (шардар 79-гIа).

ЛадуьйгIира (йиш, дада); хьаьвсира (цициг, сурт); делира (нана, эса);кхийтира (тIулг, хьехархо); лекхира (йиша, кIант); вахара (дада, лулахо); лекха ву (Ахьмад, Йисама).

-ЦIердешнашна кIел сих хьакха. Дешан муьлха дакъа хийцало дош легочу хенахь? (чаккхе) **IV. ЖамI дар.**

- Стенах олу легар?

- Предложенехь цIердешан дожар муха хуур ду?

- Коьчалниг дожарехь -ца, -аца чаккхенаш йолу цIердешнаш муьлхачу легарна чу догIу?

IV. ЦIахь бан болх балар.

Шардар № 78-гIа, агIо 46-гIа. *Дагалоцуш, дIайазйе. ЦIердешнийн дожарш билгалде.*

VI. Рефлекси.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

30 урок

Урокан цIе: Iамийнарг карладаккхар.

Iалашо: Iамийнарг карладаккхар; хьалхарчу легарна чудогIучу цIердешнийн башхаллаш йовзийтар; шина терахьехь чаккхенийн тидам бар; предложенешкахь цIердешнийн дожар а, легар а билгалдаккха Iамор.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна Iемар ду хьалхарчу легарна чудогIу цIердешнаш довза а; хьалхарчу легарах болу хаамех йозанехь пайда эца.

2. Метапредметни:

 Регулятивни: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а, царех пайда

эца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
Коммуникативни: берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.
Познавательни: берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йилла.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар. I.Маршалла

хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Турпала белхалой буьйцуш,

Даймехкан сийлалла йуьйцуш,

Наношка вайн безам буьйцуш, Сан

доттагI, алахьа илли.

(Рашидов Ш. «Алахьа илли») -Стенах

лаьцна ду хIара могIанаш, мила ву автор? -Схьакараде

цIердешнаш, билгалдаха церан дожарш.

ЦIена йаздаран миноташ

пI тI кI чI гI доттагI

безам

II. Хаарийн актуализаци.

- Карладаха дожарш а, хаттарш а.

Мила ву? хIун йу? леговала.

Хьенан? стенан? сурт ду ала,

Хьанна? стенна? ду вай реза,

Хьан? стен? вайна гIо дан деза,

Хьаьнца? стенца? меттиг къуьйсу,

Хьанах? стенах? лаьцна дуьйцу, Хьаьнга?

стенга? хьовсур ду.

Хьанал? Стенал? г1оле ву.

-Маса дожар ду нохчийн маттахь? (8 дожар) **III.**

Керла тема хьехар.

XIapa дешнаш дукхаллин терахье даха:

Жут - жатташ (олхазарийн тоба)

Зебар – зебарш (хитухург)

Зевзалг – зевзалгаш (олхазар)

-Дийца муха хийцало цIердешнаш? (терахьашца, дожаршца) -Даладе масалш. (сацам-сацамаш). Легаде.

ЦIерниг	Сацам	Сацам**аш**
Доланиг	Сацам**ан**	Сацам**ийн**
Лург	Сацам**на**	Сацам**ашна**

Дийриг	Сацам**о**	Сацам**аша**
Коьчалниг	Сацам**ца**	Сацам**ашца**
Хотталург	Сацам**ах**	Сацам**ех**
Меттигниг	Сацам**е**	Сацам**ашка**
Дустург	Сацам**ал**	Сацам**ел**

-Муьлхачу легарехь лаьтташ ду сацам боху дош? (1-чу лег.)

-Нохчийн маттахь муьлхачу дожарца билгалдоккху легар? (К.д.)

- Тидамбарца дийца муьлха чаккхенаш йу церан хотталург а, дустург а дожаршкахь? (Х.д.- цхьаллин терахьехь -ах, дукх т -ех; Дс.д. – цхь. т. -ал, дукх. т. -ел).

Жоп ло цхьана дашца.

1. Хи, шура чохь Іалашйен пхьегІа. (кхаба)
2. ХІуманан бустам. (барам)
3. Йохка-эцар лелор. (махбар)
4. Египтехула охьадоьду хи. (Нил) 5. Цигахь спектаклаш хІиттайо. (театр).

-ХІокху цІердешнаш йуккъахь совнаха дош муьлханиг ду? (махбар)

-ХІунда? (иза чолхе ду (мах+бо))

 Берашка шайга болх байтар.

Урокаш дІайуь…лайелира. Жимма хье а луш, чоьхьайелира ***хьехархь…,*** *шел хьалха цхьа кІант чу а волуьйтуш. Б…раш массо а цуьнга хьаьвсира.*

-ХІара керла д…шархо ву. Кхуьнан цІе ***Гилани*** *йу, - кхетийра б…раш* ***хьехархь…чо****.*

Урок чекхйаьлча, б…раша го бира ***Гиланина****, сихха къамел тасаделира церан вовшашца. Дукха хан ца ийшира б…рашна* ***Гиланих*** *лаьцна дерриг хаа. Цхьадерш тІе а детташ, хестамаш а беш, шен хьуьнарш дуьйцура цо.*

(ТIадамийн метта оьшу элпаш а дохкуш, тIера схьайазйе.

Билгалдинчу цIердешнийн дожар къастаде.) **СадаIаран миноташ.**

Оха йазди, дукха йазди,

Йозано тхан пIелгаш кIадди.

ПIелгаш, Iадда ма Iелаш,

Хьалхий-тIаьхьий идалаш.

Кхийса-кхийса-кхийсалуш,

Ида, ида, кIад ца луш.

Мохо бецаш лестайо,

ДIа а, схьа а техкайо.

ПIелгаш, мохах шу ма кхера,

Ловза лелхаш, шайн сакъера.

IV. Iамийнарг тIечIагIдар.

Iамийнарг тIечIагIдеш кхочушдийр ду рогIера тIедиллар.

Легаде дешнаш: Ахьмад, Хьава. Дийца муьлха цIердешнаш ду хIорш? (долахь)

Ахьмад, Ахьмадан, Ахьмадана, Ахьмада, Ахьмадаца, Ахьмаде, Ахьмадах, Ахьмадал.

Хьава, Хьаван, Хьавана, Хьавас, Хьаваца, Хьавага, Хьавах, Хьавал.

-Муьлхачу легарна чудогIу хIара цIердешнаш? (I лег)

I-ра легарна чудогIу коьчалниг дожарехь чаккхенаш – ца, -аца йолу цIердешнаш.

Ловзаран кеп

Дешархой кхаа декъе боькъу. Д1айазйе ц1ераш:

1-ра тоба: Дийнатийн

2-гІа тоба: Акхаройн

3-гІа тоба: Олхазарийн

Билгалдаха церан легарш, х1иттайе цаьрца предложениш.

V. ЖамІ дар.

- Стенах олу легар?

- Предложенехь цІердешан дожар муха хуур ду?

- Коьчалниг дожарехь -ца, -аца чаккхенаш йолу цІердешнаш муьлхачу легарна чу догІу?

VI. ЦІахь бан болх балар.

Кхолларалли болх: *Жима дийцар йазде хІокху цІердешнех пайда а оьцуш: Іежаш, хица, бешахь, генаш, гІуьйре, токхе, кхораш, бераш, синтар.*

VII. Рефлекси. «Светофор»

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара.

Урок самукъане йара, 

аигара дакъалецира. 

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.



Кху тІехь йерзайо вай вешан урок.

Іодика йойла шун! Марша Іойла шу!

3І урок

Урокан цІе: ЦІерниг дожар. Доланиг дожар.

Іалашо: берашна цІерниг, доланиг дожарийн коьртачу маьІнех кхетам балар, церан хаттарш довзийтар; уьш цхьаллин а, дукхаллин а терахьашца хийца Іамор а, чаккхенийн тидам байтар а. Къамелехь а, йозанехь а цІерниг а, доланиг а дожарех пайда эцар.

Кхочушдан лерина жамІаш:

І.Предметни: берашна Іемар ду цІерниг а, доланиг а дожаршца цІердешнаш шина а терахьашкахь хийца, чаккхенаш билгалйаха. Берашна хуур ду цІердешнийн дожарш билгалдаха, уьш текстехь схьакъасто а.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Іемар ду шайн белхан план хІотто, оцу планан рогІаллица дешарехь кхиамаш баха. Берашна Іемар ду шайна оьшуш болу гІирс книги тІехь а, интернет чохь а каро, цунах пайда эца. Царна хуур ду шайн говзалле хьаьжжина цхьаъ ша а, тобанашкахь а, хьехархочун гІоьнца а болх бан.
- **Коммуникативни:** берашна Іемар ду шайна оьшург хатта. Хуур ду шаьш кхеттарг накъосташна хьеха, церан белхан тІехь гІо дан а. Берашна Іемар ду шайна хеташ дерг масалш далорца тІечІагІдан.
- **Познавательни:** Берашна Іемар ду шайна оьшуш болу гІирс книги тІехь а, интернет чохь а каро, цунах пайда эца.

3. Личностни: берашна хуур ду шайн белхан мах хадо, дикачух пайда эца.

Урок дІайахьар.

І.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

ІІ. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Къарздеш лайлахь Іуьллу ирзу,

Къийгаш гулло йаа ижу.

-Дийца тахана муьлха элп йаздийр ду вай? (къ)

ЦIена йазйаран миноташ

Дешархоша тетрадаш тIе дIайаздо элпаш а, дешнаш а.

Къ къ Къ къ Къ къ

Къинхетам къинхьегам

-Кху дешнийн лексически маьIна билгалдаккха.

-Дукхаллин терахье даха хIара дешнаш

Къинхетам – къинхетамаш (сострадание, помилование)

Къинхьегам – къинхьегамаш (труд)

ЦIера болх таллар.

Дешархоша дIадоьшу шаьш йаздина дийцарш. Билгалдоху шаьш пайдаэцна цIердешнаш: Iежаш, хица, бешахь, генаш, гIуьйре, токхе, кхораш, бераш, синтар.

Iалашо йовзийтар.

- **ЦIерниг, доланиг дожарех лаьцна байт.**

Хилла цхьана ден бархI дожар,
Дехаш хаза, бертахь, гIоза,
Хилла хIора дожаран,
Шен шен ницкъ а, гIора а.

Хилла хIора дожаран Шен
шен луш цхьа хаттар а. ГIо
деш хилла дожаро Жоп
дала а, хатта а.

Бал дIаболош хилла
ЦIерниг, Цунах кхин ца

хилла терниг. ШолгIа хилла
Доланиг, Цул ца хилла
гIоленига.

-ХIун Iамор ду вай тахана? (Берийн жоьпаш).

-Вайна тахана девзар ду цIердешнийн ши дожар: цIерниг а, доланиг а. Шуна Iемар ду цIердешнаш шина дожарехь лего а, чаккхенаш билгалйаха а.

-Муьлхачу хаттаршна жоп ло цIерниг дожаро? (Мила? ХIун? Муьлш?)

-Предложенехь муьлха меже хуьлий лела иза? (проблемни хаттар)

II. Керла тема хьехар.

-ДIайазйе предложени. Коьртачу меженашна кIел сиз хьакха. Предложенехь подлежащи муьлхачу дожарехь ду?

Бердан йистехула схьавогIура стаг.

Дагахь латтаде:

ЦIерниг дожарера цIердош подлежащи хуьлу, нагахь предложенехь дийриг дожарера дош дацахь. -Муьлхачу хаттаршна жоп ло доланиг дожарехь долчу цIердешнаша?
(Хьенан? Стенан?)

Шардар № 83, агIо 48.

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза шардар?

-ДIайеша предложенеш. ***Туьркан, берцан*** дешнаш муьлхачу дожарехь ду? (Д.д.)

-Кхин хIун билгалдели шуна?

Доланиг дожаран чакккхенгахь гуттар а **н** йаздо.

-ЦIерниг дожаре даха уьш: туьркан-туьрк; берцан-борц.

(борц-просяной; берцан Іов - пшено; берцан Іахар - просяная мука)

Дукхаллин терахье даха уьш: борц - берцаш; туьрк - туьркаш (абрикос)

ЦІерниг а, доланиг а дожарехь цхьаллин а дукхаллин а терахьашкахь дешнаш хийцар.

-Легаде дешнаш стаг, да, цхьаллин а, дукхаллин а терахьехь, цІерниг а доланиг а дожаршкахь.

Цхьаллин терахь. .

ЦІ. бепиг, да, тур

Дл. баьпкан , ден, туьран

Дукхаллин терахь

ЦІ. баьпкаш, дай, тарраш

Дл. баьпкийн, дайн, таррийн.

-Муьлха чаккхенаш йу цІерниг дожарера цІердешнийн дукхаллин терахьехь? (-аш, -й).

-Муьлха чаккхенаш йу доланиг дожарера цІердешнийн дукхаллин терахьехь? (-ийн, -йн)

СадаІаран миноташ.

Мархаш догІанах йассало:
- Дола, догІа, дола!
Чуьппалгаш а кхиссало,
- Мала, кІа, ахь мала.
КІено охьатаьІий,
Молу, молу, молу.
Мела догІа, ца соцуш,
ДогІу, догІу, догІу.

III. Іамийнарг тІечІагІдар.

ДІадеша кицанаш. МаьІна де церан (шардар 85)

 Дешархошка шайга болх байтар.

Шардар № 85, агІо 49-гІа.

-ДІадеша тІедиллар. Муха кхочушдан деза шардар? (Доланиг дожарехь долу цІердешнаш шайн уьйр йолчу дешнашца цхьаьна схьайазде. ЦІердешнашна хаттарш а хІиттош, билгалйаха меженаш).

Дешархоша бина бевлла белхаш вовше толлу.

IV. ЖамІ дар.

-Синквейн хІоттайе ЦІерниг, Доланиг дожаршна.

Доланиг

Хьенан, стенан

Дола воккху, дІалоцу, схьагойту
Чаккхенгахь гуттар а **н** йаздо.
Дожар.

ЦІерниг

Мила, хІун

Билгалйо, гойту, туьллу

Дукхахьолахь подлежащи хуьлу предложенехь.

Дожар.

-Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло цІерниг а, доланиг а дожарша?

-Муьлха чаккхенаш йу доланиг дожарера цІердешнийн дукхаллин терахьехь?

-Муьлха чаккхенаш йу доланиг дожарера цІердешнийн дукхаллин терахьехь?

V. ЦІахь бан болх балар.

Шардар № 86 , агIо 49.

Планах пайдаэцарца доланиг дожарх лаций дийца кечло.

VII. Рефлексии. «Светофор».

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара. 

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира. 

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара. 

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

32 урок

Урокан цIе: Лург дожар.

Iалашо: цхьаллин а, дукхаллин а терахьашкахь лург дожарехь долу цIердешнийн башхаллаш йовзийтар, хаттарш довзийтар, чаккхенийн, хийцадаларан тидам бар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна хуур ду цхьаллин а, дукхаллин а терахьашкахь цIердешнаш лург дожарца хийца а, хаттарш довза а, чаккхенийн тидам бан а.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**:. Шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан хуур ду (цхьаъ ша, йа тобанаш вовшашна гIо а деш)
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайга деллачу хаттаршна дуьззина жоьпаш дала, масалшца тIечIагIдеш. Хуур ду шаьш тIекхиънарг кхечарна хьеха.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду шайна оьшу гIирс учебника тIехь каро, цунах пайда эца.

3. Личностни: берашна хуур ду дешар шайн дахарехь коьрта гІуллакх хилар, дешар шайна оьшуш хилар. Харцлеран бохам бевзар бу берашна.

Урок дІайахьар.

І.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

ІІ. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Ца туьгуш кхин шурех Іаба,

КІанта йассий дийнна … (кхаба)



-Дийца тахана муьлха элп йаздийр ду вай? (кх)

ЦІена йаздаран миноташ

Дешархоша тетрадаш тІе дІайаздо элпаш а, дешнаш

а. Кх кх Кх кх Кх кх Кх кх кхаба кхокха

ІІ. Хаарийн актуализаци.

- Муьлхачу хаттаршна жоп ло цІерниг дожаро? (мила? хІун? дукх тер. муьлш?)

-Муьлхачу хаттаршна жоп ло доланиг дожаро? (хьенан? стенан?)

-Доланиг дожаран чаккхенгахь муьлха элп йаздо? (н)

ХІокху дешнашца даладе доланиг дожарера дешнаш.

Къолам (кIентан), стол (дечиган), ков (эчиган), книга (дешархочун), куй (вешин), коч (йишин).

ЦIера болх таллар.

Шардар № 86 , агIо 49.

III. Керла тема хьехар.

-Дийца, хIокху предложенешкара цIердешнаш муьлхачу дожарехь ду.

Говрана (Л.д.) шед (ЦI.д.) туьйхира. Ахьмадана (Л.д.) пхиъ (ЦI.д.) диллира.

-Дийца, муьлхачу хаттаршна жоп ло лург дожаро? (хьанна? Стенна?) *50-гIа агIо тIера 87-гIа шардар.*

Хаттарш а хIиттош, лург дожарехь долу цIердешнаш схьалаха. Предложенин муьлха меженаш йу лург дожарера цIердешнаш?

Кертана, къийгана - дешнаш лург дожарехь лаьтта. Лург дожарера цIердешнаш хила тарло предложенехь кхачам а, латтам а.

Легаде дешнаш: олхазар, олхазарш.

ЦI. олхазар, олхазарш
Дл. олхазаран, олхазарийн
Л. олхазарна, олхазаршна

-Муьлха чаккхенаш йу оцу дожаршкахь олхазар дешан? (-ан, -на, -о).
-Муьлха чаккхенаш йу дукхаллин терахьехь оцу дожаршкахь олхазар дешан? (-рш, -рийн,-ршна, -рша).

РогIера тIедиллар

Шайца уьйр йолчу дешнашца цхьаьна лург дожарехь долу цIердешнаш тIера схьайазде. Уьйр йолчу дешнашна тIера цIердешнашна хаттарш хIиттаде.

Ахьмадана дагадеара кехат йаздан. Нанна хиира СаьIид цIахь воций. Эсетана буьрка ийцира. Берашна хазахета ловзуш. Барзана дагадеара цхьогална бекхам бан.

Дагадеара (хьанна?) Ахьмадана; хиира (хьанна?) нанна; хазахета (хьанна?) берашна; дагадеара (стенна?) барзана, бекхам бан (стенна?) цхьогална.

СадаIаран миноташ. (Олхазарш)

Диттийн гаьннаш лестадеш,
Ловзуш лела олхазарш
- ЦIир-цIир-цIир! (ЧIогIа)
(Олхазарш санна, куьйгаш лестош, бераш уьду, хьехархочунна тIаьхьа байташ а олуш)
Дийнахь сарралц уьш дийки,
(Голаш тIе охьаховшу, куьйгаш беснеш кIел а дохкуш, наб кхета.)
Бераш дийша ца дити: - ЦIир-цIир-цIир. (ЧогIа)
Буьйса йуьйли уьш дIатий, Массарна а набкхийти: -
ЦIир-цIир-цIир! (Халла хезаш).

IV. Iамийнарг тIечIагIдар.

Дешархошка шайга болх байтар.

Шардар 89. Хаттаран гIоьнца дожар билгалде.

Тидам бе билгалдаьхначу дешнашкахь дештIаьхьенна хьалха долчу лург дожарерчу цIердешан нийсайаздаран.

Дитташ кIелхьарчу дерриг а **лай тIехь** йаккхийчу а, кегийчу а ларийн бустамаш дехкинера Iаьно. Хьуьна йистехь кхуьуш лаьттачу **муьстарг тIе** а кIайн шаршу теснера цо. **Генаш тIе** керла каранаш а дуьйхина, вовшашна улуллехь тийна а, курра а лаьтташ ду и хьуьнан наьрташ.

Дагахь латтаде:

- ДештIаьхьенна хьалхара лург дожарера цIердош цхьаллин терахьехь цIерниг дожарх тера хуьлу, ткъа дукхаллин терахьехь цIердешан чаккхе йазйеш а, ца йазйеш а нисло. ЦIердашна а, дештIаьхьенна а цхьа хаттар хIоттадо. Масала: теснера (стенна тIе?) стоьла тIе. ДIайеша предложенеш, даста церан маьIна.

Охана деш болчу старана тIехь Iачу мозано гота охуш бу ша аьлла. (Кхечо дина гIуллакх ша дина бохург ду.)

ТIехь стом боцчу диттана тIе гIорзолгаш ца кхуьйсу. (Стагана тIехь доцург ала ма гIерта.)

 **Ловзаран кеп: «ЦIердешнаш кхолла».**

-ан- (Хьаван, Адаман, стоьлан, ….)

-на- (кехатна, дийцарна, къоламна, …)

V. ЖамI дар.

-Тахана стенах лаьцна дийци вай?

--Муьлхачу хаттаршна жоп ло лург дожаро?

-Предложенехь муьлха меже хуьлий лела лург дожар долу цIердешнаш?

VI. ЦIахь бан болх балар.

Шардар 88, агIо 50. Бакъо дагахь Iамо.

VII. Рефлекси. «Светофор».

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара.

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира.

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

33 урок

Урокан цIе: Дийриг дожар.

Iалашо: цхьаллин а, дукхаллин а терахьашкахь дийриг дожарехь долу цIердешнийн башхаллаш йовзийтар, хаттарш довзийтар, чаккхенийн, хийцадаларан тидам бар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна хуур ду цхьаллин а, дукхаллин а терахьашкахь цIердешнаш дийриг дожарца хийца а, хаттарш довза а, чаккхенийн тидам бан а.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**:. Шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан хуур ду(цхьаъ ша, йа тобанаш вовшашна гIо а деш)
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайга деллачу хаттаршна дуьззина жоьпаш дала, масалшца тIечIагIдеш. Хуур ду шаьш тIекхиънарг кхечарна хьеха.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду шайна оьшу гIирс учебника тIехь каро, цуьнах пайда эца.

3. Личностни: берашна хуур ду дешар шайн дахарехь коьрта гIуллакх хилар, дешар шайна оьшуш хилар. Харцлеран бохам бевзар бу берашна.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

ХIетал-метал хаийла шуна:

Берийн туьйра дийши ас,-

Хьекъалан и хилла-кх хас …

ТIекхечи дIавуьжу хан, -

Гур ду суна хаза …(гIан)



-Схьайазде текст йукъара шалха элпаш.

ЦIена йаздаран минoташ

Дешархоша тетрадаш тIе дIайаздо элпаш (уь, хь, къ, кх, тI, гI)

-Дийца, совнаха элп муьлхарниг ду? (уь)

-ХIунда? (мукъа элп)

II. Хаарийн актуализаци.

*Н*анас стоьла тIе йиллира кхаба. Билгалйаха коьрта меженаш. (нанас йиллира)

-Схьалаха цIерниг дожарера цIердош. (йиллира (хIун?) кхаба) -

Муьлха меже йу и? (кхачам).

Дагахь латтаде:

- **ЦIерниг дожарера цIердош подлежащи хуьлу, нагахь предложенехь дийриг дожарера дош дацахь.**

(Ткъа хIокху предложенехь дийриг дожарера дош ду: йиллира хьан? нанас.)

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? (Др.д.)

ЦIера болх таллар.

-Муьлхачу хаттаршна жоп ло лург дожаро?

- Дийца, дешнашкахь дештIаьхьенна хьалха долчу лург дожарера цIердош муха йаздан деза?

- Дешархоша дIадоьшу шаьш шардар йуккъера схьайаздина цIердешнашца цхьаьна лург дожарера дешнаш.

III. Керла тема хьехар.

-ТIадамийн метта оьшу дожарийн чаккхенаш а йохкуш, схьайазйе текст, кIел сиз хьакха, хаттарш хIиттаде.

Ваша.. цициг деара.

Нана.. шура ийцира.

Йиша… йуург йелира.

Соьца ловза делира. (Исакова Б.Н.)

-Дийца, муьлхачу дожарехь лаьтта хIара цIердешнаш? (Др.д)

-Муьлхачу хаттаршна жоп ло дийриг дожарехь долчу цIердешнаша? (хьан? стен?)

Барта кхочушдо шардар № 92-гIа, агIо 52-гIа.

- ХIун цIе тилла мегар дара текстана?

-Муьлхачу хаттаршна жоп ло дийриг дожарехь долчу цIердешнаша?

-Билгалдинчу цIердешнийн дожар билгалде.

Дешнаш тIехь болх:

Корсам (корсамаш) – дитташ тIехь йа тIулгаш тIехь хуьлу буц.
Колд (колдаш) – уьшал.
Совдегар (совдегарш) – йохк-эцар лелош верг.

Легаде дешнаш:

ЦI. нана, наной

Дл. ненан, нанойн

Л. нанна, наношна

Др. нана**с**, наноша.

- Дийца муьлха чаккхенаш хуьлу дийриг дожарехь цхьаллин а, дукхалин а терахьашкахь.

СадаIаран миноташ. Олхазарш.

Диттийн гаьннаш лестадеш,
Ловзуш лела олхазарш
- ЦIир-цIир-цIир! (ЧIогIа)

(Олхазарш санна, куьйгаш лестош, бераш уьду, хьехархочунна тІаьхьа байташ а олуш)

Дийнахь сарралц уьш дийки,

(Голаш тІе охьаховшу, куьйгаш беснеш кІел а дохкуш, наб кхета.)

Бераш дийша ца дити: - ЦІир-цІир-цІир. (ЧогІа)

Буьйса йуьйли уьш дІатий,

Массарна а набкхийти: -ЦІир-цІир-цІир! (Халла хезаш).

IV. Іамийнарг тІечІагІдар.

Іамийнарг тІечІагІдеш, рогІера тІедиллар кхочуш дийр ду вай.

- Схьайазйе текст. Къовлашкара дешнаш оьшучу дожаре хІиттаде.

Билгалйаха коьрта меженаш. Айхьа хийцинчу дешнийн дожар билгалде.

Новкъахь (Салахь) ког хадийра. Тхан (санитар), цунна йод а хьаькхна, дІабиххира иза. (Салахь) тІаккха дІавеара.

Оха садаІа билгалйаьккхинчу (меттиг) тІекхача бархІ километр йиснера. Новкъахь тхо (уьшалш) тІе Іиттаделира. Амма тхан (разведчикаш) дика некъ карийра. ТІаккха тхо оцу новкъа дІадахара.

(Салахьа, санитара, Салахь, меттигана, уьшалшна, разведчикашна)



Ловзаран кеп: «Ах дош шуьгахь ду»

Лов…(заро), туьй…(рано), тар…(сало), на…(нас), Ада…(ма).

Берашка шайга болх байтар.

Шардар № 93-гІа, агІо 53-гІа. ТІера схьайазде. Къовларшкара дешнаш оьшучу дожаршка хІиттаде. Чаккхенашна кІел сиз хьакха.

РогІера тІедиллар:

ДІадеша кицанаш. МаьІна даста церан. ЦІердешнийн дожарш билгалде.

Дас(др.д) хастийна говр хьалха ца йаьлла. Къуьно(др.д) бен хастор вац къу.

Хьешо (др.д) биллина бехк тIера болуш бац. Харц дашо(др.д) корта бохийна. **V. ЖамI дар.**

- Тахана стенах лаьцна дийцира вай?

- Муьлхачу хаттаршна жоп ло дийриг дожаро?

-Предложенехь муьлха меже хуьлий лела дийриг дожарехь долу цIердош?

VI. ЦIахь бан болх балар.

Шардар 95, агIо 54.

VII. Рефлекси.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

34 урок

Урокан цIе: Коьчалниг дожар. Хотталург дожар.

Iалашо: цхьаллин а, дукхаллин а терахьашкахь коьчалниг а, хотталург а дожаршкахь долу цIердешнийн башхаллаш йовзийтар, хаттарш довзийтар, чаккхенийн, хийцадаларан тидам бар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна Iемар ду предложенехь коьчалниг а, хотталург а дожарехь долу цIердешнаш къасто, церан чаккхенаш нийсайазйан а.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а, царех пайдаэца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.

  Познавательни: берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йилла.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

-ДогIу дош ала.

Хазахетарх дуьзна дог,

Ирс ду майрра боккхуш ког.

Хьох со кхоьруш вац, хало,-

Латта кIайдеш, деъна … . (ло)



ЦIена йаздаран миноташ

-Схьайазде текст йукъара шалха элпаш.

Кх кх

Хазахетарх

ЦIера болх таллар. (диктантана кечам бина**) -**

Дешархоша дIайазйо диктант. (Шардар 95, агIо 54.)

II.Хаарийн актуализаци.

- Муьлхачу хаттаршна жоп ло дийриг дожаро?

-Предложенехь муьлха меже хуьлий лела дийриг дожарехь долу цIердош?

III. Керла тема хьехар.

- ДIайеша стихотворени. Дийца стенах лаьцна йу и? ЦIердешнийн коьчалниг дожарехь долу цIердешнаш схьайазде.

Аренца (К.д)зезагаш
ЗIаьнарша хьоьсту.
Махо дайн олхазарш
Хьаннашка лоьхку.

Де долош, малх болу
Ламанан буьххье,
Шедагца (К.д.)Iу вогIу,
Жа хьалха лоьхкуш.

Дерриг ду Нохчийчохь
Сан дагца (К.д.) ийна,
Сан махко со шена
МуьтIахь кхийна… **(Макалов Ш.)**

Схьайаздина дешнаш: Аренца, шедагца, дагца.

- Муьлхачу хаттаршна жоп ло коьчалниг дожарехь долчу цIердешнаша? (хьаьнца? стенца?)

Дешнаш тIехь болх:

Шедаг (шедагаш) – I)дудка, свирель (тротниковая); 2) трубка (для разжигания огня)
Хьун (хьаннаш) – лес
МуьтIахь – быть преданным

- Муьлхачу хаттаршна жоп ло хотталург дожарехь долчу цIердешнаша? (хьаьнах? стенах?)

- ДIайеша стихотворени. Дийца стенах лаьцна йу и? ЦIердешнийн хотталург дожарехь долу цIердешнаш схьайазде.

Цу зингатех беш къинхетам,
Йоьлху стиглахь марханаш.
И ца лалуш, махах лета
Дукъахь йевлла хьаннаш. (Ахмадов М.)

Дешархоша схьайаздо дешнаш: зингатех, махах.

- Легаде цхьаллин а, дукхаллин а терахьехь дешнаш: зингатех, махах.

ЦI. зингат, зингаташ, мох, мехаш

Дл. зингатан, зингатийн, механ, мехийн

Л. зингатна, зингаташна, махана, мехашна

Др. зингато, зингаташа, махо, мехаша

К. зингатца, зингаташца, махаца, мехашца

Х. зингатах, зингатех, махах, мехех.

-Тидамбе коьчалниг а, хотталург а дожарийн чаккхенийн.

Дагахь латтаде:

- Дукхаллин терахьехь цIерниг дожарехь -ш тIекхетачу цIердешан хотталург дожарехь чаккхе цхьаллин терахьехь х йаздо, ткъа **аш**, **маш** тIекхетачу цIердешан хотталург дожарехь ах йаздо (тукар (тукарш) – тукарх; бахам (бахамаш) –бахамах)).

 Берашка шайга болх байтар.

Шардар № 98-гІа, агІо 55-гІа.ТІадамийн метта маьІница догІу дешнаш а дохкуш, тІера схьайазде кицанаш.

СадаІаран миноташ. Олхазарш.

Диттийн гаьннаш лестадеш,
Ловзуш лела олхазарш
- ЦІир-цІир-цІир! (ЧІогІа)
(Олхазарш санна, куьйгаш лестош, бераш уьду, хьехархочунна тІаьхьа байташ а олуш) Дийнахь сарралц уьш дийки,
(ГолаштІе охьаховшу, куьйгаш беснеш кІел а дохкуш, наб кхета.)
Бераш дийша ца дити: - ЦІир-цІир-цІир. (ЧогІа)
Буьйса йуьйли уьш дІатий, Массарна а набкхийти: -
ЦІир-цІир-цІир! (Халла хезаш).

IV. Іамийнарг тІечІагІдар.

Курачу, лекхачу лаьмнех,

Барт болуш дехачу къаьмнех,

Шовданех, исбаьхьчу хьаннех,

Сан доттагІ алахьа илли. (Рашидов Ш. «Алахьа илли»)

-Стенах лаьцна дуьйцу хIокху стихотворенин могIанашкахь?

-Муьлхачу дожарехь лаьтташ ду дукхахдолу цIердешнаш?

-ДIайеша. ЦIердешнийн дожарш билгалде. Билгалдинчу цIердешнийн чаккхенаш шайн билгалонца гайта. Муьлхачу дожарехь ду и цIердешнаш?

Х.д. - экханах, олхазарх, малхах, баттах, гIовгIанах, хьожанах.

Предложенехь коьчалниг а, хотталург а дожаран форманаш лач кхачам хуьлий лела.

Синквейн хIоттайе:

Коьчалниг.

Хьаьнца, стенца.

Гойту, тIетевжа, хоуьйту.

ЦIердешан легар гойту.

Дожар.

Хотталург.

Хьанах? Стенах?

Хутту, хотту, дагаволу.

Предложенехь кхачам хуьлий лела.

Дожар.

V. ЖамI дар.

-Тахана муьлха дожарш девзи вайна?

-Дийца царех лаций?

VI. ЦIахь бан болх балар.

Ши предложени меженашца таллар.

VII. Рефлекси «Сан синхаам». Дешархочо сурт схьа а оьций шен синхаамца догIучу тIегIан тIе хIоттадо.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

35 урок

Урокан цIе: Сочинени «Iа».

Iалашо: нийсайаздаран бакъонаш таллар; Iамийнарг карладаккхар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна йевзар йу шайн гIорасиз йолу агIонаш.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду гIалаташ ца дохуш йаздан, нийсайаздаран бакъонаш ларйан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шаьш Iамийначух пайдаэца.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йуьллуш текстан тIехь болх бан.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар. I.Маршалла

хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Iилманан корта – хьекъал, хьекъалан корта – собар.

-Дийцал бераш, шаьш муха кхета кху кицанах.

II. Керла тема хьехар.

Тахана вай йазйийр йолу талламан белхан цIе йу «Iа».

Хьехархочо дIайоьшу текст.

Ца кхеташ дешнаш делахь, царна тIехь болх бо. **Iа**



Іаьнна дагадеара массо а садолу хІума шелонца кхеро. Цкъа хьалха олхазаршна тІедирзира иза. Олхазарш дахара Іа ца дулучу махка. Іаьнна хиира, ша царна тІаьхьакхуьур доций. ТІаккха акхарошна тІедирзира Іа. Аренашка а, хьаннашка а ло диллира, чІогІа шело хІоьттира. Акхарой кхера ца йелира. Цхьайолчеран йовха кетарш йара, вуьйш, лаьттах Іуьргаш а даьхна, дІалевчкъира. ЧІогІа оьгІаздахара Іа.

Грамматически тІедиллар.

1. ЦІердешнийн дожарш билгалдаха.
2. Схьайазде цхьа орам болу дешнаш.

ІІІ.ЖамІ дар:

Дешархоша толлу шаьш бина болх.
Хьехархочо схьалахьадо тетрадаш.

IV. ЦІахь бан болх балар.

Бакъонаш карлайаха.

V. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Іеми …

Суна хала дара …

Суна ца хии …

Кху тІехь йерзайо вай вешан урок.
Іодика йойла шун! Марша Іойла шу!

36 урок

Урокан цIе: Меттигниг а, дустург а дожарш.

Iалашо: цIердешан меттигниг, дустург дожарийн цхьаллин а, дукхаллин а терахьашкахь хийцадаларан тидам бар, хаттарш довзийтар, чаккхенаш билгалйахар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна девзар ду меттигниг, дустург дожарш, церан хаттарш. Берашна Iемар ду хаттарийн гIоьнца билгалдаьхначу дожаршкахь цIердешнаш шина а терахьехь хийца , чаккхенийн тидам бан, уьш билгалйаха.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а, царех пайдаэца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду книги тIехь оьшу гIирс лаха, цунах пайдаэца. Берашна Iемар ду хьехархочо схьагайтинчу чаккхенна догIу дош лаха.

3. Личностни: берашна Iемар ду дика дешаран мах хадо, дешар шайн дахарехь коьрта гIуллакх дина дIадахьа. Берех хир бу корматалла а йолуш адамаш.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

- Ирс, ахь хIун до? Стенга доьду? -Беркат
долчу доьзале!
-Барт, ахь хIун до? Стенга боьду? -Ирс
хиллачу доьзале. (Сулейманов А.)

-Дийца, муха кхета шу хIокху могIанех? -
Стенга даха кечделла беркат а, барт а, ирс а?

ЦIена йаздаран миноташ.

-Текст йукъара схьайазде шалха элпаш. (хь, оь)
Даладе уьш йуьххьехь долу дешнаш: хьач, оьпа ….

Дешархоша шаьш динчу гIалаташ тIехь болх бо.

(Дешархоша схьайаздо шаьш гIалаташ дина дешнаш, церан нийсайаздаран бакъонаш карла а йохуш).

II. Хаарийн актуализаци.

- Муьлхачу хаттаршна жоп ло коьчалниг дожарехь долчу цIердешнаша? (хьаьнца? стенца?) - Муьлхачу хаттаршна жоп ло хотталург дожарехь долчу цIердешнаша? (хьаьнах? стенах?) - Предложенехь муьлха меже хуьлий лела коьчалниг а, хотталург а дожарш?

(кхачам, меттиган латтам) **III.**

Керла тема хьехар.

-Вайна тахана вевзар ву дожарийн тIаьххьара ши ваша. И шиъ мила ву хуур ду байте дика ладогIахь?

Меттигниг, дустург дожарех лаьцна байт Iамор.

ВорхIалгIаниг – Меттигниг- ВогIуш,

воьдуш шен-шениг:

Бал дIаберзош хила Дустург

Нагахь оьшуш хилахь бустам.

- Дийцал, муьлха ши ваша хьехор ву вай тахана? (М.д; Дс.д.)

- Муьлхачу хаттаршна жоп ло меттигниг дожаро? (хьаьнга? стенга?)

Текстаца болх. (Шардар I02, агIо 57)

- Стенах лаьцна дуьйцу текстехь? ХIун тайпа текст йу хIара? Билгалдинчу цIердешнийн дожар къастаде.

- Муьлхачу хаттаршна жоп ло дустург дожаро? (хьаьнга? стенга?) ➢ Дустург дожарехь цIердешнаш вовшашца дустуш санна нисло.

-Таллам бе хIокху предложенийн.

Асет Баретал лекха ю.

Караде дустург дожарехь долу цIердош. (Баретал) Муьлхачу хаттарна жоп ло цо? (хьанал?)

Цхьогал барзал а мекара ду.

Муьлхачу хаттарна жоп ло барзал дашо? (стенал?)

 Берашка шайга болх байтар.

Шардар № I05-гIа, агIо 58-гIа. Дийца, муьлхачу дожарехь ду текстехь долу цIердешнаш? Бакъонца чIагIде.

СадаIаран миноташ.

Массара а йой аша Iуьйранна зарядка? ХIинца цхьаьни йай вай иза?
Маьлхан серло йаржале -
Цхьаъ - шиъ - кхоъ,
Пенаш лахка, човхаде - Цхьаъ,
шиъ - кхоъ.

Йиша, ваша гІаттаде -
Цхьаъ - шиъ - кхоъ.
Физзарядка йолайе
-Цхьаъ - шиъ -кхоъ.

Меттахвала, кхоссало
Цхьаъ - шиъ - кхоъ,
ГІаж схьалаца, кхозало -
Цхьаъ - шиъ - кхоъ.
Куьйгаш айба, волало -
Цхьаъ - шиъ - кхоъ. Ницкъ
бохьур бу боларо - Цхьаъ
- шиъ - кхоъ.

(Цугаев Салман)

IV. Іамийнарг тІечІагІдар.

- ТІадамийн метта оьшу чаккхенаш а йохкуш, тІера схьайазйе.

Султан Адам.. воккха ву. Гуьйре… хаза хан йан а йац. Ахьмад Мансур… дика доьшуш ву. Хьех талл… жима хуьлу. Цициг жІаьл… хІилла долуш ду.

-Дийца муьлхачу дожарехь ду уьш.

Дешнаш тІехь болх:
Човка (човкарчий) – Іаьржа бос болу къийгийн тобанах долу олхазар.

Шаптал (шапталш) – йоккха туьрк.

Шоршал (шоршалш) – хьуьнан олхазар.

Легаде дешнаш:

ЦІ. Леча, лечарчий

Дл. лечанан, лечарчийн

Л. лечанна, лечарчашна

Др. лечано, лечарчаша

К. лечанца, лечарчашца (-нца, -арца чаккхенаш йолу цIердешнаш 2-чу легарна чу догIу)

Х. лечанах, лечарчех

М. лечане, лечарчашка Дс.

лечанал, лечарчел.

-Муьлхачу легарна чу догIу хIара дош?

Синквейн:

Меттигниг.

Хьаьнга? стенга?
Гойту, дуьйцу, хотту.
Предложенехь меттиг гойту. Дожар.

Дустург
Хьанал? Стенал?
Дусту, гойту, хотту.
Предложенехь дустар, барам гойту. Дожар.

V. ЖамI дар.

- Муьлхачу хаттаршна жоп ло меттигниг дожаро?

- Муьлхачу хаттаршна жоп ло дустург дожаро?

- Коьчалниг дожарехь -нца, -арца чаккхенаш йолу цIердешнаш муьлхачу легарна чу догIу?

IV. ЦIахь бан болх балар.

Шардар № I06-гIа, агIо 58-гIа.

VII. Рефлекси. «Светофор».

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара. 

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира. 

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

37 урок

Урокан цIе: ЦIердешнийн дожарш.

Iалашо: ЦIердешний легарх лаьцна йукъара кхетам балар. ЦIердешнийн дожарш а, церан хаттарш а довзийтар. ЦIердешнаш дожаршца хийца Iамор.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: бершана девзар ду цIердешнийн дожарш, церан хаттарш. Iемар ду хаттарийн гIоьнца цIердешнаш дожаршца хийца, чаккхенаш билгалйаха.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а , царех пайдаэца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йилла.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар. I.Маршалла

хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

-Муха хийцало цIердешнаш?

- ЛадогIа хIокху могIанашка:

ТIехь ду нохчийн йоIана,
ТIехь ду нохчийн кIантана
Дика хаар нохчийн мотт,
Доггах безар нохчийн мохк. (Ахмадов М.)



-Стенах лаьцна дуьйцу хIокху байта тIехь?

ЦIенайаздаран миноташ

ЧI чI

ЙоI кIант

II.Хаарийн актуализаци ЦIера

болх таллар.

Шардар № I06-гIа, агIо 58-гIа.

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза иза?

-Схьадийца дожарш а, церан хаттарш а.

- Маса дожар ду нохчийн маттахь? (8) **III.**

Керла тема хьехар.

- Цхьайолу дожарийн форманаш цхьа билггалчу цIердешнийн бен ца хуьлу. Масала: дийриг дожаран аффикс (чаккхе) –а/-с адамаш билгалдечу цIердешнийн бен хила йиш йац (да-дас, нана-нанас)

Легаде цIердешнаш: стаг, кад.

ЦІ.	Стаг	Кад

Дл.	Стеган	Кедан
Л.	Стагана	Кедана
Др.	Стага	Кедо
К.	Стагаца	Кедаца
Х.	Стагах Стаге	Кедах Кеде
М.	Стагал	Кедал
Дс.		

Дешнех предложенеш а йеш, дIайазйе. ЦIердешнийн дожарш билгалде.

-ХIун хаа деза, цIердешан дожар къасторхьама?

-Муьлхачу дожарехь хуьлу цIердош дештIаьхьенца?

ДIайеша. Билгалдаьхначу цIердешнийн дожарш билгалде. ДештIаьхьенца долу цIердош муьлхачу дожарехь ду?

Хаза шерша стигалахь дашо мархаш,

Iин чохь дека шовда, йетташ муьрг,

ХIордан йистехь **хица** ловзу бераш… Хаза
дара **дахарх** хIора цуьрг! (Сулаев М.)

Iин чохь – меттигниг дожар, хица – коьчалниг дожар, дахарх - хотталург дожар.

- ДештIаьхьенан меттигниг дожаран форманаш бен ца хуьлу. Масала: чу, чохь, чуьра, чоьхьа, чоьхьара; кIел, кIелахь, кIелахьа, кIелахьара; тIе, тIехь, тIера иштта дIа кхин а.

СадаIаран миноташ. Олхазарш.

Диттийн гаьннаш лестадеш,
Ловзуш лела олхазарш
- ЦIир-цIир-цIир! (ЧIогIа)
(Олхазарш санна, куьйгаш лестош, бераш уьду, хьехархочунна тIаьхьа байташ а олуш) Дийнахь сарралц уьш дийки,
(Голаш тIе охьаховшу, куьйгаш беснеш кIел а дохкуш, наб кхета.)
Бераш дийша ца дити: - ЦIир-цIир-цIир. (ЧогIа)

Буьйса йуьйли уьш дIатий, Массарна а набкхийти: -
ЦIир-цIир-цIир! (Халла хезаш).

IV. Iамийнарг тIечIагIдар.

-Масалш даладе дештIаьхьенан меттигниг дожаран форма йолуш.

Стоьла тIе кехат охьадиллира дас. Партанна кIелахьара схьакъедара Юсупан корта. ЦIа чуьра аравелира кIант. Дитта тIера гIаш охьаэга гурахь.

 Берашка шайга болх байтар.

Шардар № II0-гIа, агIо 60-гIа. TIера схьайазде. Билгалдинчу цIердешнийн дожар къастаде. ДештIаьхьенаш муьлхачу дожарехь долчу цIердешнашца йу.

V. ЖамI дар.

- Маса дожар ду нохчийн маттахь?

--Муьлхачу дожарехь хуьлу цIердош дештIаьхьенца?

-Дийриг дожаран хIун башхаллаш йу?

VI. ЦIахь бан болх балар.

Шардар № III-гIа, агIо 6I-гIа.

ЦIердешнийн дожарш билгалде. Хаттарна жоп луш,чекхйаккха текст.

VII. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми …

Суна кхета хала дара …

Со ца кхийти …

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

38 урок

Урокан цIе: ЦIердешнийн легарш.

Iалашо: цIердешнийн дожарш, церан хаттарш дагахь Iамо; цIердешнийн легарх болу кхетам балар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: бершана девзар ду цIердешнийн дожарш, церан хаттарш. Iемар ду хаттарийн гIоьнца цIердешнаш дожаршца хийца, чаккхенаш билгалйаха.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а, царех пайдаэца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.

  Познавательни: берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йилла.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Эрна Iамийнарг ца дов:

Доккхуш ву со хьекъал сов.

Доьшуш ву со ца луш кIад,

Берийн журнал «…» («СтелаIад»)



-Дийцал бераш, аша доьший журнал «СтелаIад».

II. Долчу хаарийн актуализаци.

ЦIенайаздаран миноташ

Нохчийн меттан тIаьххьара элп муьлха ду? (I)

ДIайазде доккха а, жима элп I. Даладе и йуьххьехь долу дешнаш.

Iуьйре Iа Iусман

ЦIера болх таллар.

Шардар № I06-гIа, агIо 58-гIа. *Дешархоша дIадоьшу шаьш кхочушдина шардар.*

- Стенна оьшу вайн дожарш?

-Стенах олу легар?

III. Керла тема хьехар.

Таблице хьажа. Тидамбарца жоп ло.

Дож	I-ра легар	2-гIа легар	3-гIа легар	4-гIа легар
ЦI Д.	Къолам	БIаьсте	Ваша	Таллархо
Л.	Къоламан	БIаьстенан	Вешин	Таллархочун
Д.	Къоламна	БIаьстенна	Вешина	Таллархочунна
К.	Къоламо	БIаьстено	Вашас	Таллархочо
Х.	Къоламца	БIаьстенца БIаьстенах	Вешица	Таллархочуьнца
М.	Къоламах	БIьстене бIаьстенал	Вешех	Таллархочух
Д.	Къоламе		Веше	Таллархочуьнга
	Къоламал		Вешел	Таллархочул

-Маса легар ду нохчийн маттахь? (4)

-Муха хиира шуна иза? (Коьчалниг дожарехь билгалдолу легар)

Масала:

К. д. баьпкаца/деца; аренца/набарца; мачица/вешица; нохчичуьнца/ хьехархочуьнца.

ЦIердешнийн диъ легар ду: коьчалниг

дожарехь, цхьаллин терахьехь

- I-чу легарна - -ца, -аца чаккхе йолу цIердешнаш;
- 2-чу легарна - -нца, -арца чаккхенаш йерш; ➢ 3-чу легарна – -ица чаккхе йерш; ➢ 4-гIа легарна - -чуьнца чаккхе йерш.

-ЦIердешан легар муха къастадо?

ЦIердош муьлхачу легарехь ду хаархьама:

1) ЦIердош цхьаллин терахьехь коьчалниг дожаре хIотто деза.

2) Чаккхе билгалйан йеза.
3) Чаккхенца легар билгалдо.

Шардар № II3-гIа, агIо 62-гIа. Билгалде хIора цIердешан легар. ДIайазде беа бIогIамалгахь.

СадаIаран миноташ. Олхазарш.

Диттийн гаьннаш лестадеш,
Ловзуш лела олхазарш
- ЦIир-цIир-цIир! (ЧIогIа)
(Олхазарш санна, куьйгаш лестош,бераш уьду, хьехархочунна тIаьхьа байташ а олуш)
Дийнахь сарралц уьш дийки,
(Голаш тIе охьаховшу, куьйгаш беснеш кIел а дохкуш, наб кхета.)
Бераш дийша ца дити:
- ЦIир-цIир-цIир. (ЧогIа)
Буьйса йуьйли уьш дIатий,
Массарна а набкхийти: -ЦIир-цIир-цIир! (Халла хезаш).

IV. Iамийнарг тIечIагIдар.

• Берашка шайга болх байтар.

Iаийнарг тIечIагIдеш кхочуш дийр ду хIара тIедиллар:

-ХIора цIердешан легар билгалде, беа бIогIамалга дIайазде:

Дог (I), мохь (2), наб (2), шича (3), баба (3), зуда (4), веданхо (4), куьг (I), Айзан (I), тум(2), дозалла (3), доттагI(4), шедаг (I), йукъ(2), чIуг (2), чехкалла (3), белхало (4), бIелиг (I), тIам(I), харцо (2), сихалла(3), къонах(4).

Ловзаран кеп: «Лами».

Дешнаш даладе элп Л хьалхара а, шолгIа а, кхоалгIа а, доьалгIа а иштта дIа хуьлучу кепара. Дешархой шина декъе а бекъна, муьлхачу тобано тIедиллар сиха кхочушдо хьовса мегар ду.

Кеп:

Лами

Алмазан
Балозана

Хьовлано
НІаьвлаца
ЗІоьмалгах
Малхбале.

V. ЖамІ дар.

-ЦІердешан легар муха къастадо?

-ЦІердешнийн легар кхечу дашца муха эр дара?

VI. ЦІахь бан болх балар.

Шардар ІІ4, агІо 63. ХІора легар чу догІу кхоккха цІердош йазде.

VII. Рефлекси.



Кху тІехь йерзайо вай вешан урок.
Іодика йойла шун! Марша Іойла шу!

39 урок

Урокан цІе: ЦІердешнийн легарш.

Іалашо: цІердешнийн дожарш, церан хаттарш билгалдаха хаар, легарх болу хаам кІаргбар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: бершана девзар ду цIердешнийн дожарш, церан хаттарш. Iемар ду хаттарийн гIоьнца цIердешнаш дожаршца хийца, чаккхенаш билгалйаха.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а, царех пайдаэца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йилла.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Хьекъалан дашо и чIара
Кхиабо къахьоьгучара,
Наб йар хIун ду хаац царна, -
Кхоьру уьш хан-жовхар дарна.

-ДIайеша. Дийца, муха кхета шу кхунах?

ЦIенайаздаран миноташ

-Схьайазде шалха элпаш: хь, къ, чI, кх, оь, хI, уь.

хьач къиг чIара кхокха оьпа хIусам уьстагI

ХIокху элпашца даладе дешнаш. ДIайазде.

ЦIера болх таллар.

Шардар № II4-гIа, агIо 63-гIа. Дешархоша дIадоьшу шаьш кхочушдина шардар.

II. Хаарийн актуализаци

- ЦIердешнийн легар муха билгалдоккху?

-ЦIердешнийн дожарца хийцадаларх хIун олу?

Легаде дешнаш: мотт, лол, сихалла, зуламхо.

Дийца хIокху дешнийн маьIнех лаций.

III. Керла тема хьехар.

-Маса легар ду цIердешнийн?

ЦIердешнийн диъ легар ду:

коьчалниг дожарехь, цхьаллин терахьехь

- I-чу легарна - -ца, -аца чаккхе йолу цIердешнаш;
- 2-чу легарна - -нца, -арца чаккхенаш йерш; ➢ 3-чу легарна – -ица чаккхе йерш; ➢ 4-гIа легарна - -чуьнца чаккхе йерш.

-ЦIердешан легар муха къастадо?

ЦIердош муьлхачу легарехь ду хаархьама:

4) цIердош цхьаллин терахьехь коьчалниг дожаре хIотто деза.
5) Чаккхе билгалйан йеза.
6) Чаккхенца легар билгалдо.

-ХІора легарна чу догІу кхоккха цІердош йазде. Дийца, муха хиира хьуна церан легарш къасто?

І-чу легарна – цамгар-цамгарца, дукъ-дукъаца, тур-туьраца;

2-чу легарна – гІум-гІамарца, диг-дагарца, дохк-дахкарца;

3-чу легарна – бажа-бажица, ваша-вешица, говзалла-говзаллица;

4-гІа легарна – нохчи-нохчичуьнца, маьлхи-маьлхичуьнца, салтисалтичуьнца.

 Берашка шайга болх байтар.

Шардар № II5-гІа, агІо 63-гІа. Дагалоцуш дІайазде (хьажа Іаматан чаккхенгахь болчу дагалацаме. ЦІердешнийн легарш билгалде.

Дешнаш тІехь болх:

Ларма (ларманаш) – ларйан хІума чуйуьллу меттиг.

Лайлат (лайлаташ) – гІаргІулийн тайпанах долу олхазар.

НІаьвла (нІаьвланаш) – олхазар.

СадаІаран миноташ. Олхазарш.

Диттийн гаьннаш лестадеш,
Ловзуш лела олхазарш
- ЦІир-цІир-цІир! (ЧІогІа)
(Олхазарш санна, куьйгаш лестош, бераш уьду, хьехархочунна тІаьхьа байташ а олуш) Дийнахь сарралц уьш дийки,
(Голаш тІе охьаховшу, куьйгаш беснеш кІел а дохкуш, наб кхета.)
Бераш дийша ца дити: - ЦІир-цІир-цІир. (ЧогІа)
Буьйса йуьйли –уьш дІатий,
Массарна а набкхийти: -ЦІир-цІир-цІир! (Халла хезаш).

IV. Іамийнарг тІечІагІдар.

- Іамийнарг тІечІагІдеш кхочуш дийр ду хІара тІедиллар:

Учебникаца болх бар. Шардар II7.

ДІайазде, дешнийн цхьаьнакхетарш дожаршца хуьйцуш. Билгалде дожар, легар.

Диктант йазйан кечло.

-ЦІердешнийн дожарш а, легарш а билгалдаха.

КІа.



Ширачу хенахь дуьйна кхача бина лелош хилла адамаша ораматийн хІуш. Цкъа хьалха буьйда хІуш дууш хилла, йуха царах худар дан а, бепиг датта а Іемина.

Дукха латта ду адамо кІа дуьйш лелош.

КІах дама до. Ткъа демах-бепиг. Бепигал мерза хІума йац.

-Дешархоша толлу шена уллохь Іачунна диктант. (шишша цхьаьна болх бар)

Цул тІаьхьа хьехархочо толлу.

Ловзаран кеп:

 **«ТIорказ чохь дешнаш».**

Дешнаш даладе элп О докх-доккху-уш дешан йуьххьера чаккхене а доккхуш. Билгалдаккха легар. Кеп:

Охана (I-ра лег)
БоргIал
Стом
Такхор
Веданхо

V. ЖамI дар.

-ЦIердешан легар муха къастадо?

-ЦIердешнийн диъ легар схьадийца.

V. ЦIахь бан болх балар.

Шардар I20, I2I (хьаьржинарг), агIонаш 65-66.

VI. Рефлекси. «Светофор».

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара.

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира.

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

40 урок

Урокан цIе: Изложени «Шеран заманаш». (агIо 43, ш. 74)

Іалашо: дешархойн дозуш долу къамел кхиор; йешначу текстан чулацам хьалха-тІаьхьа догІург хила ма-деззара дІанисдар; изложенин чулацам бовзийтар, план хІоттор, оцу планах йозанехь пайдаэца Іамор.

Урок дІайахьар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

І. Іалашо йовзийтар.

- Бераш, вай дІахьур бу къамел кхиоран болх. Вай йазйийр йу «Шеран заманаш» цІе йолу изложени.

« Шеран заманаш» цІе йолу диийцар довзийтар.

 БІАЬСТЕ

 АЬХКЕ

 ГУЬЙРЕ

 ІА

Изложени тІехь болх дІаболорхьама оьшу:

а) цуьнан чулацам хууш хилар:

- ДІадеша дийцар. Маса дакъа ду дийцаран?

- Муха билгалдаькхина хІора дакъа?

б) дийцаран коьрта ойла йовзар:

- ДIадеша хьалхара дакъа. Схьадийца.

-ДIадеша шолгIа дакъа. Схьадийца.

-ДIадеша кхоалгIа дакъа. Схьадийца. -

ДIадеша доьалгIа дакъа. Схьадийца. -

Схьадийца дерриге дийцар шайн дешнашца.

в) дийцаран чулацам йозане берзо хаар.

II. План хIоттор.

-Стенах лаьцна дуьйцу хьалхарчу декъехь?

I) БIаьстенан хазаллех.

-ШолгIачу декъехь?

2) Аьхка бераша садаIарх.

-КхоалгIачу?

3) Дитташ тIера гIаш гурахь охьаэгарх.

-ДоьалгIачу?

4) Iай берийн ловзарх.

- Муха йаздан деза хIора дакъа?

III. Орфографически кечам.

Луьйчу, дуьйхина, гуьйре, хоуьйту, хьийза, дуьйлуш. Маца йаздо орамехь **й** элп?

IV. Изложени планаца дIайазйар.

Дешархоша толлу шаьш йазйина изложени.

Хьехархочо схьагулдо тетрадаш.

V. ЖамI дар.

-Тахана урокехь хIун Iеми шуна?

ЦIахь: бакъонаш карлайаха.

Рефлекси:

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми … 

Суна хала дара … 

Суна ца хии … 

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

4I-42 урок

Урокан цIе: ЦIердешнийн дукхаллин терахь. ГIалаташ тIехь болх.

Iалашо: цIердешнийн дукхаллин терахьехь долу цIердешнаш къасто хаар, цхьаллин терахье даха хаар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна Iемар ду дукхаллин терахье даха цIердешнаш.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а, царех пайдаэца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.

  Познавательни: берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йилла.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Олхазарийн зевне эшарш
Арахь хеза, тамехь йекаш.
Класса чохь ду шабарш, шабарш,

Берийн аьзнаш хеза декаш. (С.Эдилов)

-Дийца стенах лаьцна йу хIара байт?

-Схьайазде дукхаллин терахьехь долу цIердешнаш.

ЦIенайаздаран

миноташ: Хь хь ХI хI

шабарш аьзнаш.

ЦIера болх таллар.

Бакъонаш карлайахар.

ГIалаташ тIехь болх бар. Дешархоша схьайаздо гIалаташ даьхна дешнаш, бакъонаш карла а йохуш.

II. Хаарийн актуализаци

- Дукхаллин терахьера цIердош муха къаьста цхьаллин терахьерчу цIердашах? (дешархойн жоьпаш)

- **Дукхаллин терахьерчу цIердашо шиъ йа цул сов хIуманаш билгалйо, масала: къоламаш, дешархой, аренаш, мостагIий, гIожмаш, денош.**

-Муьлха чаккхенаш хуьлу дукхаллин терахьерчу цIердешнийн цIерниг дожарехь? (проблемни хаттар)

-Шу жоьпаш нийса ду йа дац хьовсур ду вай.

III. Керла тема хьехар.

Тидам бе:

Шардар № I23-гIа, агIонаш 66-67.

-Дукхаллин терахье а дохуш, цIерниг дожарехь дIайазде цIердешнаш.

-Чаккхенаш билгалйе. ЖамI де цIерниг дожарехь долчу дукхаллин терахьан цIердешнийн.

- ЦIерниг дожарехь долчу дукхаллин терахьан цIердешнийн чаккхенаш хуьлу –ш, -аш, -наш, -маш, -ош, -арш, -й, -ий, -рш, -арий, -рчий:

комарш, хохаш, каранаш, Іаьмнаш, бошмаш, къинош, набарш, нохчий, вежарий, черчий.

- Цхьадолу цІердешнаша дукхаллин терахье довлуш шайн кеп хуьйцу: стаг-нах.

РогІера тІедиллар: ДІайеша. Билгалйе текстан тема. ЦІе тилла цунна. Дукхаллин терахьехь долчу цІердешнашна кІел сиз хьакха.

Массо халкъо, тІом ца безаш,
Машар, машар кхайкхабо,
Ахьа дохьучу ирсах тешаш,
Керла шо, хьо декъалдо.
Шераш идош, хьоькхуш
йоргІа, Зама, ахьа хьайн болар
до. Де мел дели хазлуш богІу
Даймохк, аса хьо декъалбо.

ЦІе тилла мегар ду «Керла шо». Текстан тема: Машар, Даймахке болу безам гойту автора.

6. СадаІаран миноташ. Олхазарш.

Диттийн гаьннаш лестадеш,
Ловзуш лела олхазарш
- ЦІир-цІир-цІир! (ЧІогІа)
(Олхазарш санна, куьйгаш лестош,бераш уьду, хьехархочунна тІаьхьа байташ а олуш) Дийнахь сарралц уьш дийки,
(Голаш тІе охьаховшу, куьйгаш беснеш кІел а дохкуш, наб кхета.)
Бераш дийша ца дити: - ЦІир-цІир-цІир. (ЧогІа)
Буьйса йуьйли –уьш дІатий,
Массарна а набкхийти: -ЦІир-цІир-цІир! (Халла хезаш).

IV. Іамийнарг тІечІагІдар.

Легаде дешнаш: шекъа (чернила), дохк (туман).

ЦI.	Шекъа	Дохк
Дл.	Шекъанан	Дахкаран
Л.	Шекъанна	Дахкарна
Др.	Шекъано	Дахкаро
К.	Шекъанца	Дахкарца
Х.	Шекъанах	Дахкарах Дахкаре
М.	Шекъане	Дахкарал
Дс.	Шекъанал	

-Муьлхачу легарна чу доху хIара цIердешнаш. (Шекъа, дохк – 2 легар.)

РогIера тIедиллар иштта хир ду:

-ТIадамийн метта оьшучу дожарийн чаккхенаш а йохкуш, тIера схьайазде кицанаш. Дукхаллин терахьехь долу цIердешнийн дожарш билгалдаха. Куьйг… дIалелаво, ког… кхобу. Хабаро хьаьжкI… до ца бузу. Къуьнан гергало къуш… хуьлу. Меца хилча, бIаьрг… хьалха бода хIутту. Стаг вовза лаахь, цуьнан уьйр… хьажа. Бер… Iеха а во, бер… бала а хуьлу. Нах… дуьйцучуьнга ладогIа, хьайн хьекъал… ваха.



Ловзаран кеп. «Дашна йукъахь дош караде» I-ра тоба: Къинхьегам – къа, гам, хьегам.

2-гIа тоба: Нохчийчоь- чоь, нох, нохчий, чич, хи, хой, ной.

V. ЖамI дар.

-Стенах лаьцна дийци вай тахана?

- Дукхаллин терахьера цIердош муха къаьста цхьаллин терахьерчу цIердашах?

- Муьлха чаккхенаш хуьлу дукхаллин терахьерчу цIердешнийн цIерниг дожарехь?

VI. ЦIахь бан болх балар.

Шардар № I30-гIа, агIо 70-гIа. TIадамийн метта оьшучу дожарийн чаккхенаш а йохкуш, тIера схьайазде кицанаш.

VII. Рефлекси.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

43 урок

Урокан цIе: Г1алаташ т1ехь болх бар. ЦIердешнийн дукхаллин терахь.

Iалашо: цIердешнийн дукхаллин терахьехь долу цIердешнаш къасто хаар, цхьаллин терахье даха хаар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна Iемар ду дукхаллин терахье даха цIердешнаш.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш алсам хир болчу кепара дIанисбан а, цхьаъ ша йа тобанашкахь, шайн говзаллашка хьаьвсина, болх дIабахьа а, шайн кхиамийн бахьанаш довза а , царех пайдаэца а. Iемар ду шайна оьшу гIирс книги тIехь карабан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шайна тIедиллинарг кхиам болуш кхочуш дан, Iемар ду шен балхах лаьцна вистхила, кхиниг кхето. Царна хуур ду шайна оьшучохь вовшех дагадовла, оьшург хатта.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йилла.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Легош дерг ду бIаьсте дош.
Боху багахь ца кIордош,
Тийна чIогIа, хаддаза:
БIаьсте, бIаьсте схьахеза. (С.Эдилов)



-Дийца стенах лаьцна йу хIара байт?

-Схьайазде шалха элпаш.

ЦIенайаздаран миноташ:

Аь хь кI чI гI хь

бIаьсте бIаьсте

ЦIера болх таллар.

Шардар № 142-гIа, агIо 75.

II. Хаарийн актуализаци

- Дукхаллин терахьера цIердош муха къаьста цхьаллин терахьерчу цIердашах?

- Дукхаллин терахьерчу цIердашо шиъ йа цул сов хIуманаш билгалйо: къоламаш, дешархой, аренаш, мостагIий, гIожмаш, денош.

-Муьлха чаккхенаш хуьлу дукхаллин терахьерчу цIердешнийн цIерниг дожарехь?

- ЦIерниг дожарехь долчу дукхаллин терахьан цIердешнийн чаккхенаш хуьлу –ш, -аш, -наш, -маш, -ош, -арш, -й, -ий, -рш, -арий, -рчий: комарш, хохаш, каранаш, Iаьмнаш, бошмаш, къинош, набарш, нохчий, вежарий, черчий.

-Чаккхенаш билгалйе. ЖамI де цIерниг дожарехь долчу дукхаллин терахьан цIердешнийн.

- Цхьадолу цIердешнаша дукхаллин терахье довлуш шайн кеп хуьйцу: стаг-нах.

III. Керла тема хьехар.

Тидам бе:

Шардар № I43-гIа, агIо 76-гIа.

-ЦIердешнийн суффиксаш билгалйаха.

➢ Дукхаллин терахьехь цIердешнийн легар къастош дац.

Дукхаллин терахьехь легаде хIара цIердешнаш: тIус, аре, мача, салти.

ЦI.	ТIассаш	Аренаш	Мачаш	Салтий
Дл.	ТIассийн	Аренан	Мачийн	Салтичун
Л.	Тассашна	Аренна	Мачашна	Салтичунна
Др.	ТIассаша	Арено	Мачаша	Салтичо
К.	ТIассашца	Аренца	Мачашца	Салтичуьнца
Х.	ТIассех	Аренах	Мачех	Салтичух, Салтичунах
М.	ТIассашка	Арене	Мачашка	Салтичуьнга
Дс.	ТIассал	Аренал	Мачел	Салтичул

-Муьлха чаккхенаш хуьлу дукхаллин терахьехь долчу цIердешнийн дийриг, хотталург, меттигниг дожаршкахь?

Др. –аша, -но, -аша, -чо

Х. -ех, --нах, ех, -чух/ -чунах

М. –ашка, -не, -ашка, -чуьнга

-Билгалдаха церан легарш. (тIус – I-ра лег, аре-2-гIа лег, мача-3-гI лег, салти – 4-гIа лег)

-Дийца, муха хиира шуна и? (Дешнаш цхьаллин терахье даьхна, коьчалниг дожаре хIиттийча: тIуьсаца, аренца, мачица, салтичуьнца).

СадаIаран миноташ. Олхазарш.

Диттийн гаьннаш лестадеш,
Ловзуш лела олхазарш
- ЦIир-цIир-цIир! (ЧIогIа)
(Олхазарш санна, куьйгаш лестош,бераш уьду, хьехархочунна тIаьхьа байташ а олуш) Дийнахь сарралц уьш дийки,
(Голаш тIе охьаховшу, куьйгаш беснеш кIел а дохкуш, наб кхета.)
Бераш дийша ца дити: - ЦIир-цIир-цIир. (ЧогIа)
Буьйса йуьйли уьш дIатий, Массарна а набкхийти: -
ЦIир-цIир-цIир! (Халла хезаш).

IV. Iамийнарг тIечIагIдар.

Кроссворд.

ЙеакIовш чу догIу дешнаш йазде, тIаккха шун таро хир йу кроссвордан йуьххьехь лакхара охьа кIентан цIе йеша. (Жоп: ТIахIир)



1. Тишйелла, эттIа бедар.
2. Коран бIаьрг.
3. Ворданан тайпа.
4. Нийса топ кхуссург.
5. Салаз говрана тIаьхьа тоссу гIуркх.

(Жоп: I.ТIелхиг. 2.Ангали. 3.ХIургон. 4.Иччархо.5.Ретинга.)

V. ЖамI дар.

-Стенах лаьцна дийци вай тахана?

- Дукхаллин терахьера цIердош муха къаьста цхьаллин терахьерчу цIердашах?

- Муьлха чаккхенаш хуьлу дукхаллин терахьерчу цIердешнийн цIерниг дожарехь?

VI. ЦIахь бан болх балар.

Шардар № I36-гIа, агIо 72-гIа. Бакъонаш карлайаха.

VII. Рефлекси.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

44 урок

Урокан цIе: Сочинени «Iа тIедеана» (суьрта тIехь, шардар I37, агIо 73).

Iалашо: дешархойн дозуш долу къамел кхиор; суьрта тIехь болх бан Iамор; тидаме хилар а, къамел нийса йозане дилла Iамор а.

Урок дIайахьар. I.

Урокана кечамбар

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Iалашо йовзийтар.

- Бераш, вай дIахьур бу къамел кхиоран болх. Вай йазйийр йу «Iа тIедеана» цIе йолу сочинени.

III. Сочинени йазйан кечам.

Шардар I37, 73-гIа агIо.



Суьрта тIе а хьожуш, Iаьнах а, Iай берийн ловзарх а лаций барта дийцар хIоттаде. Дийцаран цIе хIун туьллур йара аша? («Iа тIедеана)

Дийцар хIоттош цкъа хьалха Iаьнах, лайх, хих лаьцна, Iай дитташ муха хуьлу дуьйцуш йолу предложенеш хIиттайе. ТIаккха Iай бераш муха ловзу дуьйцуш йерш хIиттайе. Берашна цIераш таха. Тидам бе церан бедарийн а, лелочун а. Иштта дийца, бераша лайн баба йарх а.

III. План хIоттор.

План хIоттош бераша жигара дакъалоцу.

1. Iаьнан зама.

2. Басе тIехь бераш.
3. Лайх йина баба.
4. Берийн самукъадалар.

IV. Сочинени планаца дIайазйар.

Дешархоша толлу шаьш йазйина сочинени.

V. ЖамI дар.

-Тахана урокехь хIун Iеми шуна?

ЦIахь: бакъонаш карлайаха.

Рефлекси:

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми …

Суна хала дара …

Суна ца хии …

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

46 урок.

Урокан цIе: «Билгалдош».

Iалашо: билгалдешан маьIнех йукъара кхетам балар. Текстехь билгалдешнаш довза, уьш билгалдаха Iамор. Билгалдешан хаттарш довзийтар, царах пайдаэца Iамор.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна девзар ду хIуманийн билгалонаш гойтуш долу дешнаш, Iемар ду царех пайдаэца.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIабахьа. Берашна хуур ду шайн корматалле хьаьжжина болх дIабахьа(цхьаъ ша йа тобанашкахь).
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала, масалш а далош шайна хетарг тIечIагдан. Берашна хуур ду шайна хетарг накъостий кхетарболчу кепара дIадийца. Шайна оьшучунга дика ладогIа.
- **Познавательни:** берашна хуур ду шайна оьшу гIирс книги тIехь а, интернет чохь а лаха, цунах пайдаэца. Берашна Iемар ду дешнийн цхьанакхетарш предложенеш йукъара схьайазйан, билгалдешнашна антонимаш каро хуур ду. Берийн алсам дер ду ойла йар, тидам бар. Берийн алсам дер ду орфографически кхиар.

3. Личностни: берийн лаам хир бу говзалла а йолуш, дика кхеташ а волуш дикачу дешаран суьрте баха.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

«Чекхбаккха могIа».

ДIабоьшучу могIанийн тIаьххьарчу дешан дожар а, легар а билгалде.

КIадо йина йахь мало,
Iай тIе йогIур йу… (хало-2-гIа лег, ЦI.д.)

-Схьайазде шалха элпаш.

ЦIенайаздаран миноташ:

кI гI хь кI гI хь

кIадо мало

ЦIера болх таллар.

Сочиненин анализ йар. Тоьлла белхаш билгалбахар.

III. Хаарийн актуализаци

Кхокхий



Мокха кхокхий, сира кхокхий,
Араволий, шок а локхий,
УьйтIа йуккъе схьагулдо,
ХIуш а тосий, тергалдо.

-ДIайеша байт. ХIун йу цу тIехь йуьйцуш йерг? (кхокхий).

-Кхокхий муьлха къамелан дакъа ду? (ЦIердош). -ЦIердешан муьлха билгалонаш йу цу тIехь йалийна? Муха бу кхокхий? (Мокха, сира).

-Муьлхачу хаттарна жоп ло цара? (Муха?).

-Мухачу ? хаттарна жоп луш хилча муха хир дара и дешнаш? (мокхачу, сирачу).

-Муьлха къамелан дакъош ду уьш? Лаха мега жоп книги тIехь. -

ХIун Iамор ду вай тахана? ХIун кхиамаш баха дагахь ду шу?

-Бераш, вайна тахана девзар ду билгалдешнаш. Шуна Iемар ду билгалдешнаш довза , уьш билгалдаха, царна хаттарш хIитто.

III. Керла тема хьехар.

- ХIуманан билгало а гойтуш, **муха? муьлха? муханиг? муьлханиг? хьенан? стенан?** бохучу хаттаршна жоп лучу дешнех билгалдешнаш олу.

Предложенехь билгалдешнаш цIердешнашца уьйр йолуш хуьлу.

Предложенешкахь билгалдешнийн тидам бар.

Шардар № I46 -ДIадеша хIетал-металш. ХIун йу царна тIехь йуьйцуш йерш? (Цергаш, шекар, цIе, кIурз).

-Муьлхачу дешнаша гIо дира шуна уьш хIун йу хаа? (КIайчу, палсан, цIечу, кIайн, мерза, Iаьржа, цIен).

-Муьлха хаттаршна жоьпаш ло цара? (Мухачу, муха, стенан?).

-ХIун билгалйо цара? (ХIуманийн билгалонаш гойту).

-Муьлха къамелан дакъош ду уьш? (Билгалдешнаш) -

И дешнашш ца доьшуш дIадеша хIетал-металш.

-Билгалдешнаш ца хилча хуур дуй хIун йу йуьйцург? (Йац).

-Стенна оьшу билгалдешнаш? (Берийн жоьпаш).

-Билгалдешнаша вайн дахар хаздо. Цара хIора хIуманна бос ло: зезаг муха ду? (ЦIен, можа, сийна).

- Йуучунна чам ло: муха бу Iаж? (Мерза)

-

ХIуманна барам ло: буьрка муха йу? (Горга)

-ХIума стенах йина гойту: парта стенах йина? (Дечиган парта) -

ХIума хьенан долахь йу дуьйцу? (Хьенан йовлакх? Йишин йовлакх).

- **Бакъо таллар.**

-ДIайеша 78-чу агIон тIера бакъо. -Стенах олу билгалдош? (ХIуманан билгало а гойтуш, муха? муьлха? муханиг? муьлханиг? хьенан? стенан? бохучу хаттаршна жоп лучу дешнех билгалдешнаш олу.)

-Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло билгалдашо?

-Муьлхачу къамелан декъаца уьйр хуьлу билгалдешан? (предложенехь билгалденаш цIердешнашца уьйр йолуш хуьлу)

- **Дешархошка шайга болх байтар.**

Шардар № I48 , агIо 78.

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза шардар? (ТIадамийн метта маьIница догIу билгалдешнаш а дохкуш, тIера схьайазйе.)

-Билгалдешнийн муьлхачу къамелан декъаца уьйр хуьлу? (ЦIердешнашца).

-ДIайеша хьалхара предложени. Караде билгалдешнаш. (Онда, нуьцкъала).

- Хаттарш ло билгалдешнашна (Муха? онда, нуьцкъала).

(Иштта толлу предложенеш)

СадаIаран миноташ.

Къу
Тукхас баьккхи цIулла сара:
«Хьенан киснахь Iуьллу кара?»
ХIинца бIаьргаш хьабба ву
Вайха говза воллу къу.

(Ш.Хасаров)

IV. Іамийнарг тІечІагІдар

Хьовсур вай хІуманан хІун билгало гойту, муьлхачу хаттаршна жоп ло.

ХІуманан билгало а гойтуш, **муха? муьлха?хьенан? стенан?** хаттаршна жоп лучу дешнех билгалдешнаш олу.

 Тобанашкахь болх байтар.

Дешархой йеа тобане бекъна. ХІора тобано билгалдешан цхьацца билгало гойту дешнаш даладо.

Билгалдашо гойту

І-ра тоба	**2-гІа тоба**	**3-гІа тоба**	**4-гІа тоба**
Бос	**Чам**	**Барам**	**Хьенан , йа стенан**
йу сийна	дуьра	воккха	ненан баьццара
мерза	йеха	вешин Іаьржа	къаьхьа
лекха	йуьртан кІайн	чаьмза	йоца
кІентан			

Дуьхь-дуьхьал маьІна долуш билгалдешнаш карор. ***Шардар № І49, агІо 79.***

(Берашка шайга кхочушдайта мега шардар).

 Дешнийн цхьанакхетарш таллар.

Шардар № І5І, агІо 80.

-ДІадеша тІедиллар. Муха кхочушдан деза шардар? (ТІадамийн метта оьшу чаккхенаш а йохкуш.)

ЦІердешнашна кІел - цхьа сиз, билгалдешнашна кІел тулгІенан сиз хьакха.

-

Ловзаран кеп «ДогIу дош ала»

Дитта тIехь ца волуш лач, ас схьабоккху … хьач (хьаьрса).

Йац со дечиг йа тIулган хьех, ду со лаьмнийн … хьех (акха).

V. ЖамI дар.

Стенах олу билгалдош?

-Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло билгалдашо?

-Муьлхачу къамелан декъаца уьйр лелайо билгалдашо?

VI. ЦIахь бан болх балар.

ЦIердешан а, билгалдешан а пхиппа дешнийн цхьаьнакхетар йазде (хьаьрса хьач, боьмаша къолам…)

VII. Рефлекси. «Светофор».

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара.

Урок самукъане ра, йаас жигара дакъалецира.

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.

47-гIа урок

Урокан цIе: «Лааме а, лаамаза а билгалдешнаш».

Iалашо: лааме а, лаамаза а билгалдешнаш берашна довзийтар , уьш вовшех къасто Iамор. Берашна девзар ду лаамечу билгалдешнийн хаттарш, царех пайда эца а Iемар ду. Девзар ду лаамаза билгалдешнийн хаттарш, царех пайдаэца Iемар ду.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашан девзар ду лааме а, лаамаза а билгалдешнаш. Iемар ду уьш вовшех къасто. Берашна Iемар ду предложенешкахь лааме а, лаамаза а билгалдешнаш довза, билгалдаха.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна хуур ду шайн болх кхиамаш дукха хир болчу кепара дIахIотто. Iемар ду книги тIехь беллачу гIирсах пайда а оьцуш, шайн белхан план нисйан, цуьнан рогIалла а ларйеш кхиамаш баха.
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала, масалаш а далош шайна хетарг тIечIагдан. Берашна хуур ду

шайна хетарг накъостий кхетарболчу кепара дIадийца. Шайна оьшучунга дика ладогIа.

- **Познавательни:** берашна Iемар ду книги тIехь шайна темех кхета оьшуш болу гIирс каро, цунах пайда эца. Берашна Iемар ду лаамаза билгалдешнех лаамечаьрга дерзош (лаамаза билгалдешнашна тIе суффиксаш –иг,-ниг кхетарца).

3. Личностни: берашна луур ду, говзалла а йолуш, шайн говзаллехь бакхий а буьйш корматтала а йолуш дешархой хила.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

ХIетал-метал хаийла шуна:

ЦIен сиз хьокхуш дина доза

Дохош кIанта дира … (йоза)

ЦIенайаздаран миноташ:

дхш шхд хдш

доза йоза

II. Хаарийн актуализаци.

ЦIера болх таллар.

Шардар №I52 , агIо 80-8I.

-ДIайеша текст. ХIун кхеташо йина хила дийнаташа? ХIун хьажийна цара шайн кхеташона жоп лаха?

Оцу аьрзуно хIун йеана,хаьий шуна?

-

-Дийца, муьлхачу цIердашца уьйр йу хьалхарчу предложенехь къастийначу билгалдешнийн?

Хьажа, **хьомениг**, **хазаниг** билгалдешнийн цIердашца уьйр йуй.

ЖамI де,хIун башхалла йу царна йуккъехь.

III. Керла тема хьехар.

Тидам бе:

Хаза йоI – хазаниг

Дика кIант – диканиг -Муха кхолладелла шолгIачу бIогIамалгара дешнаш?(-ниг- тIекхатарца). Хьалхарчу бIогIамалгара билгалдешнийн цIердешнашца уьйр йу.

Билгалдешнаш хуьлу лааме а, лаамаза а.

- **Лаамаза билгалдешнаш олу цIердашца уьйр йолчу билгалдешнех. Цара муха? бохучу хаттарна жоп ло: шийла шовда, дуьра кIалд.**
- **Лааме билгалдош олу ша лелачу билгалдашах.**

Иза кхоллало лаамазчу билгалдашна тIе - ниг кхетарца. Цо муханиг? муьлханиг? Бохучу хаттаршна жоп ло: шийланиг, дуьраниг.

Лааме а, лаамаза а билгалдешнийн тидам бар. Дешнаш тобанашка декъар.

У тIе дIайаздо.

Хаза бIаьсте, хазаниг, йовха аьхке, йовханиг, дашо гуьйре, дашониг, шийла Iа, шийланиг, сирла де, сирланиг, мерза кхор, мерзаниг.

-Шина тобане а доькъуш дIайазде дешнаш. Муьлха дешнаш йаздина хьалхарчу тобане? (Хаза бIаьсте,…).

-Муьлхачу билгалонашца далийна аша уьш цхьана тобане? (Лаамаза билгалдешнаш ду уьш).

Муьлха дешнаш йаздина шолгIачу тобане?(Хазаниг,…).

-Муьлхачу билгалонашца далийна аша уьш цхьана тобане? (Лааме билгалдешнаш ду уьш).

-Муха кхолладелла лааме билгалдош ***хазаниг***? (***Хаза бIаьсте***, билгалдашна ***хаза*** тIекхетта суффикс –ниг).

 Берашка шайга болх байтар.

Шардар № I53, агIо 82. ДIадеша дешнаш. ТIера схьайазде цкъа хьалха лаамаза билгалдешнаш, тIаккха-лааменаш.

СадаIаран миноташ.

Оха йаазди, дукха йазди,
Йозано тхан пIелгаш кIадди.
ПIелгаш, Iадда ма Iелаш ,
Хьалхий-тIаьхьий идалаш.

Кхийса - кхийса - кхийсалуш,
Ида, ида, кIад ца луш.

Мохо бецаш лестайо, ДIа а,
схьа а техкайо. ПIелгаш,
мохах шу ма кхера, Ловза
лелхаш, шайн сакъера.

(Бераша байташ тIехь дуьйцург до.)

IV.Iамийнарг тIечIагIдар.

 Лаамаза билгалдешнаш лаамечаьрга дерзор *Шардар*

№ I54, агIо 82.

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза шардар? (Лаамаза билгалдешнаш лаамечаьрга а дерзош дIайаздо).

-

-ДIайеша хьалхара предложени. Муьлханиг ду лаамаза билгалдош? (Лекха).

-Муха кхуллу лаамаза билгалдешнех лааменаш? (ТIетуха суффикс –ниг).

-Лаамечуьнга дерзаде и билгалдош. (Лекханиг).

(Иштта кхочушдо шардар).

-Муьлхачу бакъонна тIедоьгIна йаздина дош ***дечиг?(***Дашехь доца шеконан мукъа аьзнаш ***(а, у, и)*** шеконца хезаш хилахь йаздо элп ***а.*** Амма ***к-ний, гний*** хьалхахь йаздо элп ***и)*** -ДIайазде дош цIийннана. Къастаде хIоттамца. Маса орам бу цу дашехь? (Шиъ-цIийн, нана).

- **Билгалдешнаш-синонимаш довзийтар.**
- **Кхолларалли болх.**

-ДІадеша дешнаш. Цхьа маьІна долу дешнаш къастаде. Предложенеш хІиттайе хІокху дешнашца.

Маса, чехка, сиха, воккха, къена, йовха, мела.

Кеп: ***Іиса маса вадарна массарел а хьалха велира. Пхьагал чехка йоду. Сиха дедда дахара цхьогал. Воккха стаг беркат ду. Тхан йуьртахь къена кхор бу. Йовха чорпа мелира кІанта. Мела хьоькхура арахь мох.***

-***Маса*** боху дош кхечу тайпана муха эр дара? (Чехка, сиха).

-Кхаа предложенехь дош ***сиха*** олуш йеша. МаьІна телхий ? (Ца телха).

-ХІун эр дара аша царех лаьцна? (Церан цхьа маьІна ду)

- **Цхьана дешдекъах лаьттачу билгалдешнийн чаккхенга гуттар а н йаздаран тидам бар.**

У тІе дІайаздо.

ЦІе –цІен.

КІай-кІайн.

Лай-лайн. -ДІадеша дешнаш. Дешдакъошка декъа уьш. Маса дешдекъах лаьтта уьш? (Цхьана). Муьлханиш нийса хетта шуна? (Берийн жоьпаш). -ДІабеша 83-гІа агІон тІера дагалацам. Муха йаздан деза и дешнаш?

(Чаккхенгахь ***н*** йаздеш)

-ДІайазде и дешнаш. **V.**

ЖамІ дар.

-Хьан лур дара урок йолош далийначу хаттаршна жоьпаш?

-Муьлхачу дешнийн чаккхенгахь йаздо гуттара н?

VI. ЦIахь бан болх балар.

Шардар № I56, агIо 83.

VII. Рефлексии.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

Урок 48

Урокан цIе: Талламан болх.

Iалашо: нийсайаздаран бакъонаш таллар; Iамийнарг карладаккхар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна йевзар йу шайн гIорасиз йолу агIонаш.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду гIалаташ ца дохуш йаздан, нийсайаздаран бакъонаш ларйан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шаьш Iамийначух пайдаэца.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йуьллуш текстан тIехь болх бан.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дІайахьар. І.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

ІІ. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Іилманан корта – хьекъал, хьекъалан корта – собар.

-Дийцал бераш, шаьш муха кхета кху кицанах.

ІІ. Керла тема хьехар.

Тахана вай йазбийр бу талламан болх.

Хьехархочо дІайоьшу текст.

Ца кхеташ дешнаш делахь, царна тІехь болх бо.



Тхо ломахь дехаш ду. Хаза меттигаш йу тхуна гонаха. Цхьана агІор лекха лаьмнаш ду, вукху агІор луьста хьун йу.

Йоккха клуб а, керла ишкол а йина тхан йуьртахь. Тхо даккхийде тхайн ишколах. Дика тойелла, къонйелла тхан йурт.

Йуьртана лахахьа йеса аре йара. Цига буьрканах ловза бераш а оьхура. Амма хІинца къона беш йу цигахь. Иза йуьртарчу ахархоша йоьгІна. Цу бешахь Іаламат дукха Іежаш, кхораш кхуьу. Кест-кеста бераш доьлху беша уьш гулдеш гІо дан.

Грамматически тІедиллар.

1. Схьайазде билгалдешнаш шайца цхьаьна долчу цІердешнашца.

III.ЖамI дар:

Дешархоша толлу шаьш бина болх. Хьехархочо схьалахьадо тетрадаш.

IV. ЦIахь бан болх балар.

Бакъонаш карлайаха.

V. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми …

Суна хала дара …

Суна ца хии …

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

50-гIа урок

Урокан цIе: «Билгалдешнийн дожарца хийцадалар».

Iалашо: билгалдешнийн легарх йукъара кхетам балар. Билгалдешнийн дожарш предложенешкахь къасто, билгалдаха Iамор. Билгалдешнаш шайн дожаршца хийцадаларе терра, башхаллашка терра кхаа легаре доькъуш хилар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна девзар ду билгалдешнийн легар. Хуур ду билгалдешан дожар цIердешан дожар къасторца билгалдоккхуш хилар.

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан, рогIалла а ларйеш дIабахьа. Берашна Iемар ду вовшийн корматалле хьаьжжина болх шайга балур болчу барамехь тIелаца. Шайн кхиамийн бахьанаш довза, царех пайдаэца Iемар ду.

  Кхачамбацарш ган, царех пайдаэца Iемар ду.
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала, масалш а далош шайна хетарг тIечIагдан. Берашна хуур ду шайна хетарг накъостий кхетарболчу кепара дIадийца. Шайна оьшучунга дика ладогIа. Берийн мотт шарлур бу.

- **Познавательни:** берашна Iемар ду книги тIехь шайна оьшу гIирс лаха, цунах пайдаэца. Бераш тIекхуьур ду билгалдешан дожар шеца уьйр лелочу цIердащах дозуш хилар (цIердош долчу дожарех билгалдош хуьлуш хилар). Берийн алсам дер ду тидаме хилар, ойла йар, хIума довза лаар.

3. Личностни: берашна луур ду, говзалла а йолуш, шайн говзаллехь бакхий а буьйш корматтала а йолуш дешархой хила.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Баьццарчу кузаш тIе

КIеда мотт буьллуш,

КIайн дарин йургIа ду

Кхашна тIе туьйсуш. (Айсханов Ш.)

-Муха кхета шу Айсханов Ш. байтан кийсаках?

-Схьалаха билгалдешнаш. ДIайазде тетрадаш тIе.

ЦIенайаздаран миноташ:

КI Кх

Баьццара, кIеда, кIайн.

II. Хаарийн актуализаци.

ЦIера болх таллар.

Шардар № I59 агIо 84

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза шардар?

-Цхьаллин терахьехь долу билгалдешнаш дукхаллин терахьехь муха йаздина аша? Цара муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло? Муьлха билгалдешнаш ду уьш? -ДIайеша вайн урокан цIе. Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? (Билгалдешнийн легарх лаьцна).

-ХIун кхиамаш бохур бу аша? Стенна тIера дIаболор бу вай болх?

-Бераш, вайна тахана дуьйцур ду билгалдешан легарех лаьцна. Шуна хуур ду билгалдешан маса легар ду. Муьлха билгалдешнаш догIу хIора легарна чу, йевзар йу легарийн башхаллаш.

III. Керла тема хьехар.

-Легаде лааме а, лаамаза а билгалдешнаш кIеда мотт, кIеданиг.

ЦІ. КІеда мотт	КІеданиг
Дл. КІедачу меттан	КІедачун
Л. КІедачу маттана	КІедачунна
Др. КІедачу матто	КІедачо
К. КІедачу маттаца	КІедачуьнца
Х. КІедачу маттах	КІедачух
М. КІедачу матте	КІедачуьнга
Дс. КІедачу маттал	КІедачул

Билгалдешан дожар шеца уьйр йолчу цІердешан дожаре хьаьжжина хуьлу.

Билгалдешнийн шиъ легар ду.

Хьалхарчу легарна чу догІу **муха**? бохучу хаттарна жоп луш долу лаамаза билгалдешнаш.

ШолгІачу легарна чу догІу муханиг? бохучу хаттарна жоп луш долу лааме билгалдешнаш.

- **Бакъо таллар.**

-ДІайеша 9І-гІа агІон тІера бакъо. Маса легар ду билгалдешан?

-Муьлха билгалдешнаш догІу хьалхарчу легар чу?

-Муьлха билгалдешнаш догІу шолгІачу легар чу?

РогІера тІедиллар

Шина а терахьехь дожаршца хийца хІара дешнийн цхьаьнакхетарш: лекха лам, сирла шовда.

- **Хьалхарчу легарна чу догІучу билгалдешнийн дожарш къастор.**

Шардар І63, агІо 86.

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза шардар? (ТIера схьайазде цIердешнийн а, билгалдешнийн а цхьаьнакхетарш. Дийца муьлха дожаршкахь ду цIердешнаш).

-ДIайеша хьалхара предложени. Муьлханаш ду цIердош, билгалдош цхьанакхетар? (Мокха цициг).

-Муьлханаш ду шолгIачу предложенехь? (Мокхачу цицигна).

(Иштта толу предложенеш, схьайаздо дешнийн цхьанакхетарш).

Мокха цициг(цI.д.), мокхачу цицигна(л.д.), мокхачу цициго(др.д.), мокхачу цицигах(х.д.), мокхачу цицигал(д.д.), мокхачу цициге(м.д.), мокхачу цицган(д.д).

-Буха сизаш хьакха билгалдешнашна. Стенан тидам би аша? (Билгалдешнаш шина кепара ду).

-Хьанна хуур дара уьш муьлхачу дожаршкахь ду къасто. Книги тIехь дуй цунах лаьцна хIумма? (Бераша дIайоьшу бакъо).

-Билгалдешан дожар муха къасто деза? (Цуьнца уьйр йолу дош муьхачу дожарехь ду хаа деза, билгалдош шеца уьйр лелош долу дош долччу дожарехь хуьлу).

-Муьлхачу дожарехь ду *цициг* дош? (ЦIерниг).

-Муьлхачу дожарехь ду *мокха* дош? (ЦIерниг)

-Муьлхачу легарна чу догIу аша билгалдаьхна билгалдешнаш? Книги тIехь лаха жоп.

ШолгIачу легарна чу догIучу билгалдешнийн дожарш къастор.

Шардар № I64 , агIо 86.

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза шардар?

(Бераша шаьш кхочушдо шардар).

ТIера схьайазйе. **Стенан?** хаттарна жоп луш долчу билгалдешнашна кIел тулгIенан сиз хьакха, ткъа цара уьйр лелочу цIердешнашна кIел нийса сиз хьакха. Дийца, лаамазчу билгалдешан дожар муха къасто деза.

СадаIаран миноташ.

ЙоргIа

ЙоргIа говр, йоргIа говр,
Хало, атто оха ловр.
Дига генна хьайца дIа,
Класса чохь тхо кхин ца Iа.
Кхосса - кхосса - кхоссалуш,
Йада ЙоргIа, сих ца луш,
Лаьтта ког ахь билла байн,
Тата дезаш дац тхо, хIай!
Йада, ЙоргIа, кхоссало, Каде
хила, мал ма ло.
ЙоргIа идда, кIадлуш йу,
Болар цуьнан лагIлуш ду.
Собар !Тоьар! Сацахь цкъа!
Кхин хьо идахь ду хьан къа .
Болар лахди, хIоьтти дIа:
Деза цуьнан садаIа.
(Берашна йукъара цхьаъ говр хоржу. Цунна тIаьхьа а хIуьттий, хIара байташ а олуш, класса чухула довдуш ши-кхо го боккху цара.)

Iамийнарг тIечIагIдар

Шардар №I65 , агIо 87.

-Дешнех предложенеш а хIиттайай, дIайеша текст.

-Текстана цIе а тиллий, дIайазйе. Билгалдешнийн дожарш къастаде.

-ДIайеша хьалхара предложени. Муьлхнаш ду оцу предложенехь билгалдешнаш? (Кегийрачу,).

-Муьлхачу хаттарна жоп ло цо? (Муьлхачу?).

-ДIайеша шолгIа предложени. Муьлхнаш ду оцу предложенехь билгалдешнаш? (Йехачу).

-Муьлха билгалдош ду изу? (Лаамаза).

-Муьлхачу хаттарна жоп ло цо? (Мухачу?).

(Иштта толлу предложенеш. Билгалйоху тIаьххьарчу шина предложенехь меженаш).

 Берашка шайга болх байтар.

Шардар № I66, агIо 88.

IV. ЖамI дар.

-Маса легар ду билгалдешан?

-Муьлха билгалдешнаш догIу хьалхарчу легар чу? ШолгIачу?

-Муха хуур ду билгалдош муьлхачу дожарехь ду?

V. 9. ЦIахь бан болх балар.

Шардар № I67 , агIо 88

(Барта билгалдаха лааме билгалдешнаш . Дийца, уьш муьлхачу легарна чу догIу.

VI.Рефлекси.

«Светофор»

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара. 

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира. 

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.


Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

5I- гIа урок

Урокан цIе: «Билгалдешан хьалхара легар».

Iалашо: хьалхарчу легар чу догIу билгалдешнийн тидам бар. Церан башхаллаш йовзийтар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна девзар ду хьалхарчу легар чу догIу билгалдешнаш, Iемар ду уьш предложенешкахь каро билгалдаха.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан, рогIалла а ларйеш дIабахьа. Берашна Iемар ду вовшийн корматалле хьаьжжина болх шайна балур болчу барамехь тIелаца. Шайн кхиамийн бахьанаш довза, царех пайдаэца Iемар ду. Кхачамбацарш ган, царех ларбала .
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала, масалш а далош шайна хетарг тIечIагдан. Берашна хуур ду шайна хетарг накъостий кхетарболчу кепара дIадийца. Шайна оьшучунга дика ладогIа. Берийн мотт шарлур бу.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду книги тIехь шайна оьшу гIирс лаха, цунах пайдаэца. Бераш тIекхуьур ду билгалдешан дожар цIердешан дожар карорца къастош хиларна, хьалхарчу легарна чу догIучу билгалдешнийн лач дожаршкахь чаккхе **чу** хиларх кхетар ду. Берийн алсам бер бу тидаме хилар, ойлайар, хIума довза лаар.

3. Личностни: берашна луур ду, говзалла а йолуш, шайн говзаллехь бакхий а буьйш корматтала а йолуш дешархой хила.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II.Дог даийтаран мур (мотиваци).

ТIадам бу со мархех хаьдда –

Сирла, цIена тIадам бу.

Хазчу лаьтта кхача хьаьдда,

Со стигалан жовхIар ду.

-ДIайеша байт. Билгалдешнийн дожарш билгалде.

ЦIенайаздаран миноташ:

стглн

жовхIар

III. Хаарийн актуализаци ЦIера болх таллар.

Шардар № I67 , агIо 88. Стихотворенин коьрта ойла билгалйе.

(Бераша дIадоьшу шаьш билгалдаьхна лааме билгалдешнаш, дуьйцу шаьш церан легар муха лехна.

-Стенах олу цIердош? Билгалдош?

-Муьлха дашца уьйр йолуш хуьлу билгалдош?

-Маса тайпана хуьлу билгалдешнаш?

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана?

-Бераш, вай тахана тидам бийр бу хьалхарчу легарна чу догIучу билгалдешнийн. Йевзар йу церан башхаллаш, Iемар ду уьш шина дожарехь лего.

III. Керла тема хьехар.

Билгалдешнийн ши легар ду.

- **Хьалхарчу легарна чу догIу муха? бохучу хаттарна жоп луш долу лаамаза билгалдешнаш.**



Тобанашкахь болх. «Дешнийн цхьаьнакхетарш кхолла».

Лахахь далийначу цIердешнашна билгалдешнаш лаха. Легар билгалдаккха.

I-ра тоба: Говр – (къена, къона, гIийла…).

2-гIа тоба: Класс – (йоккха, жима, сирла…)

3-гIа тоба: Коч – (цIен, йеха, басмин…)

Кеп: къена говр (къена говраш)-I –ра легар.

ДIайеша хьалхарчу легарна чу догIучу билгалдешнийн кеп.

-Муьлха чаккхенаш йу билгалдешнийн цхьаллин терахьехь лач дожаршкахь? (-чу). Дукхаллин терахьехь? (-чу).

 Билгалдешнаш оьшучу кепе дерзор.

Шардар № I68, агIо 89.

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза шардар?

Къовларшна йуккъера билгалдешнаш оьшшучу дожаре а дохуш, тIера схьайазйе предложенеш.

(Бераша шаьш кхочушдо шардар).

Кеп: Султан, вист а ца хуьлуш, воккхачу стагана тIаьхьа волавелира.

СадаIаран миноташ.

Саца, машен!

XIокху ловзаро ритм ларйан Iамадо бераш.

Массара а цхьаьний:

Саца, машен, саца,

машен, Саца, машен,

саца! Саца, машен, саца,

машен, Саца, машен,

саца!

ХIораммо а ритмехь, цхьанаэшшарехь керайуккъе байн буй бетта, багахь и байташ а йоьшуш. Йуха массара а шайн-шайн дагахь йоьшу уьш. Оьшшучу хенахь, массара а цхьаьний «Саца» ала деза.

IV. Iамийнарг тIечIагIдар.

 Хьалхарчу легарна чу догIуш долу билгалдешнаш легар.

Шардар № I69 , агIо 90.

-Хаттаршца схьайазде ***шийла*** боху дош, цуьнца уьйр латтош долу цIердош.

Муха? шийла мох.

Мухачу? шийлачу механ.

Мухачу?шийлачу махана.

Мухачу?шийлачу мохо.

Мухачу?шийлачу махаца

Мухачу?шийлачу махах

Мухачу?шийлачу махе

Мухачу?шийлачу махал.

-Билгалйаха чаккхенаш. Барта легаде и билгалдош дукхаллин терахьехь

Шардар № I70 , агIо 90.

(Шина а терахьехь легадо дешнийн цхьаьнакхетарш: исбаьхьа де, исбаьхьа денош.

Цхьаллин терахь
ЦI.исбаьхьа де_____
Дл.исбаьхьчу дийнан___
Л. исбаьхьчу денна___
Др. исбаьхьчу дийно___
К. исбаьхьчу денца___
Х. исбаьхьчу дийнах___
М. исбаьхьчу дийне___
Дс. исбаьхьчу дийнал___

Хьалханчу легарна чудогIучу билгалдешнийн цхьаллин терахьехь лач дочаршкахь чаккхенаш …**чу…**……..хуьлу.

Дукхаллин терахь
ЦI.исбаьхьа денош
Дл.исбаьхьчу денойн
Л. исбаьхьчу деношна
Др. исбаьхьчу деноша
К. исбаьхьчу деношца
Х. исбаьхьчу денойх
М. исбаьхьчу деношка
Дс. исбаьхьчу денойл

Хьалханчу легарна чудогIучу билгалдешнийн дукхаллин терахьехь лач дочаршкахь чаккхенаш …… **чу…**……..хуьлу.

V. ЖамI дар.

Синквейн.

Билгалдош

Лааме а, лаамаза а

Гойту, хазйо, тойо

ХIуманан билгало гойту дош.

Къамелан дакъа.

VI.ЦIахь бан болх балар.

Шардар № I72 , агIо 9I.

VII.Рефлекси.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

Урокан цIе: «Билгалдешнийн шолгIа легар».

Iалашо: шолгIачу легарна чу догIучу билгалдешнийн легаран тидам бар. шолгIачу легарна чу догIучу билгалдешнийн башхаллаш йовзийтар, чаккхенаш билгалйахар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна девзар ду шолгIачу легарна чу догIуш долу билгалдешнаш , Iемар ду уьш шина терахьехь лего, чаккхенаш билгалйаха. Берашна Iемар ду шолгIачу легарна чу догIучу билгалдешнийн дожарш билгалдаха.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан, рогIалла а ларйеш дIабахьа. Берашна Iемар ду вовшийн корматалле хьаьжжина болх шайна балур болчу барамехь тIелаца. Шайн кхиамийн бахьанаш довза, царех пайдаэца Iемар ду. Кхачамбацарш ган, царех пайдаэца Iемар ду.
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала, масалаш а далош шайна хетарг тIечIагдан. Берашна хуур ду шайна хетарг накъостий кхетарболчу кепара дIадийца. Шайна оьшучунга дика ладогIа. Берийн мотт шарлур бу.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду книги тIехь шайна оьшу гIирс лаха, цунах пайдаэца. Бераш тIекхуьур ду шолгIачу легарна чу догIучу билгалдешийн чаккхенаш массо а дожаршкахь тайп-тайпана хилар. Берийн алсам дер ду тидаме хилар, ойлайар, хIума довза лаар

3. Личностни: берашна луур ду, говзалла а йолуш , шайн говзаллехь бакхий а буьйш корматтала а йолуш дешархой хила.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Даймохк, хьох къаьстича,

Вахар а оьшуш дац.

Цхьана хьоьца деанарг бен

Кхин ирс со лоьхуш вац. (Арсанукаев Ш.)



-Стенах лаьцна йу байт?

ЦIенайаздаран

миноташ: рст ирс

III. хаарийн актуализаци.

ЦIера болх таллар.

Шардар №I75 , агIо 92.

(Бераша дIадоьшу шаьш йаздина дешнийн цхьанакхетарш. Дуьйцу муьлханаш ду царах хьалхарчу легарна чу догIуш дерш, муьлханаш ду шолгIачу легарна чу догIуш дерш).

-Шуьйта, Органан боху дешнаш даккхийчу элпашца хIунда йаздина? (Уьш долара цIераш йу. Долара цIераш даккхийчу элпашца йазйо).

- Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? (Билгалдешнийн шолгIачу легарх).

-ХIун кхиамаш бохур бу аша?

-Суна девзар ду билгалдешан шолгІа легар.

-Суна Іемар ду шолгІачу легарна чу догІу дешнаш лега.

-Суна Іемар ду церан чаккхенаш билгІалйаха

-Суна Іемар ду шолгІачу легарна чу догІучу билгалдешнийн дожарш билгалдаха.

-Бераш, вай тахана тидам бийр бу шолгІачу легарна чу догІучу билгалдешнийн. Іамор ду уьш лего, дожарш къасто, чаккхенаш билгалйаха.

III. Керла тема.

- **ШолгІачу легарна чу догІучу билгалдешнийн легаран тидам бар.**

-Бераш, шина а терахьехь вай легор ду билгалдош **диканиг**. ДІайазде дожарш.

У тІехь болх

Цхьаллин терахь	Дукхаллин терахь
ЦІ. муханиг? диканиг Дл. мухачун? дикачун Л. мухачунна? дикачунна Др. мухачо? дикачо К. мухачуьнца? дикачуьнца	ЦІ. муханаш? диканаш Дл. мухачеран? дикачеран Л. мухачарна? дикачарна Др. мухачара? дикачара К. мухачаьрца? дикачаьрца

Х. мухачух? дикачух М. мухачуьнга? дикачуьнга Дс. мухачул? дикачул	Х. мухачарах? дикачарах М. мухачаьрга ?дикачаьрга Дс. мухачарел? дикачарел

-ДІадеша йуха а хаттарш а, жоьпаш а. Муьлха хаттарш ду цхьаллин терахьехь долчу шолгІачу легарна чу догІучу билгалдешний? Муьлханаш йу чаккхенаш?

-Муьлха хаттарш ду дукхаллин терахьехь долчу шолгІачу легарна чу догІучу билгалдешний? Муьлханаш йу чаккхенаш?

- **ШолгІачу легарна чу догІу муханиг? бохучу хаттарна жоп луш долу лааме билгалдешнаш.**

ШолгІачу легарна чу догІучу билгалдешнийн цхьаллин а, дукхаллин а терахьашкахь тайп-тайпана чаккхенаш хуьлу.

- **ШолгІачу легарна чу догІу дешнаш легор.**

-ДІайазде дожарш. Шина а терахьехь легаде дош: хазаниг. Лахарчу таблици чу дІайазйе чаккхенаш.

Цхьаллин терахь	Дукхаллин терахь
ЦІ. муханиг? хазаниг Дл. мухачун? хазачун Л. мухачунна? хазачунна Др. мухачо? хазачо К. мухачуьнца? хазачуьнца. Х. мухачух? хазачух М. мухачуьнга? хазачуьнга Дс. мухачул? хазачул	ЦІ. муханаш? хазанаш Дл. мухачеран? хазачеран Л. мухачарна? хазачарна Др. мухачара? хазачара К. мухачаьрца? хазачаьрца Х. мухачарах? хазачарах М. мухачаьрга ? хазачаьрга Дс. мухачарел? хазачарел

(Бераша шаьш кхочуш до тІедиллар).

Чакхйаха предложенеш. Хьалхарчу легар чу догІучу билгалдешнийн хІара чаккхенаш хуьлу.	
Цхьаллин терахь	Дукхаллин терахь

ЦІ._____ Дл._____ Л._____ Др._____ К._____ Х._____ М._____ Дс._____ ШолгІачу легарна чу догІучу билгалдешнийн цхьаллин терахьехь лач дочаршкахь чаккхенаш ……..хуьлу.	ЦІ._____ Дл._____ Л._____ Др._____ К._____ Х._____ М._____ Дс._____ ШолгІачу легарна чу догІучу билгалдешнийн дукхаллин терахьехь лач дочаршкахь чаккхенаш ……..хуьлу.

СадаІаран миноташ.

Оха йазди, дукха йазди,
Йозано тхан пІелгаш кІадди.
ПІелгаш, Іадда ма Іелаш,
Хьалхий-тІаьхьий идалаш.
Кхийса - кхийса - кхийсалуш,
Ида - ида, кІад ца луш. Мохо бецаш лестайо ДІа а, схьа а техкайо.
ПІелгаш, мохах шу ма кхера,
Ловза лелхаш, шайн сакъера.

(ПІелгаш меттахдохуш йоьшу хІара байташ) **IV.**
Керла тема кхин дІа а хьехар.

- **ШолгІачу легарна чу догІучу билгалдешнийн дожарш къастор.**

Шардар № 176 , агІо 93.

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза шардар? (Билгалдаьхначу дешнийн дожарш къасто деза).

-Муьлхачу дожарехь ду ***воккхачун*** боху дош? (Сий до (мухачун?) *воккхачундоланиг* дожарехь)

(Иштта толлу деригге дешнаш, билгалйоху чаккхенаш).

- **Берашка шайга болх байтар.**

Шардарш № I78, агIо 94. **V.**

ЖамI дар.

-Муьлха билгалдешнаш догIу шолгIачу легар чу?

-Цара муьлхачу хаттарна жоьпаш ло? -ХIун эр дара аша шолгIачу легарна чу догIучу билгалдешнийн шина а терахьехь йолчу чаккхенех лаьцна?

VI.**ЦIахь бан болх балар.**

Шардар № I79, агIо 94. ТIадамийн метта оьшу элпаш а дохкуш, тIера схьайазйе.

VII. Рефлекси.

«Светофор»

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара. 

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира. 

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара. 

Урокан цIе: ЦIердош а, билгалдош а.

Iалашо: цIердош а, билгалдош а уьш къамелан дакъош хилар хаийтар, церан хаттарш довзийтар, царех пайдаэца Iамор; маьIне хьаьжжина уьш тобанашка декъа Iамор; ненан метте безам кхиор.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: Iамийнарг тIечIагIдеш бераша карладохур ду къамелан дакъош. Йийцаре йийр йу цIердешан а, билгалдешан а грамматически билгалонаш, легарш, церан терахьашца хийцадалар.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан, рогIалла а ларйеш дIабахьа. Берашна Iемар ду вовшийн корматалле хьаьжжина болх шайга балур болчу барамехь тIелаца. Шайн кхиамийн бахьанаш довза, царех пайдаэца Iемар ду.
  Кхачамбацарш ган, царех пайдаэца Iемар ду.
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршна жоьпаш дала, масалш а далош шайна хетарг тIечIагдан. Берашна хуур ду шайна хетарг накъостий кхетарболчу кепара дIадийца. Шайна оьшучунга дика ладогIа. Берийн мотт шарлур бу.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду книги тIехь шайна оьшу гIирс лаха, цунах пайдаэца. Берийн алсам дер ду тидаме хилар, ойлайар, хIума довза лаар.

3. Личностни: берашна луур ду, говзалла а йолуш, шайн говзаллехь бакхий а буьйш корматтала а йолуш дешархой хила.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

ХIетал-метал хаийла шуна:

Шовда санна цIена йу.

И, ло санна, кIайн а йу.

Молу буьйда, кхехкийна,

Йеза дукха гакина. (шура)



-Схьайазде билгалдешнаш а, цIердешнаш а.

ЦIенайаздаран миноташ:

кнмрг шовда, шура, цIен,

кIайн.

III Хаарийн актуализаци.

ЦIера болх таллар.

Шардар № I79, агIо 94.

-Муьлха къамелан дакъош ду вай схьайаздинарш?

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана?

-Бераш, вай тахана карладохур ду нохчийн меттан къамелан дакъош. Вай Iамийнарг тIечIагIдеш, карлайохур йу цIердешан грамматически билгалонаш а, иштта билгалдешан легарш а.

III.Керла тема хьехар

У тIе дIайаздо.

Iаж, дечиг, малх, догIа, колл, дешархо, можа , йоI, лекха, маше, наьрс, кехат, месала, эсала, йуткъа, лоха, хаза, йовха, хьехархо, спортсмен .

-Схайазйе хIуманийн цIераш. Царех массарех хIун эр дара?

-Хаттарш ло царна?

-И дешнаш муьлхачу къамелан декъана йукъадогIу? ХIун йу цIердош?

-Схайазйе хIума гойту дешнаш . Царех массарех хIун эр дара?

-И дешнаш муьлхачу къамелан декъана йукъадогIу? ХIун йу билгалдош?

Кхолларалли болх. Лахарчу дешнех предложенеш йалайе.

Бода, серло, мацалла, хазалла, дозалла, йовхо, шело.

-Муьлха къамелан дакъош ду уьш? (ЦIердешнаш).

РогIера тIедиллар:

Лахахь далийначу билгалдешнех лааме билгалдешнаш кхолла:

Йоца, йеха, лекха, лоха, йовха, шийла, мерза, теза, къаьхьа.

-Муьлха къамелан дакъош ду уьш? (Билгалдешнаш).

СадаIаран миноташ.

Диттийн гаьннаш лестадеш, Ловзуш
лела олхазарш

- ЦIир-цIир-цIир! (ЧIогIа)

(Олхазарша санна, куьйгаша лестош, бераш уьду, хьехархочунна тIаьхьа байташ а олуш)

Дийнахь сарралц уьш дийки,
Голаш тIе охьаховшу, куьйгаш беснеш кIел а дохкуш, наб кхета.) ***Бераш дийша ца дити:***
- ЦIир-цIир-цIир. (ЧогIа)
Буьйса йуьйли уьш дIатий, Массарна
а набкхийти: -ЦIир-цIир-цIир!
(Халла хезаш).

IV. Iамийнарг тIечIагIдар.

ЦIердешнаш цхьаллин а, дукхаллин а терахьашца хийцало.

Лаамаза билгалдешнаш цхьадерш бен ца хийцало терахьашца .

Лааме билгалдош дерриг а терахьашца хийцало.

ЦIердош долччу дожарехь хуьлу билгалдош.

ЦIердешнаш а, билгалдешнаш а тобанашка декъар. Мила? хIун? муха? мухачу? хьенан? стенан? хаттарш таллар.

Шардар № I82, агIо 95.

ЦIердешнашца маьIница догIу билгалдешнаш даладе. ДIайазде дешнийн цхьаьнакхетарш. Билгалде церан терахь, дожар.

Кроссворд.

Кроссвордан йеакIовш чу догIуш долу дешнаш йазде, тIаккха шун таро хир йу цу йуккъе дIалачкъийначу дийнатан цIе йаккха. (Жоп: Хешт)

1. Говр дIайужу гIирс.
2. Цирка чохь йолу майда.
3. ТIом дIабаьлча хIуттуш йерг.
4. Хьийзаш кхуьучу ораматан гIад.
5. (Жоп: I.Архаш. 2.Арена. 3.Машар. 4. Хутал.) **V. ЖамI дар.**

-Стенах олу цIердош?

-Муха хийцало цIердешнаш?

-Билгалдешнийн муьлха легарш девза шуна?

VI.ЦIахь бан болх балар.

Шардар № I84, агIо96 .

VII. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Іеми …

Суна хии…

Суна кхета хала дара …

Со ца кхийти …

Кху тІехь йерзайо вай вешан урок.
Іодика йойла шун! Марша Іойла шу!

Урок 54

Урокан цIе: Талламан болх. «ДоттагIий».

Iалашо: нийсайаздаран бакъонаш таллар; Iамийнарг карладаккхар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна йевзар йу шайн гIорасиз йолу агIонаш.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду гIалаташ ца дохуш йаздан, нийсайаздаран бакъонаш ларйан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шаьш Iамийначух пайдаэца.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йуьллуш текстан тIехь болх бан.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар. I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Адам ницкъ болуш хир ду, церан барт белахь.

-Дийцал бераш, шаьш муха кхета кху кицанах.

II. Керла тема хьехар.

Тахана вай йазйийр йолу талламан белхан цIе йу «ДоттагIий».

Хьехархочо дIайоьшу текст.

Ца кхеташ дешнаш делахь, царна тIехь болх бо.

ДоттагIий.



Дуккха а дика доттагIий бу тхан классерчу берийн.

Тхо долчу кест-кеста богIу лакхарчу классийн дешархой. Цара гIо до тхуна урокашна кечам беш, самукъане викторинаш, концерташ дIахьош. Тхоьца мохк талла а богIу уьш. ХIинца тхайн ишколан хиллачу дешархошца цхьаьнакхета кечлуш ду тхо.

Грамматически тIедиллар.

3. Билгалдешнийн дожарш билгалдаха.

III.ЖамI дар:

Дешархоша толлу шаьш бина болх. Хьехархочо схьалахьадо тетрадаш.

IV. ЦIахь бан болх балар.

Бакъонаш карлайаха.

V. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми …

Суна хала дара … 

Суна ца хии … 

Кху тІехь йерзайо вай вешан урок.

Іодика йойла шун! Марша Іойла шу!

55-гІа урок

Урокан цIе: «Терахьдош».

Iалашо: терахьдешнех лаьцна йукъара кхетам балар. Терахь дешан маьIна довзийтар (хIуманийн масалла йа рогIалла билгалйар).

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна девзар ду терахьдешнаш , Iемар ду къамелехь а, йозанехь а царех пайдаэца.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: Шайн болх кхиамаш дика хир болчу кепара дIахIотто а Iемар ду берашна. Шайн кхиамийн бахьанаш довза, царех пайдаэца Iемар ду. Кхачамбацарш ган, царех пайдаэца Iемар ду.
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доца жоьпаш дала, хуур ду вовшех дагадовла. Берашна хуур ду шаьш дика кхеттарг накъосташна хьеха, ца кхеттарг хата.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду шайна оьшу гIирс лаха, цунах пайдаэца. Бераш тIекхуьур ду терахьдешнаш шина тайпана хилар: масаллин а, рогIаллин а. Берашна хуур ду ***цхьанна*** тIера ***пхеанна*** тIекхаччалц долчу терахьдешнна тIехьа ***ъ*** йазйар, ***исс, итт*** терахьдешнийн чаккхенгахь шала мукъазнаш йаздар. Берийн алсам дер ду ойлайар, тидам бар, хIума довза а, лаха а лаам.

3. Личностни: берашна луур ду, говзалла а йолуш, шайн говзаллехь бакхий а буьйш корматтала а йолуш дешархой хила.

Урок дIайахьар. I.Маршалла

хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Хабар дукха дийцинчо болх кIезиг бина.

-Даста кицанан маьIна.

ЦІенайаздаран миноташ.

хбр бхр рхб болх

хабар

II. Хаарийн актуализаци ЦІера

болх таллар.

Шардар №184, агIо 96.

(Бераша дуьйцу стенах лаьцна йу текст, хIун цIе тилла мегар дара цунна).

-Муьлха къамелан дакъош девза шуна?

-ЦIердош стенах олу? Маса терахь ду цIердешан?

-Стенах олу билгалдош? Маса тайпана ду билгалдешнаш?

Терахьдешнийн тидам бар.

-Бераш, шуна девзий цхьа а дагардар? (Берийн жоьпаш).

-Схьадийца.

Суна а девза цхьа хаза дагардар. ЛадогIалаш, оцу тIехь дуьйцуш дерг кхочушде.

Цхьаъ - шиъ - нана-пIелг,
Кхоъ - диъ - хьажо-пIелг,
Пхиъ - йалх - йуккъерниг, Ворхl- 6архl - маза-пIелг,
Исс - итт -цIазаниг, Ву хьо
хIинца тIаьххьарниг.
Бераш, йуххе схьагулло

-Маса пIелг багарбира цу тIехь? (Итт).
-Муьлхачу дешнаша гIо дира шуна и хаа? (Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ,пхиъ, йалх, ворхI, бархI).
-Цара хIун гойту? (ПIелгаш масса бу гойту).
-ДIайазде и дешнаш. Хаттарш ло царна.
-Муьлха къамелан дакъош ду уьш? Караде книги тIехь жоп.
-ЛадогIа кхечу дагардаре.

Тухур йу вай чот:
КIира долош ду оршот,
ШолгIа де ду шинара,
КхоалгIаниг кхаара,
ДоьалгIаниг йеара,

ПхьоьалгІа ду пІераска, Ткъа
йалхалгІа шот,
ВорхІалгІаниг ду кІира.
Тхоьца хьо ца вогІу,
Гила, гонна йуккъера дІахила!

Маса де ду кІиран чохь? (ВорхІ).

-Муьлхачу дешнаша гойту оцу денойн рогалла? (Хьалхара, шолгІа, кхоалагІа, доьалгІа, пхоьалгІа, йалхалгІа, ворхІалгІа).

-ДІайазде и дешнаш. Хаттарш хІиттаде царна.

-Муьлха къамелан дакъош ду? Лаха жоп.

ІІІ. Керла тема.

ХІуманан масалла йа рогІалла гойтучу къамелан декъах терахьдош олу. Масала: цхьаъ, итт, шолгІа, цхьайтталгІа.

- **Бакъо таллар.**

-ДІайеша 98-гІа агІон тІера бакъо.

-Стенах олу терахьдош? Даладе масалш.

- **Терахьдешнийн тидам бар, билгалдахар.**

Шардар № І86, агІо 97.

-ДІайеша хьалхара предложени. Муьлханиг ду терахьдош? (Маса шо? Итт).

(Иштта толлу предложенеш, билгалдоху терахьдешнаш).

- **Берашка шайга болх байтар.**

Шардар № І87 , агІо 98.

СадаІаран минoташ.

Цхьаъ –шиъ- нана-пІелг,

Кхоъ- диъ-хьажо- пІелг,

Пхиъ-йалх-йуккъерниг,

ВорхI-бархI-маза-пIелг,

Исс-итт-цIазаниг, Ву хьо

хIинца тIаьхьарниг.

IV. Іамийнарг тІечІагІдар.

 Терахьдешнийн нийсайаздар таллар.

Шардар № І88, агІо 98.

-ДІадеша терахьдешнаш. Муьлхачу терахьдешнийн чаккхенгахь йаздо ъ? ДІадеша уьш.

-Муьлхачу терахьдешнийн чаккхенгахь йаздо шала мукъазнаш? ДІадеша.

(Шардар кхочушдайта диктантан хьесапехь. Йазйина бевлча талла книгин гІоьнца).

Кроссворд

Кроссвордан йеакІовш чу догІуш долу дешнаш йазде, тІаккха шун таро хир йу цу йуккъе дІалачкъийначу олхазаран цІе йаккха. (Жоп: Москал)
Пурхнехьа:

І.ЦІахь кхобу дийнат (гомаш).

2.Ондда дегІ долу стаг (БІотІа).

3. Мерза даар (Паста).

4.ХІума хадон а, лоргу а гІирс.(Тукар).

5.Хьера тIе хи дохуьйту гIирс (Апари).

6.Муьшах бина говрана коьртах буллу гIирс (Жулар).

V. ЖамI дар.

-Стенах олу терахьдош?

-Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло терахьдешнаша?

-Стенна оьшу терахьдешнаш?

VI. ЦIахь бан болх балар.

Шардар № I88, агIо 98.

VII. Рефлекси.

«Светофор»

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара. 

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира. 

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.


Урокан цIе: «Масаллин а, рогIаллин а терахьдешнаш».

Iалашо: терахьдешнаш шина тайпана хилар хаийтар: масаллин а, рогIаллин а. Царна йукъара башхаллаш йовзийтар**.**

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна девзар ду масаллин а, рогIаллин а терахьдешнаш, Iемар ду царех йозанехь а, къамелехь а пайдаэца.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: Шайн болх кхиамаш дика хир болчу кепара дIахIотто а Iемар ду берашна. Шайн кхиамийн бахьанаш довза, царех пайдаэца Iемар ду. Кхачамбацарш ган, царех пайдаэца Iемар ду.
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина йа доца жоьпаш дала, хуур ду вовшех дагадовла. Берашна хуур ду шаьш дика кхеттарг накъосташна хьеха, ца кхеттарг хатта.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду шайна оьшу гIирс лаха, цунах пайдаэца. Бераш тIекхуьур ду терахьдешнаш шина тайпана хилар: масаллин а, рогIаллин а. Берийн алсам дер ду ойлайар, тидам бар, хIума довза а, лаха а лаам.

3. Личностни: берашна луур ду, говзалла а йолуш, шайн говзаллехь бакхий а буьйш корматтала а йолуш дешархой хила.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Цхьана дийнахь цадинарг шаре даьлла.

-Кицанан маьIна даста.

ЦIенайаздаран миноташ:

ргд цхьана дийнахь

III. Хаарийн актуализаци .

ЦIера болх таллар.

Шардар №I88, агIо 98.

(Бераша дуьйцу муьлхачу терахьдешнашна буха сизаш хьаькхна, цара хIун билгалйо, муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло).

-ДIайеша урокан цIе. (Масаллин а, рогIаллин а терахьдешнаш).

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана?

-Муьлхачу хаттарна жоп лаха деза вай тахана? (ХIун гойту масаллин а, рогIаллин а терахьдешнаша?) -Муха дIаболор бу вай болх?

-Бераш, вайна тахана девзар ду терахьдешнаш масаллин а, рогIаллин а. Шуна хуур ду уьш вовшех къасто, царна хаттарш дала.

III.Керла тема хьехар.

Маса, мел йу аса дуьйцу

Эшахь, гойту рогIалла.

Хьем ца беш ахь ала дош,

Вай дуьйцург ду …(терахьдош)

Терахьдешнаш хуьлу масаллин а, рогIаллин а.

- **Масаллин терахьдешнаша хIуманийн масалла гойту. Цара маса? бохучу хаттарна жоп ло : пхиъ, йалх, исс.**
- **РогIаллин терахьдешнаша хIуманийн рогIалла гойту. Цара масалгIа бохучу хаттарна жоп ло: пхоьалгIа, йалхалгIа, уьссалгIа.**

  Масаллин а, рогIаллин а терахьдешнийн башхаллаш таллар

  Шардар № I89 , агIо 99.

-ХIун башхалла йу аьрру а, аьтту а бIогIамалгашкарчу терахьдешнашна йуккъехь?

Цхьаъ-хьалхара. Йалх-йалхалгIа.
Шиъ-шолгIа. Ворх-ворхIалгIа.

Кхоъ-кхоалгIа. БархI-бархIалгIа.

Диъ-доьалгIа Исс-уьссалгIа.

Пхиъ-пхоьалгIа Итт-уьтталгIа

-ДIадеша дешнаш. Муьлхачу терахьдешнаша жоп ло (маса?) бохучу хаттарна? ДIайазде уьш.

- Муьлхачу терахьдешнаша жоп ло (масалгIа?) бохучу хаттарна?ДIайазде уьш.

-ХIун башхалла йу оцу терахьдешнашна йуккъехь?

 Бакъо таллар.

-ДIайеша 99-гIа агIон тIера бакъо. Маса тайпана хуьлу терахьдешнаш?

-ХIун гойту масаллин терахьдешнаша? Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло?

-ХIун гойту рогIаллин терахьдешнаша? Муьлхачу хаттаршан жоьпаш ло?

СадаIаран миноташ.

Тахана оха суьрташ дехки,
ПIелгаш жимма кIаддели.
КIеззиг вай уьш ластор ду,
Йуха а суьрташ дохкур ду.
Когаш цхьаьна, когаш дIасхьа,
Вай чу туху боккха хьостам.
(Бераша меллаша шайн куьйгаш хьаладохуьйту, ластадо, когаш туху.)

IV.Iамийнарг тIечIагIдар.

- **Тидаме хилар кхиор.**

Шардар № I90, агIонаш 99-I00.

-ДIадеша хIетал-металш. ХIун йу уьш?

-Муьлха терахьдешнаш ду оцу предложенехь? (Беа, кхаа, шина).

-Муьлхачу хаттарна жоп ло цара? (Маса?).

- **Iамийнарг карладаккхар.**

 ***Тобанашкахь болх бар.***

I-ра тоба
TIадамийн меттана оьшу элпаш а дохкуш дIайазде дешнаш.
Цхьа…, ши…, кхо…, ди…., пхи…, ис…, ит…

2-гIа тоба
Шина бIогIамалге дIайазде терахьдешнаш
Цхьаъ, цхьолгIа, кхоъ, диъ, кхоалгIа, доьалгIа, пхиъ, йалх, ворхI, пхоьалгIа, йалхалгIа , ворхIалгIа, бархI, бархIалгIа.

V.ЖамI дар.

-Маса тайпана хуьлу терахьдешнаш?

-Муьлхачу терахьдешнех олу масаллин терахьдешнаш? Цара муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло?

-Муьлхачу терахьдешнех олу рогIаллин терахьдешнаш? Цара муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло?

VI.ЦIахь бан болх балар.

Шардар № I9I, агIо I00.

Бакъо, агIо 99.

VII. Рефлекси.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

Урок 57

Тема: Изложени « Ши йоI»

Iалашо: йешначу текстен чулацам тIаьхь хьалхе гал ца йолуьйтуш, чулацам ца талхуьйтуш йозанца билгалйаккха Iамор , шен хьекъалах пайда а оьцуш; текстан план хIоттор кхиор, оцу планах йозанехь пайдаэца Iамор; дозуш долу къамел кхиор, адамалла совйаккхар.

Урок дIайахьар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

I. Iалашо йовзийтар.

- Бераш, вай дIахьур бу къамел кхиоран болх. Вай йазйийр йу « Ши йоI» цIе йолу изложении.

2. « Ши йоI» цIе йолу диийцар довзийтар.

- ДIадеша дийцар.Маса дакъа ду дийцаран? Муха билгалдаькхина хIора дакъа?

- ДIадеша хьалхара дакъа. Схьадийца.

-ДIадеша шолгIа дакъа. Схьадийца.

-ДIадеша кхоалгIа дакъа. Схадийца.

-Схьадийца дерриге дийцар шайн дешнашца.

3. План хIоттор.

-Стенах лаьцна дуьйцу хьалхарчу декъехь?ХIун цIе туьллур йара цу декъана?(I. Ши йоI хьуьнах кхораш баха йахар)

-ШолгIачу декъехь?(2.ЦIеххьна цIерпоштан гучуйаларх)

-КхоалгIачу?(3 .Шина йоIан кхерайалар)

-ЙоьалгIачу?(4. Жимахйерг некъана дехьаэккхар)

-пхоьалгIачу?(5. ЦIерпоштан чекхйалар)

-ЙалхалгIачу?(6. Массарна а хазахетар)

- Муха йаздан деза хIора дакъа?

4. Орфографически кечам.

ЦIерпоштан некъан, дIай-схьай, цIаьххьана, Жимахйерг, йоккхахйерг.

-Муха йаздо чолхе дешнаш? - Мукъаза шиъ шалха элп тIаьхьа-хьалха нисделча муха йаздан деза? Муьлхачу дешнашкахь йазйо къасторан хьаьрк?

Изложени йазйар.

5. ЖамI дар.

ЦIахь:бакъонаш карлайаха.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми …

Суна хала дара …

Суна ца хии …

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

58-гIа урок

Урокан цIе: «ЦIерметдош. Йукъара кхетам».

Iалашо: цIерматдешнех лаьцна хаамаш балар. ЦIерметдешан маьIна а, цо лело гIуллакх а довзийтар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна девзар ду цIерметдош. Iемар ду оьшу меттехь цIердешнийн, билгалдешнийн, терахьдешнийн меттана уьш йаздан.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна хуур ду шайна болх дика кхиамаш хир болчу кепара дIанисбан. Берашна Iемар ду книги тIехь болх бан. Шайн корматталлашка хьаьвсина болх вовшашна йукъахь дIасабекъа а хуур ду берашна.
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду нийса, бух болуш жоьпаш дала, шаьш дуьйцург масалшца тIечIагIдарца. Берашна Iемар ду вовшашца эбала, гIо дан.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду шайна хIоттийначу хаттарна жоп лаха, тайп-тайпанчу масалшна а, гIирсашна а йуккъехь шайна оьшург харжа а. Бераш тIекхуьур ду терахьдешнаш цIердешнийн, терахьдешнийн, билгалдешнийн меттана лелаш хилар. Берийн алсам бер ду хIума лаха лаам, довза а, Iамо а лаам.

3. Личностни: Берийн безам кхоллалур бу нохчийн матте, лаам хир бу и дика Iамо бовза.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Ца хуург хаттар-хьекъал.

-Даста кицанан маьIна.

ЦIенайаздаран

миноташ. хргт тргх

хьекъал

II. Хаарийн актуализаци

ЦIера болх таллар.

Шардар №I97 , агIоI02.

(Бераша дуьйцу шаьш муьлха дешнаш билгалдаьхна, нийса доцчо нисдо)

 Караде совнаха дош.

У тIе дIайаздо.

Шийтта, кхоъ, ах, доьалгIа, уьссалхIа, оццул.

ЙоI, кIант, Адам, Хьава, нана, доттагI, иза.

Можа, цIен, сийна, Iаьржа, иштта.

-ДIадеша дешнаш. Караде хIора могIанехь совнаха дош. ДIабеша хьалхара могIа. Муьлха дош ду совнаха? (Оццул).

-ХIунда ду и совнаха? (Дисина дешнаш терахьдешнаш ду, иза дац).

-ДIабеша шолгIа могIа. Муьлха дош ду совнаха? (Иза).

-ХIунда ду и совнаха? (Дисина дешнаш цIердешнаш ду, иза дац).

-ДIабеша кхоалгIа могIа. Муьлха дош ду совнаха? (Иштта)

-ХIунда ду и совнаха? (Дисина дешнаш билгалдешнаш ду, иза дац).

Иза, иштта, оццул – уьш цIерметдешнаш ду.

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? (ЦIерметдашах).

-Муьлхачу хаттарна жоп каро деза вайна? (Стенна оьшу цIерметдош?).

-ХIун кхиамаш бохур бу аша тахана?

Бераш, вайна тахана девзар ду цIерметдешнаш. Шуна хуур ду церан маьIна довза, йозанехь билгалдаха. Хуур ду коьртачу хаттарна жоп дала.

IV. Керла тема хьехар.

Къамелан дакъош ца эшош, Ду
со церан метта лелош:
Со, хьо, иза дилла аша,
Хир ду тIаккха …(цIерметдош)

- **Дешнаш со, хьо, и, иза, тхо, шу, уьш цIерметдешнаш ду. ЦIе а ца йоккхуш, йа цуьнан мухалла, масалла билгал а ца йеш, гойту цIерметдашо хIума.**

ЦIерметдош къамелан дакъа ду.

- **ЦIерметдешнийн гIуллакхан тидам бар.**

У тIе дIайаздо.

Ахьмад пхоьалгIачу классехь доьшуш ву. … дика доьшуш ву.

Сан Iаьржа жIаьла ду. …. жIаьла ду Виситин.

Алиханан кхоъ ручка йу. … ручканаш йу Халидан.

-ДIайеша хьалхара предложени. Мила ву цу тIехь вуьйцург? (Ахьмад).

-ДIайеша шолгIа предложени. Муьлха дош эли аша тIадамийн меттана? (Иза)

-Муьлхачу дешан меттана йаздина аша и дош? (Ахьмад) -

ДIайазде и ши дош.

-ДIайеша кхоалгIа предложени. Муха ду жIаьла ? (Iаьржа).

-ДIайеша йоьалгIа предложени. Муьлха дош эли тIадамийн меттана?(Иштта).

-Муьлхачу дешан меттана йаздина аша и дош? Iаьржа).

-ДIайазде и дешнаш.

-ДIайеша пхоьалгIа предложени. Маса ручка йу Алиханан ? (Кхоъ).

-ДIайеша йалхалгIа предложени. Муьлха дош эли тIадамийн меттана?(Оццул).

-Муьлхачу дешан меттана йаздина аша и дош? (Кхоъ).

-ДIайазде и дешнаш.

Ахьмад-иза.

Iаьржа-иштта.

Кхоъ-оццул.

-Муьлхачу къамелан декъан меттана лела шолгIачу бIогIамалгера дешнаш. (ЦIердешан , билгалдешан , терахьдешан).

-Муьлха къамелан дакъа ду иза? Караде жоп.

- **Бакъо таллар.**

-ДIайеша I04 –гIа агIон тIера бакъо. Муьлханаш ду цIерметдешнаш?

-Стенна оьшу уьш?

Шардар № 20I, агIо I03.

ДIайеша текст. Стенах лаьцна дуьйцу цу тIехь?(Хьозанах).

-Муьлхачу дешан меттана лела билгалдаьхна дешнаш? (Хьоза дешан).

-Йуха дIайеша текст цIердешнийн меттана ***хьоза*** дош а олуш. ХIун хили? (Йух-йуха цхьа дош ду массо а предложенехь. МаьIна нийса ца хуьлу).

-Стенна оьшу цIерметдешнаш? (Текстехь сих-сиха цхьа дош ца нисдалийта, цуьнан меттана оьшу цIерметдешнаш).

-Схьайазйе пхи предложени. ТIедиллар кхочушде.

- **ЦIерметдешнийн тидам бар.**

Шардар № 202 , агIо I04.

(Берашка шайга кхочушдойту шардар).

СадаIаран миноташ.

Оха йазди, дукха йазди,
Йозано тхан пIелгаш кIадди.
ПIелгаш, Iадда ма Iелаш ,
Хьалхий-тIаьхьий идалаш.

Кхийса-кхийса-кхийсалуш,
Ида, ида, кIад ца луш.

Мохо бецаш лестайо, ДIа а,
схьа а техкайо. ПIелгаш, мохах
шу ма кхера , Ловза лелхаш,
шайн сакъера.

(Бераша байташ тIехь дуьйцург до.)

IV. Iамийнарг тIечIагIдар.

- **ЦIердешнийн, билгалдешнийн, терахьдешнийн меттана цIерметдешан хиларан тидам бар.**

Шардар № 203 , агIо I05.

-Билгалдина цIердешнаш цIерметдешнашца хуьйцуш, схьайазйе.

 **Тобанашкахь болх.**

I-ра тоба.

Билгалдаккха нийса жоп:

1. Цунна моьттина стигалара бутт, хенан беттанаш цхьаъ ду.
2. Цунна девзаш ца хила цхьа маьIна долу дешнаш.

масала_____
_

2-гIа тоба.

Хаттаран жоп йазде. Дика хир ду масалш йаздахь.

Муьлхачу къамелан дакъойн хаттаршна жоьпаш ло цIерметдашо?

ЦIердешан_____
____

Хандешан_____
_____

Билгалдешан_____
_____

Терахьдешан_____
_____

V. ЖамI дар.

-Стенах олу цIерметдош?

-Муьлхачу къамела дакъойн меттана лела цIерметдешнаш?

VI. ЦIахь бан болх балар.

1. Шардар 205, агIо I06.
2. Кханалерчу белхан план хIоттайе.

VII. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми … 

Суна кхета хала дара … 

Со ца кхийти … 

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

59-гIа урок

Урокан цIе: «Йаххьийн цIерметдешнаш».

Iалашо: цIерметдешнех болу хаамаш шорбар. ЦIерметдешнаш йаххьашка декъалуш хилар хаийтар. ХIора йуьхьан маьIна довзийтар. ЦIерметдешнех йозанехь а, къамелехь а пайдаэца Iамор.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна девзар ду йаххьийн цIерметдешнаш, йевзар йу церан грамматически билгалонаш (дожаршца хийцало). Берана Iемар ду оьшучу кепе а хIиттош предложенешкахь йаххьийн цIерметдешнех пайдаэца.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна хуур ду кийчачу планаца болх дIабахьа. Iемар ду хьалххе билгалбаьхначу кхиамашка кхача. Берашна Iемар ду хIоранна корматалле хьаьжжина кхиамаш баха.
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду нийса, бух болуш жоьпаш дала, шаьш дуьйцург масалшца тIечIагIдарца. Берашна Iемар ду вовшашца эбала, гIо дан.

- **Познавательни:** берашна Iемар ду шайна хIоттийначу хаттарна жоп лаха, тайп-тайпанчу масалшна а, гIирсашна а йуккъехь шайна оьшург харжа а. Берашна Iемар ду йаххьийн цIерметдешнаш цхьаллин терахьехь лего.

3. Личностни: берашна Iемар ду вовшийн лера а, терго йан. Вовшийн оьшуш хилар, тобанехь эбала а хуур ду берашна **I.Маршалла хаттар.**

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Йаккхий тулгIеш йетта цо,

Хета, меттиг, боху, ло,

Дуьне мел ду лелла тхо,

Тхуна йийша дейша гIо. (Эдилсултанов I.)

-

Дийца, стенах лаьцна йу хIара байт?

ЦIенайаздаран миноташ:

ккх лл

тхуна тхо цо

II. Хаарийн актуализаци.

ЦIера болх таллар.

-ХIетал-метал хаийла шуна:

Къамелан дакъошца эшош,

Ду со церан метта лелош:

Со, хьо, иза дилла аш,

Хир ду таккха….(цIерметдош).

-Хьан хIоттийна аша белхан план? ХIун кхиамаш баха дагахь ду шу?

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана?

-Вайна тахана девзар ду йаххьийн цIерметдешнаш. Iемар ду уьш дожарца хийца. Йозанехь уьш оьшучу кепехь дIайаздан Iемар ду.

III. Керла тема хьехар.

- **Йаххьийн цIерметдешнаша цIердешнашна луш доллу хаттарш ло. ЦIердешнаша хIума билгалйо .**

Йаххьийн цIерметдешнаш кхаа декъе декъало .

Со, тхо, вай хьалхарчу йуьхьан цIерметдешнаш ду.

Хьо, шу шолгIачу йуьхьан цIерметдешнаш ду.

И, иза кхоалгIачу йуьхьан цIерметдешнаш ду.

-

- **Бакъо таллар.**

-ДIайеша I06-гIа агIон тIера бакъо.

-Маса декъе декъало йаххьийн цIерметдешнаш?

Муьлханиг йу хьалхара йуьхь?

-Муьлханиг йу шолгIа йуьхь?

-Муьлханиг йу кхоалгIа йуьхь?

- **Кхолларалли болх.**

(Хьехархочо тIедуьллу дешархошна шех лаьцна дийца. ДIайаздайта а мега хаттарш).

ХIокху кепара хаттаршна жоьпаш хила мега уьш.

-*Хьан цIе хIун йу?*

-*Хьо масалгIачу классехь доьшуш ву?*

-*Хьан доттагIий муьлш бу?*

-*ХIун до аша цхьаьна?*

Кеп: *Сан цIе Iаьрби йу. Со кхоалгIачу классехь доьшуш ву. Сан доттагIий бу Дики, Вахьид. Тхо цхьаьна футболах ловзу.* -Хьанах лаьцна дийцира цо? (Шех лаьцна).

-Муьлха цIерметдешнех пайдаийцира цо? (Сан, со, тхо).

-Муьлха йуьхь йу иза?

-Мила вара цуьнга ладугIуш? ЦIе ца йоккхуш ала. (И, иза, уьш, хьо, шу) -

Муьлха йуьхь йу иза?

(Кхин дIа а жоьпаш долуьйту)

-

-МасалгIачу классехь доьшуш ву хьан ваша? (ПхоьалгIачу) -

Цо муха доьшу? (Цо дика доьшу).

-И муха кIант ву? (И дика кIант ву).

-Муьлхачу цIерметдешнех пайдаийцира цо шен вешех лаьцна дуьйцуш? (И, иза, цо).

-Муьлха йуьхь йу иза?

ДIайазде кхаа йуьхьан цIерметдешнаш.

- **ЦIерметдешнийн легаран тидам бар.**

Шардар № 206 , агIо I06.

(Берашка у тIехь таблица а йуьллийте легадойту)

ДIайазде дожарш. Легаде цIерметдешнаш: со, хьо, и, иза.

Дожарш	**Хьалхара юьхь**	**ШолгIа юьхь**	**КхоалгIа юьхь**
ЦI. мила? Дл.хьенан? Л.хьанна? Др. хьан? К.хьаьнца? Х.хьанах? М. хьаьнга? Дс.хьанал?	со сан суна ас соьца сох соьга сол	хьо хьан хьуна ахь хьоьца хьох хьоьга хьоьл	и, иза цуьнан, оцуьнан цунна, оцунна цо, оцо цуьнца , оцуьнца цунах, оцунах цуьнга, оцуьнга цул, оцул

-ДIадеша цIерметдешнаш. Муха хийцаделла коьчалниг, хотталург дожаршкахь цIерметдешнаш? (Орамера ***–о-*** элпан меттана хIоьттина ***–оь-*** элп).

- **Берашка шайга болх байтар.**

Шардар № 208 , агIо I07.

- ***ЙоьалгIа предложени меженашца таллар.***

Ас книга хазахеташ йийшира.

-

-Муьлханиг ду сказуеми? (Йийшира).

-Муьлханиг ду подлежащи? (Ас)

-Муьлхачу дожарехь ду и дош? (Дийриг).

Оцу шина а межеца уьйр йолу дешнаш караде. Схьайазде дешнийн цхьанакхетарш.

-Йийшира муха? (Йийшира хазахеташ)

СадаIаран миноташ.

ЙоргIа

ЙоргIа говр, йоргIа говр,

Хало атто оха ловр.

Дига генна хьайца дIа,

Класса чохь тхо кхин ца Iа.
Кхосса-кхосса-кхоссалуш,
Йада ЙоргIа, сих ца луш,
Лаьтта ког ахь билла байн,
Тата дезаш дац тхо, хIай!
Йада, ЙоргIа, кхоссало, Каде
хила, мал ма ло.
ЙоргIа идда, кIадлуш йу,
Болар цуьнан лагIлуш ду.
Собар! Тоьар! Сацахь цкъа!
Кхин хьо идахь ду хьан къа.
Болар лахди, хIоьтти дIа:
Деза цуьнан садаIа.
(Берашна йукъара цхьа говр хоржу. Цунна тIаьхьа а хIуьттий, хIара байташ а олуш, класса чухула довдуш ши-кхо го боккху цара.)

IV. Iамийнарг тIечIагдар.

- **Текста йукъара цIерметдешнаш билгалдахар.**

Шардар № 209, агIо I07.

-ДIайеша байт. Мила ву цуьнан автор? Стенах лаьцна йу иза?
-Муьлха цIерметдешнаш ду цу йукъахь?
Барта билгалдаха йаххьийн цIерметдешнаш.

- **Ойлайар, эс дар кхиор**

-Ас дIадоьшу дешнаш, аша дIайазде уьш коьчалниг, меттигниг дожаршкахь.

Со, хьо, и, иза.



Тобанашкахь болх.

I-ра тоба XIун хийцамаш хуьлу коьчалниг дожарехь цIерметдешнийн орамехь? _____ _ _____

-ДIайазде уьш дийриг дожаршкахь.

2-гIа тоба Муха хийцало дийриг дожарехь цIерметдешнаш? _____

V. ЖамI дар.

-Маса йуьхь йу цIерметдешнийн?

-Муьлханиг йу хьалхара йуьхь?

-Муьлханиг йу шолгIа йуьхь?

-Муьлханиг йу кхоалгIа йуьхь?

VI. ЦIахь бан болх балар.

I06-гIа агIон тIера бакъо Iамо.

VII. Рефлекси.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

60-гIа урок

Урокан цIе: «Хандош.

Iалашо: хандешнех лаьцна кхетам балар. Хандешан маьIна, билгалонаш, хаттарш довзийтар. Хандашо кхочушден гIуллакх довзийтар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна девзар ду хандош. Iемар ду къамелехь хандешнех пайдаэца, церан гIуллакх довза. Берашна Iемар ду текстехь хандешнаш каро, уьш билгалдаха.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх книги тIехь беллачу гIирсех терра дIанисбан. Цуьнан рогIалла а ларйеш кхиамаш баха. Берашан Iемар ду шайн корматалле хьаьжжина болх тIелаца, тIелаьцнарг чаккхдаккха лаам хир бу.

- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду шайга деллачу хаттаршна дуьззина, бух болуш хаттарш дала. Шайна тIедиллина гIуллакх барта талла. Берашна Iемар ду шаьш дика кхетта хIума накъосташна дийца, царна гIо дан.
- **Познавательни:** берашна хуур ду книги тIехь шайна оьшу материал лаха, цунах пайдаэца. Берашна Iемар ду шайна девзинарг, Iамодезаш дерг дуста, царна йукъара уьйр каро, цунах пайдаэца.

3. Личностни: берашна Iемар ду дешар шайн дахарехь коьрта гIуллакх дина цхьана рожехь дIадахьа. Берех кхуьур бу корматалла а йолуш, Даймахкана пайде а болу дешархой.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

БIаьсте йогIу, бIаьсте йогIу,

Малхо латта хьаьстина.

Сенчу бай тIехь зезаг долу,

Сирла корта айина. (Сатуев Хь.)



-Стенах лаьцна йу байт?

-Схьайазде хандешнаш.

ЦIенайаздаран миноташ:

гI тI гI тI

йогIу хьаьстина

II. Хаарийн актуализаци.

ЦIера болх таллар.

Шардар №215, агIоIII .

(Цхьаллина терахьехь кхоалгIачу йуьхьан цIерметдешнаш йуккъехь долуш, предложениш хIиттайе).

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? (Хандешах).

-ХIун хаьа шуна хандашах лаьцна? (Берийн жоьпаш).

-Тахана вайна хIоттийна ши хаттар ду. ДIадеша уьш. (Стенах олу хандош? Муьлха хаттарш хIитто тарло хандешнашна?).

-ХIун кхиамаш баха дагахь ду шу?

Суна девзар ду…

Суна Іемар ду…

Суна хуур ду…

-

Бераш, вай тахана дуьйцур ду хандашах лаьцна. Шуна девзар ду хандешан маьIна, хаттарш, цуьнан билгалонаш .

III. Керла тема хьехар.

ХIуманан дар, хилар гойту

Къамелан дакъа ду со.

ХIун дина? Дийр ду? Йа до?

Хаттаршна жоьпаш а ло.

-Муьлхачу къамелан декъах лаьцна дуьйцу байта тIехь?

➢ **ХIуманан дар йа хилар гойтучу къамелан декъах хандош олу.**

ХIун до? хIун дина? хIун дийр ду? хIун динера? бохучу хаттаршна жоп ло.

 Хандешнийн тидам бар.

У тIе дIайаздо.

-ДIайеша байт. ПIелгаш дагарде.

ХIОКХО балийна,
ХIОКХО урс хьаькхна,
ХIОКХО тилийна,
ХIОКХО кхехкийна,
ХIОКХО кхаьллина
ДIабахийтина.
(Халкъан)

-Дийца хIора пIелго деш дерг. (Балийна, хьаькхна, тилийна, кхехкийна, кхаьллина, дIабахийтина).
-Хаттарш ло царна. (ХIокхо хIун дина? балийна, хIокхо хIун дина? хьаькхна,….).
-ХIун билгалдо оцу дешнаша? (Дар билгалдо).

-

-Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло? (ХIун дина?). -
Муьлха къамелан дакъа ду иза? Лаха жоп книги тIехь.

Шардар № 22I, агIо II3.

-ДIайеша хьалхара предложени. ХIун йу цу тIехь йуьйцург? (бIаьсте).
-БIаьстено деш дерг муьлхачу дашо гойту? (ЙогIу).

Муьлхачу хаттарна жоп ло цо? (ХIун до?).
(Иштта толлу предложенеш).

 Берашка шайга болх байтар. *Шардар № 222, агIо II3.*

СадаIаран миноташ.

(Бераш, гуо бохуш лела хIара байташ а йоьшуш)

ТIараш тухуш, тIараш тухуш
Гонна тIаьххье дуьйлало .
Хаьн тIе куьйгаш хIиттаде .
Цхьаъ - схьаверза, Шиъ -
дIаверза. Кхоъ - охьатаIа, Диъ
- хьалатаIа.
ТIараш тухуш, тIараш тухуш,
Гонна тIаьххье дуьйлало. Йуха
хаьн тIе куьйгаш хIиттош,
Когаш тохий, кхоссало.

IV. Iамийнарг тIечIагIдар.

 Хандешан хенийн тидам бар. Предложенеш хIиттор.

Шардар № 223, агIо II4.

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза шардар? (Предложениш хIитто йеза).

-

Схемашца ши предложени хIоттайе. Къамелан дакъош билгалдаха.

Мила? Муьлш? ХIун дира?

Муьлха? Муха? Маца?

Асет ишколе йахара.

Асета селхана хаза сурт диллира.

-ДIайеша хьалхара предложени. Муьлханиг ду хандош? (Доьшу).

-Муьлхачу хаттарна жоп ло цо? (ХIун до?).

Хандешан муьлха хан йу иза? (Йахана).

(Иштта толу предложененеш).

 Харжаман диктант.

У тIе дIайазйо байт.

Самукъане аьзнаш

Боху ас, схьалойша нуьйр,

Соь схьакхийдайо цо уьйр,

ТIаккха йуха бехча уьстагI,

ГIаж тухий, и боккху астагI.

Моьттуш йу: и Iуьллург гуьйриг,

Со тIекхиънарг хуьлу уьйриг.

Лаца вуьйли ловзо пхьид,

ДIахьаьжча, йу уьнтIапхьид.

-ДIайеша байт. Муха йу и? (Самукъане).
-Схьайазде байт йукъара хандешнаш.

-
(Бераша дIайаздо).
-ДIадеша шаьш йаздина хандешнаш. Муьлхачу хаттаршан жоьпаш ло цара?
Муьлха хан билгалйо?
-ХIун эр дара аша хьаста, ловзо, дIасахьовзо, ган, хьекъа, делха хандешнех лаьцна? (Берийн жоьпаш). -Муьлхачу хаттарна жоп ло цара?
-Цара цхьа а хан билгал ца йо. Уьш хандешан билгалза кепаш йу. Вай тIейогIучу урокашкахь Iамор йу уьш).

V. ЖамI дар.
-Стенах олу хандош? ДIайазде жоп. ДIадеша иза.
-Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло хандешнаша?

VI. ЦIахь бан болх балар. Шардар № 224 , агIо
II4 **VII. Рефлекси.**
«Светофор»

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара. 

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира. 

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

6I-гIа урок

Урокан цIе: «Хандешнаш хенашца хийцадалар».

Iалашо: хандешан хенашца хийцадаларан тидам бар. Хандешан кхо хан хилар хаийтар, царех йозанехь пайдаэца Iамор.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна хуур ду хандешан кхо хан хилар, церан шайн-шайн хаттарш хилар. Берашна Iемар ду къамелехь царех пайдаэца.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх книги тIера гIирс тидаме а лоцуш, цуьнан рогIалле терра дIабахьа. Берашна хуур ду шаьш оцу балхаца муьлхачу кхиамашка кхаьчна хаа. Берашна Iемар ду шайн корматалле хьаьжжина болх тIелаца а, и дIабахьа а.
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина, масалшца чIагIдина жоьпаш дала. Берашна Iемар ду шайна оьшург хата, цунах пайдаэца.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду книгица болх бан, оьшу гIирс каро, цунах пайдаэца. Бераш тIекхуьур ду хандешнийн хIора хенан маьIнина. Берийн алсам дер ду тидаме хилар, хIума лаха лаар.

3. Личностни: берийн лаам хир бу дика деша. Корматалла а йолуш дешархой кхуьур бу, дешаран мах хадо а хууш.

Урок дІайахьар.

І.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

ІІ. Дог даийтаран мур (мотиваци).

ЧІама къехкош кетІара,

ЧІогІа жІаьла летара.

-Стенах лаьцна дуьйцу?

-Схьайазде хандош.

ЦІенайаздаран миноташ:

ЧІ чІ летара

ІІ. Хаарийн актуализаци.

ЦІера болх таллар.

Шардар №225 , агІонаш ІІ4-ІІ5.

(Бераша билгалдоху предложенешкара хандешнаш.).



Тобанашца болх бар.

	І-ра тоба	**2-гІа тоба**	**3-гІа тоба**
Билгалза кеп ХІун дан?	**Карара хан.** **ХІун до?**	**Йахана хан ХІун дина?**	**ЙогІу хан** **ХІун дийр ду?**
Деша **Йаздан** **Ловза** **Лийча**			

-Хийца и дешнаш хаттарийн гIоьнца.

-ХIун ди вай оцу дешнашна? (Берийн жоьпаш).

-Вай уьш хенашца хийци. Маса хан йу хандешан? (Кхо хан).

-Муьлханаш йу уьш? Муьлхачу хаттаршан жоьпаш ло цара?

-ДIайеша урокан цIе? (Хандешан хенашца хийцадалар).

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? ХIун кхиамаш бохур бу аша?

-Вайна тахана йевзар йу хандешан кхо хан. Iемар ду хандешнаш хенашца хийца, йозанехь царах пайдаэца.

III. Керла тема.

- **Хандош хенашца хийцало. Цуьнан коьрта кхо хан йу: карара хан, йогIу хан, йахана хан.**

Кара хан : хIун до? хIун хуьлу ? – доьшу, хьожу.

- **Йахана хан : хIун дин? хIун дира? хIун динера? хIун дина? хIун дора? – дийши, дийшира, дешнера, дешна, доьшура.**

ЙогIу хан: хIун дийр ду? – доьшур ду.

 Кхаа хенан хандешнийн тидам бар.

Шардар № 227 , агIо II6.

-ДIайеша массара а предложенеш.

- Хандешнаш тIера схьайазде.(Йели, эцна, гIур ма йу, эли, девза, лаьа, кхолла, доьшу).

-Къастаде муьлхачу хенахь далийна уьш.

 Бакъо таллар.

-ДIайеша II6-гIа агIон тIера бакъо.

-Муха хийцало хандешнаш?

-Хандешан коьрта маса хан йу?

СадаIаран миноташ.

Iам чохь баьццара ши пхьид

Дукха каде хьийзаш йара :

Йуьхь-куьг цара дуьлура ,

ДегIах гата хьоькхура . Когаш

бетташ, тIараш детташ, Аьрру,

аьтту дIасасетташ .

Йуха хьала а нислуш ,

Багахь «къакъи» дора.

Цундела йу уьш могаш

Шу а хила лууш.

(Бераша байташ йоьшу дегIан меженаш хьейеш).

V. Iамийнарг тIечIагIдар.

Ловзаран кеп:

ЦIердешнашца маьIница догIуш долу хандешнаш даладайтар.
(Тобанашкахь болх)

Кеп: корта лозу, мача …., бIов …, йуьхь…, кIант …, йоI …, бере … .

Текстехь хандешнийн тидам бар.

Шардар № 228 , агIо II6-II7.

--ДIайеша текст. Лахахь далийна хандешнаш, тIадамийн метта дIайазде.

V. ЖамI дар.

-Муха хийцало хандош?

-Хандешан масса хан йу?

VI. ЦIахь бан болх балар.

Шардар № 228, агIо II6 .

Бакъо агIо II6.

VII. Рефлекси.

«Светофор»

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара. 

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира. 

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара. 

62-гIа урок

Урокан цIе: «Хандешан карарчу хенахь хийцадалар ».

Iалашо: крарчу хенан хандешнийн башхаллаш йовзийтар, хаттарш довзийтар. Карарчу хенан хандешнийн чаккхенийн тидам бар**.**

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна Iемар ду карарчу хенан хандешнаш довза а, царана хаттарш хIитто а. Берашна йевзар йу церан нийсайаздаран бакъонаш.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш дика хир болчу кепара дIанисбан, Iемар ду шаьш билгалйаьккхинчу планаца болх дIабахьа. Берашна хуур ду шайн корматалле хьаьжжина болх дIабахьа цхьаъ ша, йа тобанца болх бар.

- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршна бух болуш жоьпаш дала (масалаш а далош). Берашна хуур ду шаьшш кхетта долу хIума шайн накъосташна дIадийца.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду шайна оьшуш болу гIирс лаха, цунах пайдаэца. ТIекхуьур бу карарчу хенен маьIнах. Хуур ду оьшуш долу дешнаш текстехь каро, царна догIу хаттар хIотто. Берийн алсам бер бу тидам, ойлайар, хIума довза а, и лаха а лаам.

3. Личностни: берийн амалехь кхуьр ду нахаца иэвалар, къамел гIиллакхехь дIадахьар. Дика дешар оьшуш хилар чIагIлур ду. Iаламе безам хир бу берийн. **I.Маршалла хаттар.**

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Iамаделахь моллин дарсаш, Диц

ма делахь Делан …(фарзаш).

-Муха кхета шу далийначу дешнех.

ЦIенайаздаран

миноташ: дмлрсф дарсаш

фарзаш дарс - урок

фарза - Дала тIедехкина декхарш

II. Хаарийн актуализаци.

ЦIера болх таллар.

Шардар № 228 , агIо II6 .

-ТIадамийн меттана далийна хандешнаш хенашца хийцар.

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? (Хандешан карарчу хенах).

-Тидам бе книги тIехь балийначу гIирсан. Муьлха хаттар хIоттор дара вай ваьшна жоп дала? (Берийн жоьпаш).

(Хьехархочо массех хаттар дIа а йаздина, царна йукъара харжийта а мега берашка. Муьлхачу хаттаршна жоп ло хандешан карарчу хено? и. кх. дI.)

-ХIун кхиамаш бохур бу аша тахана? Мила ву ша тIаьхьакхуьур ву аьлла хеташ темин чулацамна? Мила ву тобанца болх бан лууш?

-Бераш вайна тахана Iемар ду карарчу хенан хандешнийн тидам бан, хаттарш хIитто а, предложенешкахь уьш билгалдаха.

III. Керла тема.

- **Карарчу хенан хандашо дар йа хилар карарчу хенахь хуьлуш хилар гойту. Цо хIун до? хIун хуьлу? Бохучу хаттаршна жоп ло.**

 Карарчу хенан хандешнийн тидам бар.

Тобанашкахь болх бар. (У тIе дIайаздо дешнаш)

Ловзу, воду, йаздо, доьшу, хьалагIотту, шелло, уьду, лета, тосу, хохку, малло, дека, локху, лепа, кхуьу.

-ДIадеша дешнаш. Хаттарш хIиттаде царна. ДIайазде уьш нийсачу бIогIаме.

	I-ра тоба	2-гIа тоба	3-гIа тоба
Хандешан билгалза кеп ХIун дан? ХIун хила?	Карара хан ХIун до? ХIун хуьлу?	Йахана хан ХIун дина? ХIун хилла?	ЙогIу хан ХIун дийр ду? ХIун хир ду?

-Дешархоша тобанашкахь бина болх толлу.

Учебникаца болх бар. Шардар № 230, агIо II7.

-ДIайеша байт. Стенах лаьцна йу иза? (ТIоьрмигах).

-Хьенан бу тIоьрмиг?

-Караде хандешнаш текста йукъахь. Цара муьлхачу хаттарна жоп ло? (ХIун до?).

-Муьлхачу хенан хандешнаш ду уьш? (Карарчу).

-ДIайазде и хандешнаш у тIе. Билгалйаха чаккхенаш. Муьлха чаккхенаш хуьлу кхарчу хенан хандешнийн?

 Бакъо таллар.

-ДIайеша II7-гIа агIон тIера бакъо.

-ХIун маьIна ду хандешан кхарчу хенан?

-Цо муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло?

СадаIаран миноташ.

Бакъи озавели - цхьаъ,
ОхьатаьIи - ду и шиъ,
ХьалатаьIи - ду и кхоъ,
ДIанисвели - ду и диъ.
Куьйгаш дIасадахийти - пхиъ,
Вовшах туьйхи - йалх.
Буьхьигаш тIе и хIоьтти -
ворхI, ДегI нисдеш дIахIоьтти
- бархI.
(ТIаьхьара а олуш, бераша Бакъис дийриг до.)

IV. IамийнархтIечIагIдар

 Билгалзачу кепехь долу хандешнаш кхарчу хене дерзор.

Ваха, ала, дийца, талла, йеша, хьажа, лакха, деша.

Шардар №231, агIо II8. (Берашка шайга болх бойту).

V. ЖамI дар.

-ХIун маьIна ду хандешан кхарчу хенан?

-Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло кхарчу хенан хандешнаша?

VI. ЦIахь бан болх балар.

Шардар №233, 234, агIонаш 119-I20.

Бакъо II7-гIа агIон тIера.

VII. Рефлекси.



Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

63-гIа урок

Урокан цIе: «Хандешан билгалза кеп».

Iалашо: хандешнийн башхаллаш йовзийтар . «ХIун дан?» хаттар дала Iамор.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: бераша шорбийр бу хандешнех лаьцна болу хаамаш . Йевзар йу хандешан билгалза кепаш, Iемар ду уьш билгалйаха, царех пайдаэца.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх книги тIера гIирс тидаме а лоцуш, цуьнан рогIалле терра дIабахьа. Берашна хуур ду шаьш оцу балхаца муьлхачу кхиамашка кхаьчна хаа. Берашна Iемар ду шайн корматалле хьаьжжина болх тIелаца и дIабахьа а.

- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршна дуьззина, масалшца чIагIдина жоьпаш дала. Берашна Iемар ду шайна оьшург хатта, цунах пайдаэца.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду книгица болх бан, оьшу гIирс каро, цунах пайдаэца. Бераш тIекхуьур ду билгалзачу кепо цхьа а хан билгал йеш ца хиларна. Бераш кхетар ду билгалзачу кепан хандешнийн чаккхенгахь –а,-о,-н йаздарна, цхьана дешдекъах лаьттачу билгалза кепан хандешнийн чаккхенгахь **н** йаздарна.

3. Личностни: берийн лаам хир бу дика деша, корматалла а йолуш адамаш хила.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Иза, цIена бедар санна,

Хуьлу стагехь даим товш,

Оьшу вайна массо ханна,

Цуьнан сий дац цкъа а довш. (ГI…л…кх) -

Стенах лаьцна ду хIетал-метал? (ГIиллакхах)

ЦIенайаздаран миноташ:

ЦI цI

ГIиллакх

II. Хаарийн актуализаци.

ЦIера болх таллар.

Шардар №234 , агIо I20.

(Бераша дIадоьшу шаьш йаздина шардар. Дуьйцу хандешан карарчу хенах лаьцна).

 «Караде совнаха дош» (ловзаран кеп)

-ДIадеша хандешнаш. Билгалйе хенаш. Караде совнахниг.

Вада, ведира, воду, водур ву.

Ловза, ловзу, левзира , ловзур ву.

Йаздан , йаздо, йаздира , йаздийр ду.

-ДIабеша хьалхара могIа. Муьлха дош ду совнаха? (Вада).

-ХIунда ду и дош совнаха? (Цо цхьа а хан билгал ца йо)

(Иштта толлу дешнаш).

-ДIадеша совнаха дешнаш деригге. Хаттарш ло царна. (ХIун дан? вада, ловза, йаздан).

-Муьлха къамелан дакъош ду уьш? (Берийн жоьпаш).

-Уьш хандешан билгалза кепаш йу.

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? (Хандешан билгалзачу кепах).

-Бераш, вайна девзар ду билгалзачу кепан хандешнаш, Iемар ду уьш йозанехь билгалдаха, хаттарш хIитто.

III. Керла тема хьехар.

- Билгалзачу кепан хандешнийн тидам бар.

ХIун дан?	ХIун дан?

Деша	**Йохйала**
Ахьмад селхана (хIун дан?) **деша** вахана. Ахьмад тахана (хIун дан?) **деша** вахана. Ахьмад кхана (хIун дан?) **деша** гIур ву .	Селхана арахь (хIун хила?) **йохйала** йолайелира. Тахана арахь (хIун хила?) **йохйала** йолайелира. Кхана арахь (хIун хила?) **йохйала** йолалур йу.

-ДIадеша билгалонна дела дешнаш. (Деша, йохйала) -

Муьлхачу хаттарна жоп ло цара? (ХIун дан?). -Тидам бе церан

хийцадаларан. ДIайеша хьалхарчу бIогIамалгера

предложенеш.

-Тидам бе **деша** дешан. Хийцалой **деша** боху дош хенашца? (Ца хийцало).

-Тидам бе й**охйала** боху дешан. ХIун эр дара аша оцу дешнех лаьцна? (Уьш хенашца ца хийцало).

-ХIун дешнаш ду уьш? Лаха жоп книги тIехь.

- **Бакъо таллар.**
- **Билгазчу кепехь долчу хандешнашна хIун дан? хIун хила? хаттарш хIиттадо. Билгазчу кепехь долчу хандешнаша хан ца гойту.**

-ДIайеша I2I-гIа агIон тIера бакъо. Муьлхачу кепахь ду вай тидам бина дешнаш?

-Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло цара?

-Цара хан гойтий?

- **Карарчу хенан хандешнаш билгалзачу кепе дерзор. (*Шардар № 236***

, агIо I22.)

-ДIадеша тIедиллар. Муха кхочушдан деза шардар?

ДIайеша хьалхара предложени. ХIун дан деза? (Раж ларйан).

-Муьлха дош ду иза? (Хандешан билгалза кеп).

-Муьлхачу хаттарна жоп ло цо? (ХIун дан?).

(Иштта толлу йеригге предложенеш).

- **Билгалзачу кепан хандешнаш схьайаздар.**

Шардар № 237, агIо I22.

-ДIайеша предложенеш. Муьлхачу бакъонашна тIедоьгIна йаздина билгадаьхна дешнаш? ДIасадекъа дешнаш таблици чохь йолчу бакъонашна.

ДештIаьхьенаш дешнашца къаьстина	Доллара цIераш даккхийчу элпашца	Аьзнаш (и, уь (йуь) деха хазахь, царна тIехьа
йазйо.	йазйо.	йаздо элп Й.

-Муьлхачу предложенешкахь йу хандешан билгалза кепаш. Схьайазйе уьш шайца уьйр йолчу дешнашца цхьаьна.

ХIун дан? дагахь-ваха дагахь, хIун дан даха? – хьажа даха, хIун дан? дахаловза даха.

СадаIаран миноташ.

Хештиг

Хештиг, Хештиг, хаза Хештиг, Дехий

мекхаш, Хештиг хьо!

Iаьржа духар, Хештиго хьо;

Iуьйрре хьала и гIотту,

Йуьхь-куьг, лаг цо дIадуьлу,

ТIаккха йулий керт цIанйо, Йуха

цо зарядка йо:

Цхьаъ - охьахуу, шиъ - хьалагIотту,

Кхоъ - дIасетта , диъ - схьасетта,

Мало ца йеш дерриг до Онда

хила лууш цо .

(Хештиго дийриг до бераша.)

IV. Iамийнарг тIечIагIдар.

- Хандешан билгалзачу кепан нийсайаздаран тидам бар.

- **Бакъо таллар.**

-ДIайеша I22-гIа агIон тIера бакъо. Муьлха элпаш хуьлу хандешан билгалзачу кепан чаккхенгахь?

-Муьлха элп йаздо цхьаьна дешдекъах лаьттачу билгалзачу кепан хандешнийн чаккхенга? (-н).

- **Берашка шайга болх байтар.**

Шардар № 238 , агIонаш I22-I23 .

V. ЖамI дар.

-Муьлха дешнаш ду хандешан билгалза кеп?

-Муьлхачу хаттаршан жоп ло хандешан билгалзачу кепо?

-ХIун эр дара аша церан хенашца хийцадаларх лаьцна?

VI. ЦIахь бан болх баллар.

Шардар № 239, агIоI23.

Бакъонаш, I2I-I22-чуй агIонаш тIера.

VII.Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми … 

Суна кхета хала дара … 

Со ца кхийти … 

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.
Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

64 урок

Урокан цIе: Талламан болх. «Пхьагал.».

Iалашо: нийсайаздаран бакъонаш таллар; Iамийнарг карладаккхар.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна йевзар йу шайн гIорасиз йолу агIонаш.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду гIалаташ ца дохуш йаздан, нийсайаздаран бакъонаш ларйан.
- **Коммуникативни:** берашна хуур ду шаьш Iамийначух пайдаэца.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду оьшучохь цIоьмалг йуьллуш текстан тIехь болх бан.

3. Личностни: берашна йевзар йу нохчийн меттан хазалла, лаам хир бу и дика Iамо.

Урок дIайахьар. I.Маршалла

хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Iилманан корта – хьекъал, хьекъалан корта – собар.

-Дийцал бераш, шаьш муха кхета кху кицанах.

II. Керла тема хьехар.

Тахана вай йазйийр йолу талламан белхан цIе йу «Пхьагал.».

Хьехархочо дIайоьшу текст.

Ца кхеташ дешнаш делахь, царна тIехь болх бо.

Пхьагал.



Дитташ тIера гIаш охьаэгнера. Тайп-тайпанчу басаршца кечдина санна, хаза дара дитташна кIеллахь Iохку гIаш. Хьуьнан стоьмаш а хиллера. Оцу хазачу дийнахь сой, хьуьнан хехо волу Илессий хьуьнахула вогIуш вара. Жимма дIанехьо тхойша ваьлча, цхьана кулла йуккъера схьаиккхира сира пхьагал басехьа йедда дIайахара. Цуьнан чукIело кIаййелла йогIура. «Иза Iаьнна кечам беш, туьлуш йу», - бохура Илеса. Пхьагал регIа буьххьехь йолчу коканан коьллаш йуккъе дIалечкъира.

Грамматически тIедиллар.

4. ЦIердешнийн дожарш билгалдаха.
5. Схьайазде цхьа орам болу дешнаш.

III.ЖамI дар:

Дешархоша толлу шаьш бина болх. Хьехархочо схьалахьадо тетрадаш.

IV. ЦIахь бан болх балар.

Бакъонаш карлайаха.

V. Рефлекси.

Дийца шайн кхиамех лаций.

Суна Iеми …

Суна хала дара …

Суна ца хии …

Кху тIехь йерзайо вай вешан урок.

Iодика йойла шун! Марша Iойла шу!

65-гIа урок

Урокан цIе: «Хандешан йогIу хан».

Iалашо: хандешан йогIучу хенан башхаллаш, маьIна, хаттарш довзийтар. ЙогIучу хенан хандешнех къамелехь пайдаэца Iамор.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни: берашна Iемар ду йогIучу хенан хандешнийн тидам бан: церан кхолладаларан башхалла гур йу. Предложенешкахь оьшучу кепехь уьш йаздан хуур ду берашна.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх кхиамаш дика хир болчу кепара дIанисбан. Берашн Iемар ду книги тIехь балийначу гIирсах пайда а оьцуш, хIорачу гIирсо хIун керлачуьнга шаьш кхачадо хаа. Берашна хуур ду книги тIера материалах пайда а оьцуш керла хаамаш шаьш караберзо.
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттаршан дуьззина йа доца жоьпаш дала. Хуур ду шаьш дика кхетта гIирс накъосташна дIабийца. Iемар ду вовшийн кхиамех самукъадала, кхачамбацарш цхьаьна дIанисдан.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду оьшу хIума книги тIехь, кхечу меттигашкахь лаха. Бераш тIекхуьур ду хандешан йогIучу хенан кхолладаларан некъаш довза, царех пайдаэца. Берийн алсам дер ду ойлайар, тидам бар, хIума лахар.

3. Личностни: берийн алсам дер ду вовшашца доттагIалла лело лаам, кхуьур бу лерам, кхуьур ду гIиллакх церан амалехь.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

Хазчу кху дахаро хьостий,

Вайга мерза маршалла хоттий,

Ду шуьга сан маршал олий,

Вайна йоьлуш йогIу Iуьйре.

(Мамакаев I.)



-Стенах лаьцна йу хIара байт?

-Схьайазде хандешнаш. Билгалйе хан.

ЦIенайаздаран миноташ:

Уь уь Аь аь

Хьостий, хоттий, олий.

II. Хаарийн актуализаци.

ЦIера болх таллар.

Шардар №244 , агIо I25.

(Бераша дуьйцу шаьш муьлха хандешнаш билгалдаьхан. Цара муьлхачу хаттарна жоп ло. Муьлха чаккхенаш йу а дуьйцу).

 У тIе дIайаздо.

Тхо кхана лома (дахара). Оха кхана Іаламан тидам (бира). Оха кхана ломахь цІазамий (лахьийра, диттин гІаш гулдира). Хаза (дара) кхана ломахь.

-ДІайеша предложенеш. Нийса йуй уьш? Муьлха дешнаш ду нисдан дезаш дерш?

-ДІайеша хьалхара предложени. Кхана хІун дийр ду? (ГІур ду).

-Муьлха хаттар делира вай цунна? (ХІун дийр ду?).

-ХІун дийр ду ломахь? (Лахьор ду, гулдийр ду, бийр бу, хир ду).

-Муьлхачу хенахь кхочуш дийр долуш ду цара и гІуллакх? (ЙогІучу хенахь).

-ДІайазде и дешнаш.

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана?

-ХІун кхиамаш бохур бу аша тахана?

-Вайна тахана йевзар йу хандешан йогІу хан, Іемар ду йогІучу хенахь долчу хандешнашна хаттарш хІитто, церан кхолладаларан башхаллаш йевзар йу.

ІІІ. Керла тема хьехар.

- **Дар йа хилар хиндолчу хенахь хирг хилар гойтучух йогІу хан олу. ЙогІучу хено хІун дийр ду? бохучу хаттарна жоп ло:**
  дІахоьцур ду, гІур ву, дуьсур ду.

- **ЙогІучу хенан хандешнийн тидам бар. Хаттарш хІиттор.**

Шардар № 254, агІо І31.

-ДІайеша. Билгазчу кепехь долу хандешнех йогІучу хенан хандешнаш кхолла предложенеш.

Кеп: хьажа - хьожур ву.

- **Бакъо таллар.**

-ДІайеша І30-гІа агІон тІера бакъо.

-ХІун маьІна ду йогІучу хенан?

-Муьлхачу хаттаршна жоьпаш ло цо?

- **Берашка шайга болх байтар.**

  Шардар № 255 , агIо I3I.

СадаIаран миноташ.

Оьпа

Оьпа, оьпа, оьпалиг,

Хаза, жима, оьпалиг!

Йала хелха, йолало,

ДегI нисдеш, хьо йолало.

Айдеш куьйгаш, ластош хьайн,

Вовшахтоха лардеш дайн,

Шаршош экам, аьхна ког,

Ловзадохуш дилха дог.

Оьпа, оьпа, йолало.

Жиманиг, хьо йолало. Куьйгаш

вовшах детта цо, Корта,

ларбеш, лестабо.

Когаш тайна шершабо,

Йелакъежаш йолало,

Бал дIаберзош кхоссало.

(Бераш вовшийн куьйгаш а лоций, гуо бой, дIахIуьтту. Цу гонна йукъахь оьпа хелхайоккху, хIара байташ олуш) **IV. Iамийнарг тIечIагIдар.**

Дагахь латтаде

- **ЙогIучу хенан хандош карарчу хенахь долчу хандашна тIе-р кхетарца а, ву, йу, бу, ду гIоьналлин хандешнаш кхетарца а кхоллало.**

ЙогIучу хенан хандешнийн кхолладаларан башхаллин тидам бар.



Тобанашкахь болх.

ДIанисде дешнаш шина бIогIамалге. *толлуу , толлур ду , дуьйцу , дуьйцур ду, ло, лур бу, лур йу, уьду , уьдур ду, хохку , хохкур йу, лаха , лохур ву, лепа , лепар бу.*	
Хандешан карара хан ХIун до? ХIун хуьлу?	Хандешан йогIу хан. ХIун дийр ду?
_____ ___ _____	_____ ___ _____
___ _____ ___ _____ ___ _____ ___	___ _____ ___ _____ ___ _____ ___
Жоп ло Муха кхолладелла йогIучу хенан хандешнаш? ЙогIучу хенан хандешнаш кхолладелла карарчу хенан хандешнашна тIе _____кхетарца а, _____кхетарца а	

- **Бакъо таллар.**

-ДIайеша I3I-гIа агIон тIера бакъо.

-Муха кхоллало йогIучу хенан хандешнаш?

- **Предложенеш хIиттор. ЙогIучу хенан хандешнаш кхоллар.**

Шардар №256, агIо I3I

-ДIайеша. ЙогIучу хене а дохуш схьайазде хандешнаш.

-ДIайеша хьалхара предложени. Бохь лекхчу цу лаьмнех хьо **охьадолу**. ЙогIучу хене даькхича муха хир дара и дош? (Охьадер ду).

(Иштта толлу важа предложенеш) -

Предложенеш хIиттайе оцу дешнашца.

V. ЖамI дар.

-ХIун маьIна ду хандешан йогIучу хенан?

-Цо муьлхачу хаттаршан жоьпаш ло?

-Муха кхоллало йогIучу хенан хандешнаш?

VI.ЦIахь бан болх балар.

Шардар №257, агIонаш-I3I-I32.

Бакъонаш, агIонаш I30-I3I.

VII. Рефлекси. «Светофор».

Урокехь дийцинчух со дерригенах кхетта. Урок пайдехь йара.

Урок самукъане йара, ас жигара дакъалецира.

Со урокана кийча в(й)ацара, дуьйцучух кхеташ йа кхета лууш в(й)ацара.

66-гIа урок

Урокан цIе: «Хандешнашца ***ца, ма*** нийсайаздар».

Iалашо: дакъалгаш *ца, ма* хандешнашца къаьстина йазйарх лаьцна кхетам балар. Оцу хаамехь йозанехь нийса пайдаэца Iамор.

Кхочушдан лерина жамIаш:

I.Предметни:бераша тIечIагбийр бу хандешнех лаьцна болу хаамаш. Йевзар йу хандешнашца ца, ма дакъалгаш къаьстина йазйаран бакъо. Берашна Iемар ду предложенешкахь дакъалгаш а, хандешнаш а каро, билгалдаха.

2. Метапредметни:

- **Регулятивни**: берашна Iемар ду шайн болх пайде долчу агIор нисбан дIабахьа. Берашна хуур ду шайн кхиамаш ган, церан мах хадо, пайдаэца. Кхачамбацарш ган, царех ларбала.
- **Коммуникативни:** берашна Iемар ду хьехархочун хаттарна жоьпаш дала, шайна оьшург хатта. Берашна Iемар ду вовшашца гIиллакхе хила, гIо-накъосталла дан.
- **Познавательни:** берашна Iемар ду книги тIехь шайна оьшу гIирс лаха, цунах пайдаэца. Бераш тIекхуьур ду хандешнашца дакъалгаш къаьстина йазйан дезарна. Берийн алсам дер ду тидам бар, ойлайар, хIума лаха лаам.

3. Личностни: берийн алсам бер бу хIума довза, дика деша лаам. ГIиллакхе а, адамалле кхочур бу уьш.

Урок дIайахьар.

I.Маршалла хаттар.

Маршалла ду шуьга хьоме бераш!

II. Дог даийтаран мур (мотиваци).

ЦIен зезаг гарманан арахь, Бай

кхолуш, тIамарца гIотту,

Тхи къегаш баьццарчу бай тIехь Кегийра

седарчий хIуьтту.

(Мамакаев I.)

-Стенах лаьцна йу хIара байт?

-Схьайазде хандешнаш. Билгалйе хан.

ЦIенайаздаран миноташ:

Оь оь Йаь йаь

ГIотту хIуьтту

II. Хаарийн актуализаци.

ЦIера болх таллар.

Шардар №257, агIо I32.

-ДIайеша текст.

-Стенах лаьцна йу иза?(Синтарх).

-Муьлха хандешнаш ду цо цу тIехь далийнарш? (Билгалзачу кепан).

-Муха хир дара уьш йогIучу хенехь хилча?

-ДIайеша урокан цIе. (Хандешнашца ***ца, ма*** нийсайаздар).

-Стенах лаьцна дуьйцур ду вай тахана? Стенна тIера дIадуьйлалур ду вай? (Бакъонна тIера).

-ХIун дан ницкъ кхочур ба аьлла хета шуна вайн?

-Бераш, вайна тахана йевзар йу хандешнашца дакъалгаш ца, ма нийсайазйаран бакъонаш.

III. Керла тема кхьехар

***Ца, ма* боху дакъалгаш хандешнашца къаьстина йазйо: ца лоху, ма ала, ца хаьа.**

- **Бакъо таллар.**

-ДIайеша I32-гIа агIон тIера бакъо.

-Муха йазйо дакъалгаш ***ца, ма*** хандешнашца?

- **Дакъалгаш хандешнашца нийсайазйаран тидам бар**

Шардар № 259, агIонаш I32-133

(Бераша шаьш кхочушдо шардар).



Тобанашкахь болх.

I-ра тоба
Къовларш дIа а йохуш дIайазйе предложенеш. *Хьалха хьажий бен ког (ма) баккха, тIаьхьа хьажий бен дош (ма) ала. Къоьллех кхарда (ма) кхарда, къинхьегамах кхера (ма) кхера. Хьалдолчунна къехочуьнгара хьал (ца) хаьа. Хьайца схьалело (ца) луудерг, нахаца дIа (ма) леладе.*

2-гIа тоба

Къовларш дIа а йохуш дIайазйе байт.

Ислам, дехках (ма) къехка, И
цхьа цуьрриг бен (ма) бац.
Цул схьаволий кхуза чехка,
Хьайн Писулиг схьалаца.

-Муха йазйина аша къовларш йукъара дакъалгаш хандешнашца?

СадаIаран миноташ.



ХIуттут

Хьехархочо цхьа дешархо гIанта охьахааво: иза хIуттут хир йу.

Хьуьнах йекаш хIуттут йу.
ХIуттут, хIуттут, жима хIуттут.
Бераш дагардан ма хIутту:
- ХIуттут, хIуттут, - боху цо.
Йалх шо цо дагар ма до.
Йуха тIемайолий, йоьду,
Кхечу диттана тIейоьду.
ХIуттут, хIуттут хаза корта,
Гаьн тIе хиъна иза Iа,
Корта хьийзош дIа а, схьа
а, Массо агIор хьажа
гIерта. ТIемаш тухий,
цIеххьана Къайлайолу и
ханна.

(Бераш хIуттутана гонах хьийза. ХIуттуто шен хаза корта гойту, дIай-схьай хьийзабо, цхьана гIанта тIера вукху гIанта хуу, хIуттут бохуш, бераш дагардо)

IV. Іамийнарг тІечІагІдар.

- **Предложенешка оьшу дакъалгаш йазйар.**

Шардар № 260 , агІо І33.

-ДІайеша хьалхара предложени. Муьлха дакъалг йазйийр йара аша оцу предложенехь? (Ца).

-Муха йазйо дакъалгаш хандешнашца? (Къаьстина).

-Билгалйаха уьш.

(Толлу йеригге предложенеш**).**

- **Берашка шайга болх байтар.** ***Шардар № 26І, агІо І33.***

Ловзаран кеп: «Дайна дош»

Лахахь далийна цІердешнашца даладе догІу хандешнаш:

Марзо …, тешам …,седа …, хьокхам …, худар …, церг …, ког …, кетар …, гІиллакх-оьздангалла …, морза … . **V. ЖамІ дар.**

-ХІун эр дара аша дакъалгаш **ца, ма** хандешнашца нийсайазйарх?

VI. ЦІахь бан болх балар.

Тестан кечамбар.

VII. Рефлекси «Сан синхаам». Дешархочо сурт схьа а оьций шен синхаамца догІучу тІегІан тІе хІоттадо.



Сой сайн ницкъах кхоччуш тешаш ву.
Суна дика ду.
Суна вон ду.
Суна тIех вон ду.

Приложен

и Тест

Вариант I

1. А) Муьлхачу шалхачу элпаша ши аз билгалдо? Буха цхьа сиз хьакха.
   Аь, чI, кх, хI, хь, кI, оь, пI, къ, тI, хI, цI, гI, чI. Б)
   Алфавитан рогIаллехь схьайазде уьш.

---

2. А) Предложенера къамелан дакъош билгалдаха, схьайазйе грамматически лард.
   Мерза кхача кечбира нанас. _____ Б)
   Цу предложенера цIердешнаш легаде (дожаршца хийца).

   _____
   _____
   _____
   _____
   _____
   _____
   _____
   _____

3. Йозанца дIайазде терахьдешнаш: I7, I9, 26, 40, 80, 30, 78, 52, 96, I00.

_____

_____

_____

_____

4. Хенашца хийца хандешнаш: лаха, саца, йеша, хахка.

_____

_____

_____

_____

5. Ма-дарра къамел сацаран хьаьркаш а йохкуш билгалдаккха.

Хьехархочо хаам бира – «Кхана сочинени йазйийр йу вай» – аьлла.

Шурел мерза хIумма а йац элира цициго Дахка лацар а дика ду хала делахь а

Вариант 2

1. А) Муьлхачу шалхачу элпаша ши аз билгалдо? Буха цхьа сиз хьакха.

Аь, чI, кх, хI, хь, кI, оь, пI, къ, тI, хI, цI, гI, чI. Б)
Алфавитан рогIаллехь схьайазде уьш.

---

2. А) Предложенера къамелан дакъош билгалдаха, схьайазйе грамматически лард.

Вешин куьг схьалецира цо._____ Б)
Цу предложенера цIердешнаш легаде (дожаршца хийца).

_____

_____

_____

_____

_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
3. Йозанца дIайазде терахьдешнаш: I4, 2I, 26, 45, 89, 34, 79, 58, 94, 99.
_____
__ _____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
4. Хенашца хийца хандешнаш: лаха, лаца, ида, гайта.
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
_____
5. Ма-дарра къамел сацаран хьаьркаш а йохкуш билгалдаккха.

Ахьмада элира Соьца футболах ловза вогIий хьо

Дош дац шура элира боргIало Дика а мерза а ду кIа йа сугIа